Халикова М.Х., Езидова М.И.

3-чу КЛАССЕХЬ НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН ДАРСАШ

Методически гІо-Іамат

Хьехархошна гІоьнна

АО «ИПК «Грозненский рабочий» – 2023

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)
ХІ7

ХІ7
Халикова М.Х.
Уроки чеченской литературы в 3 классе. Методическое руководство к учебнику «Чеченская литература. 3 класс» / Халикова М.Х., Езидова М.И. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2023. – с.
ISBN 978-5-4314-0543-3

Методически куьйгалла «Нохчийн литература. 3 кл.» Іаматца болх бечу йуьхьанцарчу классийн хьехархошна лерина ду. Куьйгалли тІехь йалийна Іаматца йогІуш йолу урокашна лерина планаш.

Методически куьйгалла догІуш ду йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца.

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)

ISBN 978-5-4314-0543-3

© Халикова М.Х., Езидова М.И., 2023
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2023
Все права защищены

Лараме хьехархой!

Методикин гІо-Іамат лерина йу Бадаева А.С., Алиева З.Л.-А. Халикова А.Х. хІоттийнчу керлачу «Нохчийн литература. 3 класс» Іаматца болх бечу хьехархошна. Кху тІехь йалийна оцу Іаматан литературица йогІу урокан планаш. Программа лерина йу кІиранах ши урок дІайахьарна.

Методикин гІо-Іаматна йукъайогІу йаьржинчу урокийн планаш а, хІора урокан Іалашо билгалйан оьшу гайтаман гІирс а, цІахь бан беза болх а. Методикин гІо-Іамат, Іаматехь болчу турпалхошца дІахьош йу. Цо аьтто бийр бу берийн литературица долу гергарло чІагІдан а, керла говзар йовзийта а.

Методикин гІо-Іамат шена чохь тайп-тайпана тІедахкарш а, дешархочунна дог-Ойла тІейерзор.на лерина ловзаран кепехь керла байташ а, Къамел шардар.на лерина керла шардарш а, дешархойн самукъадерадолчу кепара СадаІаран миноташна хІиттийна керла ловзарш а, говзар йоьшучу хенахь дешархойн аз а, йиш (ритм) а тойарна тІехьажийна, Рефлекси йар.на лерина ловзаран кепехь долу керла тайп-тайпана тІедахкарш а, карточкаш а долуш йу.

Методикин гІо-Іамата тІехь говзарш йешаран, уьш йийцаре йаран, царна талламбаран, дешархойн къамел кхиоран Іалашонца йалийна йу классал арахьара дешарна лерина урокаш. И белхаш дешархоша кхочушбан тарлуш ду тобанашца а, хІораммо ша а.

Коьрта чулацам, дешаран гІуллакх даран кепаш билгалйаьхна хІора урокана, уьш йогІуш йу йукъардешаран гергарчу хьесапехь йолчу программашца. Проектийн белхаш барна тІехьажийна масех урок а йалийна хІокху методикин гІо-Іаматехь. Цара гІо дийр ду, цІахь бан беллачу белхан гІоьнца дешархой кхетош-кхиор лакхадаккха.

Хьоме хьехархой! ХІокху методикин гІо-Іамато аьтто бийр бу аьлла хета тхуна, урокана шуьга кхоччуш кечам байта а, йийца лерина тема кхачам боллуш дІакхачо а.

Тхо даггара тешаш ду, аш бечу беркатечу, хьаналчу балха тІехь, хІокху методикин гІо-Іаматах шуна гІо а хир ду, шу кхиамийн керлачу дозанашка кхочур а ду аьлла.

Дарсан цIе: **Макалов Шамсудди. «Ларделаш латта»**

Іалашо: Макалов Ш. йазйина «Ларделаш латта» цIе йолу керла байт йовзийтар; кхетаме, нийса, шера, къастош йеша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

***Дарсан тайпа*:** ахлехамийн.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду Іалам лардан а, шен а, нехан а могашалла ларйан йезарх кхеташ хила дезий а;

Метапредметни: дешархошна Іемар ду, хьалхахIоттийначу декхаре хьаьжжина, дешаран декъехула билгалдан леринарг къасто а, цуьнан мах хадо а, и кхочушдархьама эвсаре некъ харжа а;

Личностни: байт йешначул тIаьхьа дешархошна хуур ду шаьш йешначу исбаьхьаллин говзаран мах хадо а, цунах лаьцна шайна хетарг ала а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка) цIера болх таллар.

• **Ойла тIейерзор.**

Дуьне довза лаахь хьайна,
Дика доьшуш йотта гIала.
Туьйра, байташ, дийцарш – шортта
Доьшуш хила, жима доттагI!

• **Къамел шардар.**

Аз тодеш йеш йолу упражнени.

ЦIена алар.

Ка-Ка-Ка – арахь нIаьна чIогIа йека,
Ла-ла-ла – бохуш вайга самадовла
ГIа-гIа-гIа – лаьллина дIо-о-о генна гIовгIа,
За-за-за – доьшур ду вай Іемаш ловза.

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Йешаран керла агIо дIайолош, вай дуьххьара дуьйцур ду вайн хьомечу Даймахках лаьцна. Даймехкан хаза меттигаш а йовзуьйтуш, иза (Даймохк) вайн хиларан дозалла а гойтуш, дIахьур ду вай хIара дарс.

– Схьайелла Іаматан хьалхара агІо. ДІайеша байтан цІе.

• Актуализаци.

– Бераш, вайн латтанах лаьцна хІун хаьа шуна? (Берийн жоьпаш.)

Ткъа цахуург Макалов Ш. байте ладоьгІча Іемар ду.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

ТІам бойна – тІам лазийна.

Йорт йетта – чехка лела.

Тхи (ду), тхиш (ду) – хІаваъ шелделча, бІаьста йа аьхка, баца тІе дохку хинтІадамаш.

– Берашка йоьшуьйту байт.

• Текстаца болх.

– ХІора могІанан ойла а йеш, дІайеша байт.

– Дешархочуьнга хІун кхайкхам бо поэта хІора биъмогІанехь?

– Муха ларде боху поэта латта?

– Даймохк а, латта а цхьана маьІнехь ду аьлла хетий шуна? Дийца шайна хетарг.

– Даймехкан Іаламан муьлха суьрташ гойту поэта байтехь?

Байта тІехь схьа а лахий, дІадеша и могІанаш.

– Іалам хІунда лардан деза аьлла хета шуна?

– «Латта хьаста» бохучух муха кхета шу? Шуна хезний баккхийчара олуш: лаьтта тІе довха хи ма дотта, лаьттах ира хІума ма йахийта, когаш беза ма бетта? ХІунда олу аьлла хета хьуна иштта?

– Аш хІун до Даймохк, латта лардан?

• СадаІаран минот.

Цициг-мициг мича дахна?
Дай чу дахна. (БІаьргаш меттахдоху.)
До-мо мича бахна?
Іам чу бахна. (Корта куьйгашца схьалоцу.)
Іам-мам мича бахана?
Булано мелла. (Корта меллаша хьовзабо.)
Була-мула мича йахна?
Лам тІе йахна. (Куьйгаш хьалаойъу.)

Лам-мам мича бахна?
Буьхьиго баьжна. (Меллаша когаш бетта.)
Буьхьиг-муьхьиг мича йахана?
Барзо йиъна. (ПIелгаш меттахдоху.)
Борз-морз мича йахана?
Ткъа борз... деша йахана. (Охьаховшу.)

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Белхан тептарца болх.

1. Белхан тептар тІехь «Сан Даймохк», «Сан Даймехкан хьоме меттигаш» цІе йолу жима дийцар хІоттаде.

2. Вайн Даймехкан суьрташ билгалдаха. КхидІа дерш мичара ду аьлла хета шуна?

– Йешаран говзалла кхиор. (Дешархой гІийлачу озана тІера чІогІачу озана тІе а довлуьйтуш, йоьшуьйту байт.)

• ЖамІ дар.

– ХІун девзи шуна тахана?
– Даймехкан Іалам муха ларде боху вайга?
– Аш лардийр дуй и иштта?
– Мало йан мегар дуй?

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦІера болх:

– Ш. Макаловн байт дагахь Іамайе.
– Даймахках лаций 2–3 кица йазде.
– Хьо вехачу йуьртах лаций дийцар кечде.

• Рефлекси йар. Хаамбаран кехат.

Баьццара кехат. *Суна дарс дика хийтира. Ас дика болх бира дарсехь. Суна дика кхийтира хьехархочо дийцинарг.*

Можа кехат. *Дарс самукъане дара. Ас болх бира. Мелла а пайдехь хилира суна таханлера дарс. Ас тІедиллар кхочушдира, хаттарна жоп а делира.*

ЦІен кехат. *Дарсах кІезиг пайдабелира суна. Со ца кхийтира дийцинчух. Хаттарш а, тІедахкарш а кхочушдан суна ца хаьа.*



КХЕТАМАН ОРАМ – 2 сахьт

Дарсан цIе: **Демеев Іалавди. «Кхетаман орам».**

Іалашо: Демеев І. йазйина «Кхетаман орам» цІе йолу керла байт йовзийтар; кхетаме, нийса, шера, къастош йеша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан тайпа: ахлехамийн.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна хуур ду «кхетам», «орам» дешнийн маьІна даста; Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша;

Метапредметни: дешархошна Іемар ду ойла а йеш, Іаматца болх бан, хаттаршна жоьпаш дала;

Личностни: дешархошна Іемар ду книгаш йешаран пайда ган а, адамийн дахарехь книгаш йешар оьшуш хиларх кхета а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Ойла тІейерзор.**

Лаьий, бераш, дика деша!?
Таккха шуна хаа деза,
ГІовгІа, ловзар, дог ца дар
Лалла дезий генна ара.
Йоьшуш, ойла аш йан йеза,
Дика бераш хила деза.

• **Къамел шардар.**

Цу-цу-цу, Цу-цу-цу – ас ма чІогІа дукха дуьйцу,
На-на-на, На-на-на – Іуьйранна а, суьйранна,
Аш-аш-аш, Аш-аш-аш – лекха лаьмнаш, зезагаш,
За-за-за, За-за-за – Даймохк суна дукхабеза!

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Хьехархочо доьшу «Кхетаман орам»! цІе йолу туьйра.

– Хаттаршца болх

– Книга йешар пайде хІунда ду аьлла хета шуна? Книгех дика накъост хІунда аьлла?

– «Дуьйцу Іилма таханенна ду, дІайаздинарг – гуттаренна а» (Абдулаев Леча, нохчийн поэт). Дийца, муха кхета шу оцу дешнех?

– Шуна уггар хазахеташ книга муьлханиг йу? Цунах лаций дийца.

– Тахана стенах лаьцна дуьйцур ду аьлла хета шуна вай? Муьлха Іалашо хир йу вай?

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош (Бераш, «кхетам» бохург хІун ду хаьий шуна? Кхетамца цхьаьна ду хьекъал а. Ткъа «орам» – иза хІуманан йуьхь йу. Орам ца хилча кхидерг телхий дІадолу. «Кхетаман орам» бохург стенца дусту-те вайна байт йаийтина волчу Демеев І., хьовсий вай?)

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

Кхетам кхала – кхетам хааршца кІаргбар.

Беркъа ойла (йу), ойланаш (йу) – тиша, беса ойла.

• СадаІаран минот.

– Схьагарехь, шу кІадделла!
– ДогІмаш нисдеш, хьалагІовтта.
– Куьйгаш бертахь хьалаайъа,
– ГІезаш санна, гІовгІанаш йе "гІа-гІа-гІа",
– ТІаккха гІовгІа сацайе,
– Когаш жимма меттахбаха,
– Дика доьшур ду вай тІаккха!

• Текстаца болх бар.

Бераш, «Кхетаман орам» стенца гойту вайн байтан автора?

– Книгаша дахар хаздо боху поэта. Муха хаздо аьлла хета шуна дахар книгаша?

– ХІокху дешнех муха кхета шу? МаьІна де церан.

Книгаш йоьшуш вай ца хилча
Хир йу беркъа ойланаш.
Іер-дахар вайн хир ду ирча,
Совйуьйлур йу гІайгІанаш.

• Іамийнарг тІечІагІдар..

– «Хаарш-Зер» рубрикица болх.

– Киншкел хьалха нохчийн хIун хилла? ХIун дIайаздеш хилла цара цу тIе?

– Киншкаш йешча хьекъале хIунда ккуьу аьлла хета шуна?

– «Дуьнен чохь уггар хьекъалечу нахаца къамеле вийларал мехала хIун хир ду?» (Лев Толстой – оьрсийн йаздархо). ХIокху дешнийн маьIна де. «Къамеле вийлар» бохучух муха кхета шу?

– Шун дехаш долчу меттехь йуй библиотека? Хьо дIайазвеллий цига?

– Белхан тептарца болх.

– Киншкех лаьцна муьлха хьекъале дешнаш дагахь дисина шуна? Белхан тептар тIе схьайазде уьш, церан маьIна а деш.

– Белхан тептар тIе дIайазйе шайна хазахетта киншкийн цIераш, церан турпалхой. ХIунда хаьржина аш уьш?


• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Демеев I. байт дагахь Iамайе.

– Хьекъалечу наха йешаран пайда гойтуш аьлла дешнаш Iамаде.

• Рефлекси йар. («Даймохк» дашах кластер хIоттор.)



ГУЬЙРЕ – 3 сахьт

Дарсан цIе: **Гацаев СаьIидан кхолларалла. «ДогIа догIуш ду»**

Iалашо: Гацаев С. кхолларалла а, цо йазйина «ДогIа догIуш ду» цIе йолу керла байт а йовзийтар; кхетаме, нийса, шера, къастош йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду гуьйренан муьран хийцамаш бовза; Іемар ду текстан коьрта ойла йовза;

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан;

Личностни: байт йешначул тІаьхьа, дешархошна хуур ду гуьйренан хийцамаш муха бу а, гурахь Іалам муха хуьлу а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Моза беъна хьошалгІа,
дохьуш вайна мерза моЗ
З-з-З! З-з-З!
Куьйга тІе а хиъна, деш бу иЗа
З-з-З! З-з-З!
Кхерабелла иза, баха генна хьийЗа
З-з-З! З-з-З!

• **Гуьйренах болу хаамаш шорбар.**

– Гуьйренан суьрташ а долуш презентаци гайтар.

– Муьлхачу басаршца гайтина суртдиллархочо гуьйре?

– Муха хетало дагна и сурт гича?

– Муха гуш ду гаьннаш тІехь гІаш?

– Муха ойла кхоллало суьрте хьаьжча? (Берийн жоьпийн мах хадабо хьехархочо.)

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 18-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь?

– ХІун хаа деза вайна оцу говзарх лаьцна? Вайн дарсан коьрта Іалашо – Гацаев С. кхолларалла а, цо йазйина «ДогІа догІуш ду» цІе йолу керла байт а йевзар йу.

• **Актуализаци.**

– *Хьехархочо Гацаев С. кхолларалле боцца хаам бо.* (Гацаев СаьІид вина 1938-чу шеран гІуран беттан 2-чу дийнахь Веданан

кIоштарчу Дишни-Веданахь ахархочун Асланбекан доьзалехь. Гацаев СаьIид стихаш йазйан волавелла ша школехь доьшуш волчу хенахь. Шен поэтически корматалла кхиарехь беркате хилла лору цо нохчийн фольклор, оьрсийн, малхбале къаьмнийн лирика, Пушкинан, Блокан, Есенинан кхолларалла.)

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

– Берашка йоьшуьйту байт.

• Нийса а, шера а йешарехь болх бар.

– ДогIа догIуш хIун дог-ойла хуьлу шун? (сингаттаме, гIайгIане).

– Ткъа догIанах лаьцна байт йоьшуш, муьлхачу озаца йеша йеза? (ГIийлачу, лахдинчу озаца.)

ГIийлачу, лахдинчу озаца берашка байт йешийтар.

• Текстаца болх бар.

– Гацаев С. байт йоьшуш, хIун синхаамаш кхоллабели шун? (Хазахетар, халахетар, гIайгIа?) ХIунда кхоллабели шун иштта синхаамаш? Дийца.

– Iаламан муьлха хан йу байтехь йуьйцуш? Стенах хиира шуна и?

– Уггар сингаттаме Iаламан хан муьлха лору? ХIунда хета и хан сингаттаме, дийца.

– «Iалам доьлху» бохучух муха кхета шу?

– Шуна гиний кхокха догIа догIучу хенахь? Муха хуьлу и, тидам биний аш?

– Гуьйранна дIа ца доьлхуш кхин хIун олхазарш девза шуна?

• СадаIаран минот.

Гой шуна, полла тIемаш лестош,
Зезагаш бу дагардеш.
Куьйгаш-тIемаш ластаде цунна,
– Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ (ПIелгашца дагардо.)
Зезагаш ма хаза техка.
Дийнахь, кIирнах, бетта чохь (Куьйгаш тоха.)
Йалх, ворхI, бархI, исс, итт (ПIелгашца дагардо.)
Зезагийн тхи муьйлуш, (Когаш меттахбаха.)

Полла боккха хир ма бу. (Куьйгаш тоха.)

• Белхан тептарца болх.

• Лахахь дІайазйинчу байтан тІе ца тоьу дешнаш дІайазде, Іамат тІе а хьожуш.

ДогІа догІуш ду
ДогІа _____ ду, догІуш ду. (ДогІуш.)
Іалам доьлхуш ду, _____ ду. (Доьлхуш.)
_____ саццаза, саццаза, (Саццаза.)
Ца Іа белхаза, _____. (Белхаза.)
Цунна _____, хІун дер-те? (ХІун дер-те.)
_____ дер-те, гІо дер-те? (Муха гІо.)
_____ белийта, белийта, (Иза).
ПаргІатбалийта, _____. (ПаргІатбалийта.)
Саца, догІа, хьо, _____, (ДогІа, хьо.)
Дукха догІу хьо, _____. (ДогІу хьо.)
_____ делхадо, делхадо, (Іалам.)
Дог ахь _____, дохадо. (Дохадо.)

• ЖамІ дар.

– Стенах лаьцна йу Гацаев С. йазйина байт?
– Шеран муьлха мур дагабогІу и байт йешча?
– Аш Іамийний гуьйренах лаьцна хІумма а?

• Берийн хаарийн мах хадор.

• ЦІера болх:

– Гацаев С. байт дагахь Іамайе.
– И байт йешча шайн кхоллалуш долу сурт дилла.

• Рефлекси йар.

Дешархойн стоьлаш тІехь бес-бесара стоьмаш бу. (ЦІениг – дарс дикахетар билгалдоккхуш, можаниг – дарс дика а хетта, амма Іамийначух дикка кхетта ца хилар гойтуш, баьццарниг – дарсехь хаза ца хилар, шена хІумма а кхетта цахилар гойтуш). Оцу стоьмашца берашка дарсан мах хадабойту.





Дарсан цIе: **Сакаева Мадина. «Йац хьо, гуьйре, дагна чевне».**

Іалашо: Сакаева Мадинин кхолларалла а, цо йазйина «Йац хьо, гуьйре, дагна чевне» цIе йолу керла байт а йовзийтар; кхетаме, нийса, шера, къастош йеша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан тайпа: ахлехамийн.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду гуьйренан билгалонаш йовза а, гурахь хуьлуш болу хийцамаш къасто а;

Метапредметни: дешархошна хуур ду гІалат доцуш, къастош, шера йеша; Іаматца болх бан;

Личностни: байт йешначул тІехьа, дешархошна хуур ду гуьйренан хийцамаш муха бу а, гурахь Іалам муха хуьлу а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.** (Уьн тІехь дІайаздо шера алар)

Гу-Гу-Гу – арахь вайна шеллуш йу.
Гуь-Гуь-Гуь – гІийла догІа догІуш ду.
Гуьй-Гуьй-Гуьй – Іалам можа гуш ма ду.
Ре-Ре-Ре – муьлха хан йу арахь йерг?

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Бераш, уьн тІе хьовса, тІаьххьарчу шина могІанехь долу дешдакъош йуха а деший, уьш вовшахтаса хьажа. Муьлха дош кхолладели шун? (Гуьйре.) Стенах лаьцна хир ду аьлла хета шуна вай таханлера дарс?

– Гуьйренах. Нийса боху.

– ХІун девзар ду, хІун Іемар ду вайна тахана?

• **Актуализаци.**

– Хьехархочо боцца хаам ло Сакаева М. кхолларалле лаьцна.

– Дешархошка йоьшуьйту байт.

– ГІалаташ нисдо хьехархочо.

– Дошамца болх.

Ткъов (йу), ткъевнаш (йу) – догIанца цхьаьна догIу ло.

Ткъевне – йочане.

Чевне – лазаме.

Меда – кIеда (хилла стом).

Кока (ду), коканаш (ду) – сийна-Iаьржа кегий стоьмаш довлу кондар.

– Берашна хозуьйтуш, хьехархочо ша йоьшу байт.

• Текстаца болх.

– Байто хIун сихаамаш кхуллу шун?

– Гуьйре сингаттаме хан йу алахь а, «Гуьйре беркате хьаша йу», олуш кица ду вайн. Дийца хIунда йу гуьйре беркате?

– «ЦIока тилла» бохучух муха кхета шу? Дошамах пайда оьцуш, маьIна де оцу дешнийн.

– ХIокху дешнех муха кхета шу? МаьIна де церан.

«Хьо, сан гуьйре, хиларх ткъевне,
Йац хьо дагна цуьрриг чевне».

– Муьлха рифманаш йалийна поэта хIокху байтехь? Билгалйаха.

• СадаIаран минот.

БIаьргаш, БIаьргаш, меттахдовла, (БIаьргаш бетта.)

Корехула хьовса шу, (Аьтту а, аьрру а агIор хьажар.)

ЭхI, ма генахь бу и малх (Ирх хьовса.)

Цуьнга хьоьжуш лаьтта лам.

БIаьргаш хIинца аш дIакъовла, (Кхузахь дIакъовлу бIаьргаш.)

Са а даIий, охьаховша.

• Белхан тептарца болх.

– Схьайелла тептаран 6-гIа агIо. Кхочушде тIедиллар.

1. «Блуман кIайдарг» хIоттор.


Хаттаршна жоьпаш кIайдарган йукъа дIайазде.

1. Атта хаттар: Муха хуьлу гуьйре?

2. ДIанисдаран хаттар: Гуьйренан хийцамашна йукъадогIий диттийн гIаш маждалар?

3. Интерпретационни хаттар: ХIунда хуьлу гурахь сингаттаме, амма беркате?

4. Кхолларалли хаттар: ХIун хир дара гуьйре шеран хенаш йукъара дIайаьлча?



5. Мах хадоран хаттар: Шуна хIун аьлла хета, дика ду йа вон ду гуьйре хилар?

6. Практически хаттар: Аш а, шун гергарчара а хIун пайда бо гурахь? Хазахетий шуна гуьйренан денош?

2. Гуьйренан сурт дилла.

• ЖамI дар.

– Хазахийтин шуна байт?

– Муьлха хан йара вайна тахана йевзинарг?

– ХIун хийцамаш бу гурахь берш? (ДогIа, сингаттам, шело, мажделла гIаш.)

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Дагахь Iамайе Сакаева Мадинин байт.

– Гурахь шайн бешахь долчу диттийн хIун хийцамаш хуьлу дийца.

• Рефлекси. (Шайна хеташ долчу дешнашца алам чекхбаккхар.)

• Суна тахана дарсехь девзи …

• Ас сайна кхин а Iамо деза …

• Суна дарсехь тахана хазахийтира …

• Дарсехь кхин а дика хир дара …

Дарсан цIе: **Хасаев Хьамзат. «Шийла Iуьйре».**

Дарсан Iалашо: Хасаев Хь. йаздина «Шийла Iуьйре» цIе йолу дийцар довзийтар; «ЧIегIаг» олхазар довзийтар; кхетаме, нийса, шера, къастош йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан тайпа: гайтаран.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: берашна хуур ду «ЧIегIаг» олхазар довза; хуур ду говзаран чулацам бийца.

Метапредметни: берашна хуур ду Іаматан а, хьехархочун а хаттаршна нийса а, дуьззина а жоьпаш дала.

Личностни: говзар йешча, берашна хуур ду «ЧІегІаг» олхазар кхечу олхазарех къасто а, цуьнан амалан дика агІонаш йовза а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

– МеттахІоттайе текст

Су____ ди___ деш___ лаьа ____ Суна дика деша лаьа
Дика дотта____ хи____ лаь. Дика доттагІ хила лаьа.
ГІов____ йоцуш, тийна Іаш ГІовгІа йоцуш, тийна Іаш
Док___р ду ас тахна ___. Доккхур ду ас тахна пхиъ.

• **Іалашонаш йовзийтар**

– «ЧІегІаг» долу суьрташца презентаци гайтар.

• **Берашка хаттарш далар.**

– ХІун го шуна уьн тІехь? (Хьоза.)

– Цуьнан цІе хІун йу хаа лаьий шуна?

– Вайн дІадаханчу дарсехь дийцинарг шуна гинчу суьртех тера дуй?

– ТІаккха вай стенах лаьцна дуьйцур ду тахана?

– ХІун Іалашо хІутту вайна хьалха?

• **Актуализаци.**

– *Хьехархочун дош (Авторх боцца хаам ло хьехархочо.)*

– *Хьехархочо доьшу дийцар.*

– *Дошамца болх.*

КІац (йу) – баца тІехь гІорийна тхи.

ЧІегІаг (йу), чІегІагаш (йу) – тІема тІехь кІайн месаш йолу жима олхазар.

МоггІара – нийса рагІ йина.

Малхбалехьа (йу) – малх схьакхета агІо.

Кол (йу), коьллаш (йу) – лаьттах хьалайолу, лоха, луьста орамат.

Маккхал (йу), маккхалш (йу) – деха тІемаш долу олхазар (коршун).

Шоршал (йу), шоршалш (йу) – хьуьнхахь декаш долу олхазар.

– Берашка доьшуьйту дийцар.

• СадаIаран минот.

Жимма тхо гIелделла,
СадоIур ду меллаша.
Хьовза, куьйгаш ойъуш лекха,
ТIаккха когаш тоха сиха.
Цхьаъ, шиъ, кхоъ,
ДоттагIчунна велало.
Цхьаъ, шиъ, кхоъ,
Дика деша сих а ло.

• Текстаца болх.

– Муха хуьлу шийлачу Iуьйранна олхазарийн дахар?

– ХIун бахьана ду Органна тIехула долчу серашна тIе олхазарийн гулдаларан?

– ЧIегIаг – и хIун олхазар ду? Муха ду и? Хьуна гиний?

– ХIун амал гайтина хIокху дийцар тIехь чIегIаган? ЧIегIаган «хьекъал» муха гучудели? ДIайеша и меттиг.

– ЧIегIаго муха орца доккху шен «накъосташка»?

– Аш хIун цIе туьллур йара дийцарна? Дийца, хIунда.

• Белхан тептарца болх.

– Схьайелла тептаран 7-гIа агIо. Кхочушде тIедиллар.

1. «Шийла Iуьйре» дийцарна йукъара Iуьйре шийла хиларан билгало гойту алам схьайазбе.

2. Суьрташна йукъахь схьалаха чIегIаган сурт.

• ЖамI дар.

– Керла хIун девзи вайна?

– ХIун ойла кхоллайели шун хIара дийцар доьшуш?

– ЧIегIаго санна орца доккхур дуй аш шайн накъосташна?

• Белхан мах хадор.


• ЦIера болх:

– Дийцар деша.

– Олхазарийн амалш гойтуш, шайна девзачу олзазарх лаций жима дийцар йазде.

• **Рефлекси.**

«Дог-ойланан кехаташ». (Берашна доькъу цIен а, можа а, Iаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъдалар; цIен кехат – дог ца дар; Iаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераш).



Дарсан цIе: **Сулейманова Зайнап. «ГIаргIулеш»**

Дарсан Iалашо: Сулейманова Зайнапан кхолларалла а, цо йазйина «ГIаргIулеш» цIе йолу керла байт а йовзийтар. Гуьйренах долу хаарш совдахар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан тайпа: ахлехамийн.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; гуьйренах долу хаарш алсамдевр ду.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна Iемар ду шайн ойла йовзийта а, йешаран а, ойла – йаран а пайда ган а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

«Дешнех ловзар»

Деша дешнаш меллаша, тIаккха деша сихха.

РОС – БОС – КОС

ЧЕК – РЕК – ШЕК

СОМ – КОМ – МОМ – ЛОМ – ШОМ

ДОШ – МОШ – РОШ – ПХЬОШ

• ХIинца ловзарехь деша и дешнаш: хьалхара могIа – чIогIа, шолгIа могIа – гIийла, кхоалгIа – меллаша, боьалгIа – сихха.

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар

Хьо доьдуш бовхачу новкъахь
Халкъашка маршалла лолахь,
Ирс долчу Кавказан махкахь
Машарна къахьогу аьллахь. (Сулейманова З.)

– Шеран муьлхачу заманна лерина йу и байт?

Бераш, шуна хІун аьлла хета, таханлера дарс стенах лаьцна хир ду вайн?

Аш делла жоп нийса дуй хьовсий вай? Интерактиван уьн тІехь гуьйренах а, гІаргІулеш бовхачу махка дІайоьлхуш долу а суьрташ гойту хьехархочо.

– Бераш, вайн дарсан Іалашо муха хила йеза?

– Дешархошка схьаолуьйту Іалашо.

• Актуализаци.

– Хьехархочо боцца хаам бо Сулейманова Зайнапан кхоллараллех лаьцна.

– Дешархошка йоьшуьйту байт.

– Хьехархочо ша йоьшу берашна хозуьйтуш, церан гІалаташ хилахь, уьш нисдан дезий а хоуьйтуш.

– ХІора бІогІамалг боьшуьйтуш, чулацаман кхетам ло.

– Берашка шаьш ца кхета дешнаш схьайаздойту шайн тетрадаш тІе, царах кхетам а ло.

• СадаІаран минот.

Сихо йейша, хьалагІовтта.
Куьйгаш лекха хьалаайъа.
Нийса дуй-те хьовса уьш,
Кема санна хьовзадеш.
ТІаккха сиха охьахеца,
Охьаховша, деша деза.

• Нийса а, шера а йешарехь болх бар.

– ГІаргІулеш Даймахках къаьсташ хІун дог-ойла хуьлу шун? (сингаттаме, гІайгІане).

– Шело тІейогІуш, бовхачу махка дІайоьлхучу гІаргІулийн Іодика йеш, байт муьлхачу озаца йеша йеза? (ГІийлачу, лахдинчу.)

• ГІийлачу, лахдинчу озаца берашка байт йешийтар.

• Белхан тептарца болх.

– Схьайелла тептаран 7-гІа агІо. Кхочушде тІедиллар.

– МогІанаш нийса цхьаьнатаса лахахь санна.

ГІаргІулеш къилбехьа йоьлху,
Декадеш гІайгІане аз.
Хетало: шун дегнаш доьлху,
Лаамаза йуьтуш Кавказ.

ДІаоьху исбаьхьа ковра,
Даймехкан Іодика йеш,
Кхолламо йазбиначу новкьахь,
Сийналлехь узамаш беш.

• **«Хаарш-Зер»** цІе йолчу рубрикица болх

– Гуьйренах лаьцна керла хІун девзи шуна?

– Гуьйренах лаьцна муьлха дийцар я стихотворени хазахийтира шуна, хІунда хазахийтира? Дийца.

– Гуьйре сингаттаме хан хІунда лору аьлла хета шуна?

– Гуьйре сингаттаме хиларан билгалонаш йалайе.

– Шайна девзина керла дешнаш схьадийца.

– Нохчашна гуьйре муьлхачу хенахь йолалуш хилла? Билгал оцу дийнахь хІунда йолалуш йу нохчашна гуьйре?


– «Беркате хьаша» хІунда олу гуьйренах?

– Гуьйренах дийцар хІоттаде

– Белхан тетарадь тІе нохчийн маттахь гуьйренан беттанаш дІайазде

– Шеран муьлха хан хазахета хьуна, дийца, хІунда хазахета.

• **ЖамІ дар.** *«Гуьйре» дашах кластер хІоттайойту.*



• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**

• **ЦIера болх:**

– Сулейманова Зайнапан байт дагахь Іамайе.

– Бовхачу махка дIайоьлхучу гIаргIулийн Іодика йеш масех алам йазбе.

• **Рефлекси.** Цхьа фраза къастайе хьайна уллехь Іачу дешархочух лаций.

– Хьо дика дешархо ву!

– Со реза ву/йу ахь биначу балхана

– Хьайна лиъча кхин а дика болх балур бара хьоьга.

БЕРИЙН ЙАЗДАРХОЙ – 4 сахьт

Дарсан цIе: **Гайсултанов Іумар. «Іалам хаздан деза»**

Дарсан Іалашо: дешархошна берийн йаздархо Гайсултанов Іумар а, цо йаздина «Іалам хаздан деза» цIе йолу дийцар а довзийтар; кхетаме, нийса, шера, къастош деша Іамор;

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду берийн йаздархой бовза а, Іаламан хазалла йовза а.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду дийцаран Текстаца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду, берийн йаздархой къасто а, Іалам хаздеш долу хIуманаш довза а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

«Чехкааларца болх».

«Чопа – чоьлпи чохь, чоьлпа – чорпи чохь».

1. Дешдакъошца деша чехкаалар.

2. Жимма сих а луш, деша чехкаалар.

3. Дуьйлалуш сиха, йешна довлуш болар лах а деш, деша чехкаалар

4. Чехкаалар санна деша.

• Мотивацехула Актуализаци.

– Бераш, вайна йеша а, Іамо а байташ, дийцарш, туьйранаш кхуллуш берш муьлш бу хаьий шуна? (Йаздархой бу.) Ткъа йаздрхой тайп-тайпана ма хуьлу. Масала: «берийн йаздархо» олуш хезний шуна цкъа а? Ца хезнехь, вайн доттагІий ЧІирдиг а, Дошлиг а ву тахана вайна уьш бовзийта гІерташ. Цара хІун боху хьовсий вай? (Хьехархочо доьшу «Берийн йаздархой» туьйра.)

– Ма дика ду-кх вайн доттагІий болуш, ма хьекъал долуш бу-кх уьш. Шуна лаьий иштта хьекъал долуш хила? ХІун дан деза иштта хила? Ткъа лерина берашна байташ, дийцарш, туьйранаш йаздечу йаздархойх хІун ала деза боху вайга Дошлига? Уьш бу берийн йаздархой. Тахана вайна вевзар ву берашна говзарш йазйеш, вайга дика дешийта уьш вайна схьайаийтина волу Гайсултанов Іумар.

– Хьехархочо боцца хаам ло Гайсултанов І. кхолларалле лаьцна.

• Керла хаарш дІакхачор.

– Хьехархочо доьшу дийцар.

– Дошамца болх.

Синтар (ду), синтарш (ду) – жима дитт.

Шарвала волавалар (ду) – къамелана тІера хилар, къамел дан лаам хилар.

ДІатевира – дІасацийра, ала дош доцуш витира.

Гома хьаьжира – реза воцуш хьаьжира.

Девзиг (ду), девзигаш (ду) – арахь хьокху генех бина нуй.

ХІо (ду) – хІаваъ (воздух).

– Берашка доьшуьйту дийцар

• Текстаца болх бар.

– Ризвана, Решида хІун дира? Муха ши кІант хета шуна уьш?

– ЯрагІи муха амал йолуш гайтина йаздархочо? Шу реза дуй цо лелочунна?

– «Шарвала воллучу» бохучух муха кхета шу?

– Воккхачу стага Таймасхас хІун хьехар до кІенташна?

– «Іалам хаздан деза» аьлла дийцарна цІе хІунда тиллина аьлла хета шуна йаздархочо?

– Муха хаздеш хуьлу Іалам?

– Аш доьгІний синтарш? Муьлха синтарш ду шу цІахь, муха Іалашдо аш уьш? Дийца.

– Іаламехь хІун хийцам хуьлу синтарш доьгІча, дитташ кхиийча?

– Таймасхас Іалам стенца дусту? Схьа а лахий, дІадеша и дешнаш.

• СадаІаран минот.

БІаьргаша вайн садаІа деза.

(Дешархоша бІаьргаш дІакъовлу.)

Доккха са а даккха деза.

(БІаьргаш къевлина а болуш, бераша доккха са доккху.)

БІаьргаша го тосур бу, кІаддалар дІадер ма ду.

(Къевлинчуьра бІаьргаш схьа а боьллий, цаьрца го боккху.)

ХІинца-м цара сан садаьІна.

(БІаьргаш шуьйрра схьа боьллу, йуха дІакъовлу.)

Гур ду хІинца-м дерриг царна!

(Дешархой самукъане белало.)

• Белхан тептарца болх.

– Схьайелла тептаран 8-гІа агІо. Кхочушде тІедиллар.

1. Гайсултанов Іумарх лаьцна хІун хиира хьуна? Хаттаршна жоьпаш ло.

Дуьнен чу маца ваьлла Гайсултанов Іумар? 1920-чу шарахь

ХІун дийцарш, повесташ йазйина цо? «Іалам хаздан деза», «БІоба эккхор», «Сема лергаш», «ЧІегІардиган бен», кхидерш а.

Іумарна литература марзйинарг мила йара? Денана Себибат

2. Лахахь долчу суьртех Гайсултанов І. билгалдаккха.

• Шера а, нийса а йешар кхиор.

(ГІийлачу озана тІера чІогІачу озана тІе а довлуьйтуш, дийцаран цхьацца кийсак йоьшуьйту берашка.)

• ЖамІ дар.

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– Синтарш дер дика гІуллакх ду аьлла хетий шуна?

– Хазахийтин шуна дийцар?

– Аш муха лелор ду шайн цIера синтарш?

• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**

• **ЦIера болх:**

– Гайсултанов І. кхолларалла а, дийцар а деша.

– Дийцар маьІне хьаьжжина дакъошка декъа. ХІора декъана цІе тилла.

• **Рефлекси йар.**

Дарс чекхдолуш шайн дог-ойла муха йу хьаьжжина басарде хІокху суьртех цхьа сурт.



Дарсан цІе: **Саракаев Хьамзат. «Дика кІант Муса»**

Дарсан Іалашо: дешархошна Саракаев Хь. кхолларалла а, цо йазйина «Дика кІант Муса» цІе йолу байт а йовзийтар;

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду дика а, вон а довза а; къинхьегаме хила а, шен Даймахкана а, халкъана а пайде хила а.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду кхетаме, нийса, шера йеша; говзаран Текстаца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду къинхьегам бохург хІун ду а, дика а, вон а къасто а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

За-За-За – диттийн хаза … (заза)

Зу-Зу-Зу – кІохцалгш ира … (зу)

Ба-Ба-Ба – бешахь йолу мерза … (хьайба)

Ка-Ка-Ка – олхазарш кертахь …. (дека)

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар.

Сох, нана, теша,
Йер йу со хІинца беша,
Со гІуллакх далла
ХІинца ма хилла.
Охкур ду латта, ахьачул атта.
Хьо паргІатйала,
Сан-м бай хьан бала. (Демеев І.)

– Бераш, хІокху байтан автор Демеев Іалавди ву. ХІун маьІна ду оцу могІанийн?

Хьаьнга бохуш ду и дешнаш?

ИКТ-у тІехь къинхьегаман гІирсийн суьрташ гайтар. (Латта оху гІирс.)

– Бераш, стенна оьшу вай гайтина гІирс?

– Стенах лаьцна дуьйцур вай?

• Актуализаци.

– Саракаев Хь. кхолларалле лаьцна хьехархочо боцца хаам ло.

– Хьехархочо йоьшу «Дика кІант Муса» цІе йолу байт.

– Дошамца болх. бар.

Алкханч (йу), алкханчаш (йу) – Іаьржа мас йолу, дека олхазар.

Тускар (ду), тускарш (ду) – серех йуьйцина, хІума чу йилла йина коьчал.

Бел (йу), белаш (йу) – латта охку гІирс.

– Берашка йоьшуьйту байт.

• СадаІаран минот.

«Мила ву тхан цІа чохь Іаш?»

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, (Куьйгаш тоха.)

Мила ву тхан цІа чохь Іаш? (Шаьш лаьттачохь когаш бетта.)

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ, (Шаьш лаьттачохь меллаша кхийсало.)

Дада, нана, йиша, ваша,

Цициг, Дошлиг, ЧІирдиг а. (Шаьш лаьттачохь когаш бетта.)

ДоттагІий сан шортта бу, (Аьтту, аьрру агІор дегІ саттадар.)

Бертахь дехаш тхо Іийр ду. (Куьйгаш тоха.)

• Текстаца болх бар.

– Жимачу Мусан муьлха дика амалш йуьйцу байтехь? ХІун до цо дика хила?

– Алкханч – иза муьлха хьоза ду, дагадаийта 2-чу классехь шаьш Іамийнарг.

– Лулахоша дика хІунда вуьйцу Муса?

– Мусах масал эца мегар дуй вай? ХІунда?

– Мусас деш долу гІуллакхаш аш дой?

• Белхан тептарца болх.

• Дика хила хІун дан деза? ДІайазде тептар тІе.

• Саракаев Хьамзатах хаттаршна жоьпаш ло.

Маца дуьнен чу ваьлла Саракаев Хьамзат? 1927-чу шарахь.

Цуьнан да мила хилла? Журналист

Нана? Журналист

Саракаев Хьамзата йазйинчу говзарийн цІераш дІайазйе. «Шира гІап» а,

«Ширачу гІопехь» а, «Эдалханан некъаш» а, кхийерш а.

– «Дика кІант Муса» байта тІерачу кІанта хІун дика гІуллакхаш до?

– Ахь хІун дика гІуллакхаш до чохь а, арахь а, ишколехь а?

– КІантана йа йоІана дика ву йа йу олуьйтуш дерш кхин хІун гІуллакхаш ду?

• ЖамІ дар.

– Муха хийти шуна вайн дарс?

– Къинхьегаме хилар муха билгало йу?

– Дика амалш вочарех муха къасто йеза?

– Аш дийр дуй дуккха а дика гІуллакхаш?

• ЦІера болх:

– Хь. Саракаевн кхолларалла йеша.

– «Дика кІант Муса» цІе йолу байт дагахь Іамайе.

• Рефлекси йар.

Эмоционалне-мукъаман чаккхе. Берашна ши мукъам хозуьйту. Сингаттаме а, самукъане а. Дешархоша шаьш къастабо, дарс чекхдолуш, шайн дог-ойланца богІу мукъам.

Дарсан цIе: **Кагерманов Докка. «Маьлхан хIуш»**

Дарсан Іалашо: дешархошна Кагерманов Д. кхолларалла а, «Маьлхан хIуш» цIе йолу байт а йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан тайпа: ахлехамийн.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошн гIиллакхех долу хаарш алсамдевр ду; керла ораматан цIе а Іемар йу.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду, интонаци а ларйеш, шера йеша;

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Гуьйре, Гуьйре схьакхаьчна
ГIаш ду гIийла охьаоьгуш.
Гуьйре, Гуьйре – можа Гуьйре,
ГIенаш ду хьох мерза, хьоме.

ДIайеша чIогIачу аьзнашца. ДIайеша меллаша. ДIайеша сиха.

• **Дешархой балхана йукъабалор.**

ЦIен зезаг гарманан арахь,
Бай кхолуш, тIамарца гIотту,
Тхи къегош баьццарчу бай тIехь
Кегийра седарчий хIуьтту. *(І. Мамакаев)*

– Бераш, шеран муьлха мур бу байтан автора буьйцург?

– БІаьстенан мур бу.

– Муха гІотту боху зезаг?

– И зезаг санна, вайн хаарш совдаха, тахана гІовттий вай?

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 36-гІа агІо. Муьлха байт йу цу тІехь?

– Мила ву байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

– Вайна тахана Кагерманов Доккин кхолларалла а, цо йазйина «Маьлхан хIуш» цIе йолу байт а йевзар йу. Керла хаарш а хир ду вайн.

• Актуализаци.

– Хьехархочо дуьйцу Кагерманов Д. кхолларалле лаьцна.

– Берашка йоьшуьйту Кагерманов Д. кхолларалле лаьцна агIо.

– «Маьлхан хIуш» цIе йолу байт йешийтар.

– Дошамца болх.

• СадаIаран минот.

«Со ловзу»

Суна буьркех ловзуш хазахета, (Буьркех тухуш санна когаш ластадо.)

Сиха вадар дукхадеза, (Довдуш санна кеп йо.)

Кема хоьхкуш, ловзу со. (Куьйгаш, кема хохкуш санна, лестадо.)

ДIахьабаргех ловзу со. (БIаьргаш куьйгашца дIакъовлу.)

Бераш, тхоьца шу а ловза,

Са а даIий, охьаховша.

• Текстаца болх.

– Шуна гиний цкъа а маьлхан хIуш?

– Куц хаза зезаг хиларал сов вайна хIун пайда ло цо?

– «Маьлхан хIуш» хIунда аьлла хета шуна оцу зезагех?

– «ХIуьнна дуьхьал эзар луш» бохучух муха кхета шу?

– Муха сурт хIоттадо йаздархочо оцу зезаган?

• Белхан тептарца болх.

• Дика хила хIун дан деза аьлла хета шуна, дIайазде белхан тептар тIе.

• Лахарчу суьртех Кагерманов Доккин муьлха ду?

• Дуьнен чу маца ваьлла йаздархо? 1933-чу шарахь

ХIун говзарш йазйина цо? «Лаьмнашкахь бIаьсте», «БIастенан беш», «Iимран а, цуьнан доттагIий а».

• «Маьлха хIуш» байтана сурт дилла.

• ЖамI дар.

– Стенах лаьцна дийцира вай?

– Шуна хазахета шеран мур муьлха бу?
– «Маьлхан хIуш» стенах тера хета шуна?

• ЦIера болх:
– Дагахь Iамайе «Маьлхан хIуш» цIе йолу байт
• Рефлекси йар.
«Бозбуунчаллин гIаж».
– Сайна карайахь Бозбуунчин гIаж ас цуьнга гIо де эр ду … (Хьанна?)



Дарсан цIе: **Махмаев Жамалди. «ГIоралгаш»**
Дарсан Iалашо: дешархошна Ж. Махмаевн кхолларалла а, цо йаздина «ГIоралгаш» цIе йолу дийцар довзийтар.
Дарсан кеп: керланиг Iамор.
Дарсан тайпа: ахлехамийн.
Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.
Кхочушдан лору жамIаш:
Предметни: дешархошна Iемар ду тешам бохучу дешан маьIна, гIиллакхех хаарш а алсамдевр ду.
Метапредметни: дешархошна Iемар ду Текстаца болх бан, ойла йан.
Личностни: дешархошна хуур ду тешаме хилар – иза адамийн дикачу амалех цхьа дакъа хилар.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)
• Къамел шардар.

МитIи-митIи-митIи-мот
Къамел де ахь шера мотт.

Соьца ала: Цо-цо-цо-цо
Арахь гуш ду хаза ло.
ТIаккха ала: Го-го-го-го
Лайлахь ловзуш бераш го!

• Дарсан Iалашонаш йовзийтар.

Вон, дика бохучух муха кхета шу? *Тешам* бохург хIун ду?

– Делахь вай шуна тахана довзуьйтур ду тешаме, гIиллакхе адамаш муха хуьлу.

– Схьайелла Iаматан 37-гIа агIо. ДIадеша хIун йу вайн дийцаран цIе? Мила ву цуьнан автор?

• Актуализаци.

– Хьехархочо йовзуьйту Ж. Махмаевн кхолларалла.

– Берашка роггIана дошуьйту дийцар.

– Дошамца болх.

ГIоралг (йу), гIоралгаш (йу) – морожни.

БIаьргаш тIебуьйгIира – леррина хьаьжира.

Хьанал – цIена, къа доцу.

• Текстаца болх.

– Тешаме стаг муха хила веза?

– Мархица ловза баьхкинарш муьлш бара?

– Новкъахь мила гира царна?

– Воккхачу стеган киснара охьаэгначу кехаташна хIун дира бераша?

– Муслима шегара кехаташ дIа хIунда ца делира аьлла, хета хьуна?

– Воккхачу стага хIун совгIаташ дира берашна?

– Муслима совгIат дIа хIунда ца ийцира?

– ХIун дан дезара Муслима шен гIалат дIанисдан?

– Нехан хIуманна тIекховдар бахьанехь шена хила мегачу дикачу балхах ваьлла ала мегар дуй Муслимах?

• СадаIаран минот.

ДIакъовла бIаьргаш. Дагадаийта, муьлхачу шарахь вина Махмаев Жамалди, бIаьргашца и терахь дилла.

• Iамийнарг тIечIагIдар.

«Хаарш-Зер» цIе йолчу рубрикца болх бар.

– Шайна бевзачу берийн йаздархойн а, цара йазйинчу говзарийн а цIераш йаха.

– Берийн йаздархочун дахарх лаций дийца.

– Муьлхачу йаздархочун дийцар йа байт хазахийтира шуна? Дийца хIунда къастийра аш иза.

– Берийн муьлха амалш йевзира турпалхошкахь?

– Муьлхачу турпалхочух тера хила лаьа шуна?

– Кхин муьлха берийн йаздархой дагабогIу шуна? Оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а берийн йаздархойн цIераш а, церан аш йешначу говзарийн цIераш а йаха.

• Белхан тептарца болх.

– Схьайелла тептаран 11-гIа агIо. Кхочушде тIедиллар.

1. Махмаев Жамалдин «ГIоралгаш» дийцар дакъошка декъа, хIора а декъана цIе тилла. Айхьа хIоттийна план дIайазйе.

• ЖамI дар.

– Бераш, муха хийти шуна вай дарс?

– Кхийтин шу тешам, гIиллакх бохург хIун ду?

– Шу хир дуй тешаме?

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:


– Махмаев Ж. кхолларалла йеша, дийцаран чулацам схьабийца.

– «Тешам» дешан маьIна шайна кхетарехь сурт дилла.

• Рефлекси йар.

«Бес-бесара кехаташ»

Дешархошкахь шина тайпана кехаташ ду: сийна а, цIен а. Цара гойту, дарс чекхдолуш, шайн дог – ойлане хьаьжжина долу кехат. Сийна кехат – самукъане, цIен – гIайгIане.



ЙАЗДАРХОЙН ТУЬЙРАНАШ – 6 сахьт

Дарсан цIе: **Гелагаев Сайд-Мохьмад. «Туьйранан новкъадалар»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Гелагаев Сайд-Мохьмадан «Туьйранан новкъа далар» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан тайпа: ахлехамийн.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, терхи тIехь книгаш, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду халкъан барта кхоллараллин а, йаздархойн а туьйранаш къасто.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду текст ролашка а йекъна, къастош, шера йеша.

Личностни: дешархошна хуур ду туьйранаш къасто, тобанехь болх бан.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Дийца – сих ма ло, гIалат валарх – кхерало.

КIур-кIур дIанехьа,

ЦIеран котам схьанехьа.

– Йеша меллаша.

– Цхьажимма чIогIа

– ХIинца чIогIа а, кхеташ а йеша.

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 44-гIа агIо. Муьлха байт йу цу тIехь йерг?

– Мила ву байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

– Вайна тахана Гелагаев Сайд-Мохьмада йазйина «Туьйранан новкъадалар» цIе йолу байт йевзар йу. Туьйранах долу хаарш карла а дохуш, байт шера а, нийса а йеша Iемар ду.

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош (Бераш, Дошлиг ву боху вайна керла йаздархойн туьйранаш довзийта гІерташ. Хьовсий вай, уьш хІун туьйранаш ду?) Берашна хозуьйту «Библиотеки чохь» цІе йолу дийцар.

– Терхи тІера книгаш схьакъастош ловзарехь тобанашкахь болх бойту берашка.

– «Туьйранан новкъадалар» цІе йолу байт йоьшу хьехархочо.

– Дошамца болх.

Лекъ (ду), лекъарчий (ду) – бацалахь деха жима олхазар.

Доккхуш акъ – цецдоккхуш.

ХІуьрцІалдиг – хьуьнхахь деха жима, сира мас йолу олхазар.

– Берашка йоьшуьйту байт

• СадаІаран минот.

Куьйгаш малхе кховдош шайн,

Маьлхан зІаьнарш лаца схьа.

(куьйгаш лакха, тІаккха аьтту а, аьрру а агІор айдар)

Бамбех тера кІеда мархаш

Нека деш аш лахка дІа. (Куьйгаш белшаш тІе а дехкина ластадо.)

ТІаккха йеша йеза алий,

Дика деша, Іамат йеллий.

• Текстаца болх.

– ХІара байт забаре хийтирий шуна?

– ХІун ду шун самукъдаьлларг хІокху байтехь, дийца.

– Туьйранна дуьххьара хІун дуьхьалкхетта? Туьйра муха хилар гучудаьлла цунна?

– Туьйранна орцахйевлларш хІун йу?

– Лоьро хІун олу туьйра гича?

– Зарзар цецдаьлларг хІун ду?

– Зарзара аьллачу муьлхачу дешнаша карадойту туьйранан ах?

ДІадеша и дешнаш.

• Берашка байт йешийтар.

– Байт ролашка а йекъий, дІайеша.

• Белхан тептарца болх.

1. Белхан тептар тIехь байтан турпалхойн сурт дилла.

2. Гелагаев Сайд-Мохьмадан «Туьйранан новкъадалар» байта тIехь йалийнчу акхаройн цIераш схьайазйе (чайтаI, борз, пхьагал)

3. «Туьйранан новкъадалар» байта йукъара олхазарийн цIераш схьайазйе.

Царна йуккъехь хьайна цайевзарш йелахь дошам тIе хьажа. (Лекъ, чIегIардиг, хIуьрцIалдиг, къиг, зарзар)

• ЖамI дар.

– Бераш, муха хийти шуна вайн дарс?

– Самукъане йарий вай йешна байт?

– Туьйранаш халкъан а, йаздархойн а хила дезарх муха кхийтира шу?

• Берийн хаарийн мах хадор.

• ЦIера болх:

– Байтан кийсак дагахь Iамайе.

– 9-чу хаттарна жоп тептар тIехь кхочушдо.

• Рефлекси йар.

«Кхо йуьхь».

Хьехархочо берашна гойту кхо йуьхь тIехь йолу сурт: самукъане, гIийла, гIайгIане. Берашка къастадойту, шайн дог-ойланца догIу сурт.



Дарсан цIе: **Дикаев Бексолта. «КIайн полларчий стенга даха-те?»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Дикаев Бексолтан «КIайн полларчий стенга даха-те?» цIе йолу керла туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан тайпа: ахлехамийн.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду шеран биъ мур бовза а, церан хиламаш ган а, адамийн амал йовза а.

Метапредметни: Iаматца болх барехь дешархойн туьйранах долу хаарш карладевр ду; гIиллакхех долу хаарш алсам девр ду.

Личностни: дешархошна Iемар ду шайн ойла йовзийта а, йешаран а, ойла йаран а пайда ган а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Ог – Уг – Аг – Иг – Писус ловзош йолу тайниг

Уг – Аг – Иг – Ог – Хьаьрчи стоьлан лоцуш ког,

Аг – Иг – Ог – Уг – Лаца гIерта бабин куьг,

Иг – Ог – Уг – Аг – Бабас леци писун лаг.

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 45-гIа агIо. Муьлха туьйра ду цу тIехь?

– Мила ву оцу туьйранан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

– Вайна тахана Дикаев Бексолтас йаздина «КIайн полларчий стенга даха-те?» цIе йолу керла туьйра девзар йу. Туьйранах долу хаарш карла а дохуш, шера а, нийса а йеша Iемар ду.

• **Актуализаци.**

– *Хьехархочун дош.*

• Дешархошка туьйра дешийтар.

• Чулацам шайн дешнашца схьабийцийтар.

• Дешнаш тIехь болх бар: кетар, йахар-йар.

Кетар (йу), кетарш (йу) – кхакханах йина, Iай тIейуху йовха бедар.

• **СадаIаран минот.**

«Цициг а, дехкий а».

(Дешархойх цхьаъ – «Цициг-Дауд», кхиберш – «дехкий». «Цициг-Дауд» гонаш дохуш ву, ткъа «дехкий» йиш локхуш ду).

Гонаш доху Дауда,
Кхача лууш тхуна тIе.

БІаьргаш дІа а къовлий,
МІараш ара йохий.
Гонаш доху Дауда,
Хаза ду вайн «Цициг-Дауд»,
Лела иза йуург лоьхуш.
Дауд, Дауд, охьахаа,
Йуург йаккха даӏ-кха атта.

• Текстаца болх.

– Хазахийтирий шуна туьйра?

– ХІун цатам хилира йоІана?

– ХІунда оьгІаздахана хиллера куча тІера полларчий?

– Муха лехира йоІа уьш?

– Дуьххьара мила дуьхьалкхийтира йоІана? Муьлхачу махкахь йехаш йара и йоккха стаг? ХІун совгІат дира цо цунна?

– ШолгІа хІун мохк бевзира йоІана? ХІун совгІат дира цунна воккхачу стага?

– Цул тІехьа мича кхечира йоІ? БІаьсте цІе йолчу махкахь хІун дира цо?

– Муьлхачу махкахь карадо йоІана полларчий?

– ЙоІа биначу некъах шарах го тасар ала мегар дуй?

– Шен куча тІера полларчий дІа ца идийта, коч муха лелийра йоІа?

– Туьйранан коьрта маьІна хІун ду аьлла хета хьуна?

• Белхан тептарца болх.

• ХІора махкахь йоІана дуьхьалкхеттачу турпалхойн муха суртхІутту хьуна? Белхан тептар тІе церан суьрташ дахка.

• Кхочушде 33–34-гІий тІедахкарш

• ЖамІ дар.

– Муха хийти шуна дийцар?

• Дешархошка шайга шайн жоьпашна мах хадабайтар.

• ЦІера болх:


– Туьйра деша

– 12 хаттарна тептарш тІехь суьрташ дахка.

• Рефлекси йар.

«Дог-ойланан кехаташ». (Берашна доькъу цІен а, можа а, Іаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъада-

лар; цIен кехат – дог ца дар; Iаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша).



Дарсан цIе: **Сулейманова Зайнап. «Догмайра Шахьсан»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Сулейманова З. «Догмайра Шахьсан» цIе йолу керла туьйра довзийтар;

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду майралла, доьналла, гIиллакх бохучу дешнийн маьIна а, олхазарш а довза.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду говзаран Текстаца болх бан, хаттаршна нийса жоьпаш дала а.

Личностни: дешархошна хуур ду доьналла, майралла, гIиллакх вайн дахаран дика агIонаш хилар.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Дедда доьду арахь эса,
ДоттагIий шен ган сатесна.
Амма догIа вайна серца,
Хьо цIа даха деза, эса.

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 47-гIа агIо. Муьлха туьйра ду цу тIехь?

– Мила ву оцу туьйран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

– Вайна тахана Сулейманова З. «Догмайра Шахьсан» цIе йолу туьйра девзар йу. Туьйранах долу хаарш карла а дохуш, шера а, нийса а йеша Iемар ду вай.

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош. (Бераш, Шахьсан олуш цIе хезний шуна? Тамашийна цIе йу иза. Шуна муьлха тамашийна цIераш йевза? Ткъа «Шахьсан» шен цIе санна къаьсташ вуй хьовса лаьий шуна? Туьйра деший вай?)

– Хьехархочо туьйра дешар

– Дошамца болх.

Ботт (йу), баттарчий (йу) – шаьлта чуйилла оьшу гIирс.

Терсмаймал – дуткъа, сетташ долу нохчийн тур.

Луьра – кхераме.

Дог гIоза хилла – дог дика хилла.

Терго-Iуналла – доладар.

Пелаг (ду), пелагаш (ду) – олхазаран мас.

Бозбуунча – говза нах Iехо хууш верг.

Луьста хьун (йу), хьаннаш (йу) – йуькъа, дуккха а дитташ долу хьаннаш.

Берг (йу), бергаш (йу) – цхьадолчу дийнатийн маьIан когабуьхьиг.

Узар (бу), узарш (ду) – лазарна, балина кийрара долуш долу аз.

Ност йойна – ност лазийна.

Куз-кема – туьйранера тIема болу куз.

Белхьам (бу), белхьамаш (бу) – чевнна тIебилла кечбина дарбане мижарг.

Сан десара – къамелехь йукъайалош йолу дехаран а, хIума чIагIдаран а кеп.

Ларча (йу), ларчанаш (йу) – шад бина дIахьарчийна хIуманаш.

Бозбуу дешнаш – инзаре-тамашийна дешнаш (волшебные слова).

БерхIиттара ваьлча – берхIитта шо кхаьчча.

– Шайн дешнашца чулацам бийца хьовсуьйту.

• СадаIаран минот.

«Дехкий»

Дехкий арадевлла боху,
Сахьте мел хан йаьлла хоьттуш,
Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ –
Дехкий лергаш лаьцна хьаьвзи.

ТIаккха йоккхуш чIогIа гIовгIа,
Дехкий дахна боху ловза.

• Текстаца болх.

– Муха кIант ву Шахьсан? ХIун дика гIуллакхаш дира цо?

– Кхин хIун турпалхой бевзи шуна туьйранехь? Церан цIераш йаха.

Муха амалш йу церан?

– Шахьсанна хьан гIо дира? ХIунда до аьлла хета шуна Шахьсанна массара гIо.

– «Со пайда лоьхуш вац, нийсо йезаш ву» – бохучу Шахьсанан дешнаша муха сурт хIоттадо цуьнан?

– «Дикачуьнца дика хила а хаьа суна» – Ешапан дешнех муха кхета шу?

– «ГIиллакхо лам башийна» боху кица догIу аьлла хетий шуна хIокху туьйранна? Кхин муьлха кица далор дара аш хIокху туьйранна?

– Догмайрачу Шахьсанан амалш билгалйохуш, кхин хIун цIе тилла мегар дара туьйранна?

– Туьйранехь буьйцучу турпалхойн амалийн тидам бе. Вайн дахарехь нислой иштта амалш йолу нах?

• Белхан тептарца болх.

– «Догмайра Шахьсан» цIе йолу туьйра дакъошка декъий, хIора декъана цIе тилла. ДIайазйе лахахь.

– Туьйранехь хьайна дика хеттачу турпалхочух лаций хьайн дешнашца йазде.

• ЖамI дар.

– Бераш, муха хийти шуна туьйра?

– Муха кIант хийти шуна Шахьсан?

– Шуна лаьий Шахьсан санна хила?

– Цунах тера хила хIун дан деза аьлла хета шуна?

– Аш дийр дуй иштта?

• ЦIера болх:

– Туьйра деша, чулацам схьабийца.

– Дакъошка декъа туьйра. ХIора декъана хьайгара цIе тилла.

• Рефлекси йар.

«Зезаг – дика доьшург»

Бераша къастадо шайн дог-ойланах терра бос болу зезаган гІа. Цул тІехьа дерриг гІа цхьана зезаг чохь гулдо.



Дарсан цІе: **Тапалаева Амнат. «Массарна дерг – ловзар»**

Дарсан Іалашо: дешархошна Тапалаева А. «Массарна дерг – ловзар» цІе йолу керла туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан тайпа: ахлехамийн.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду доттагІалла бохург хІун ду а, цуьнан дозалла а.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна Іемар ду шайн ойла йовзийта а, йешаран а, ойла йаран а пайда ган а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Мохо ловзош леста дитт,
Шабар – шибар вайна деш
«Ш-ш-Ш-ш»
Лаьтта иза арахь шеллуш,
Охьаоьгуш можа гІаш.
«Ш-ш-Ш-ш»

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 51-гІа агІо. Муьлха туьйра ду цу тІехь?

– Мила ву оцу туьйранан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

– Вайна тахана Тапалаева А. йаздина «Массарна дерг – ловзар» цIе йолу туьйра девзар йу. ДоттагIаллин дозалла а девзаш, шера а, нийса а йеша Iемар ду вай.

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош. (Бераш, муьлха туьйранаш Iамийна вай? Маса тайпана туьйранаш хуьлу? Тахана вай туьйранах лаьцна дуьйцур ду, диканиг, вониг, доттагIалла довзуьйтуш долу).

– Хьехархочо доьшу туьйра.

• Дошамца болх бар.

Пхьор (ду), пхьораш (ду) – сарахь буу кхача.

Куьпахь – йуьртан йа гIалин цхьана декъехь.

Сеналла (йу), сеналлаш (йу) – сийна бос болу буц а, гIаш а.

Iаьнна чудерзар – Iаьнна кечамбар.

Махо лекха долийра – махо лесто долийра.

Тоьла (йу), тоьланаш (йу) – лаьттах даькkхина жима цIа.

Йочана (йу), йочанаш (йу) – кхоьлина, догIане хилар.

Милла дала – шелонах гIелдалар.

– Берашка туьйра дешийтар.

• Текстаца болх бар.

– Нахах дIа хIунда къаьхкира Зингу? Пайдехь хилирий цунна и?

– Туьйранан цIе «Массарна дерг – ловзар» хIунда тиллина аьлла хета шуна?

– ХIун амалш йолуш ду Зингу? Дика хетий шуна цуьнан амалш? ХIун бохам хилира цунна?

– Де эшначу хенахь орца хьаьнгара кхечира Зингуна?

– Муьлхачу хьекъална тIедеара иза шега и бохам кхаьчча?

– «Эзар сом дерг хIаллакьхилла, эзар доттагI верг кIелхьарваьлла» – хIара кица хIокху туьйранна догIу аьлла хетий шуна?

– «Тоьла» дешан тидам хилирий шун текстехь? Схьа а лахий, дIабеша и дош йукъахь долу алам. Муха кхета шу цунах?

Кхин хIун дешнаш девза шуна хIусам билгалйеш?

• Белхан тептарца болх.

– Белхан тептар тIехь 15-чу агIонера хIокху дийцарна кечдина долу тIедахкарш кхочушде. (37–38-гIий тIедахкарш)

• СадаIаран минот.

«Аьзнаш»

Бераш 3 тобане декъало. ХIора тобанан декъашхоша тайп-тайпанчу дийнатийн аьзнаш тардо. Масала:

1 – цицигаш (МIаьув-мIаьув-мIаьув.)

2 – бедаш (Къа-къа-къа.)

3 – зарзарш (ЦIир-цIир.)

4 – Iахарш (БIее-бIее-бIее.)

(ХIора а тобана тIе а йоьдуш, хьехархочо стоьла тIе пIелг туху: «Мил – мила ву хIокху цIа чохь Iаш верг?» (Бераша дийнатийн аьзнашца жоьпаш ло.)

ТIаккха хьехархочо олу:

• «Цицигаш, хьалагIовтта! Куьйгаш хьала а айдай, ластаде».

• «Бедаш, хьалагIовтта! Корта меллаша хьовзабе».

• «Зарзарш, хьалагIовтта! Когаш сиха аш тоха».

• «Iахарш, хьалагIовтта! ДогIмаш дехьа-сехьа хьовзаде».

– Цул тIехьа, и упражненеш массаьрга а йойту.

• Iамийнарг тIечIагIдар.

«Хаарш-Зер» цIе йолчу рубрикица болх бар.

1. Хаттаршца болх бар.

– Тидам бе, аш дешначу туьйранийн автор варий?

– Муьлха туьйранаш девзина шуна: халкъан йа авторан?

– ХIун башхалла йу авторан, халкъан туьйранашна юкъахь?

– Муьлха туьйра дагахь диси шуна?

– Шайна хазахеттачу туьранах лаций иштта хетарг язде:

а) туьйранан цIе

б) Автор

в) коьрта турпалхой

г) Туьйранан коьрта маьIна

д) Туьйра дешча, шайн кхоллаелла ойланаш йийцар

– Белхан тептар тIехь дIайазйе шайна девзачу авторийн а, халкъан а туьйранийн цIераш

– Хьалха дешнерий аш йаздархойн туьйранаш? ЦIераш йаха церан.

2. Іамат тІехь долу тІедахкарш кхочушдар. Тобанца болх.

• ЖамІ дар.

– Бераш, хазахийтин шуна туьйра долчу хьошалгІахь?

– Керла хІун девзи шуна?

– Туьйранан махкахь йевзина дика амалш шайца йуьтур йуй аш?

– Кхин а туьйранаш доьшур дуй аш?


• ЦІера болх:

– Туьйра деша.

– Кечйе «Тамашийна туьйра» цІе йолу проект.

• Рефлекси йар.

«Дог-ойланан кехаташ». (Берашна доькъу цІен а, можа а, Іаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъадалар; цІен кехат – дог ца дар; Іаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша).



ХИНДОЛУ ХЬОЗА БЕНАХЬ ДЕКА – 4 сахьт

Дарсан цІе: **Магомадов Мансур. «Дуьххьарлера толам»**

Дарсан Іалашо: дешархошна Магомадов М. «Дуьххьарлера толам» цІе йолу керла туьйра довзийтар;

Дарсан кеп**:** керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна девзар ду доьналла бохучу дешан маьІна.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду гІиллакхех долу хаарш сов а дохуш, ойла а йеш, туьйра деша.

Личностни: дешархошна хуур ду доьналла долу нах къасто а, царах масал эца а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

– Чехкаалар дешийтар.

«Со шершачохь ча чу ца шерша, ча чу шершачохь со чу ца шерша».(3-за деша чехкаалар, са а ца доккхуш).

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 58-гIа агIо. Муьлха говзар йу цу тIехь йерг?

– Мила ву оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

– Вайна тахана Магомадов Мансура йазйина «Дуьххьарлера толам» цIе йолу керла говзар йевзар йу. ГIиллакхех долу вайн хаарш алсам а дохуш, шера а, нийса а йеша Iемар ду вай.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочун къамел. (Бераш, цIахь дадас хьехарш дой шуна? Муха хила деза олу цо? ГIиллакхе, оьзда хилар жимачохь дуьйна Iамо дезаш дуй? Вайн доттагIий барий, ЧIирдиг, Дошлиг, уьш? Церан а ма ву шайн дада. Царна цхьа хаза хьехарш деш ву боху иза. Шуна лаьий церан дада вовза? Цуьнан хьехаршка ладогIий вай?) (Хозуьйту «Хьекъалда волчохь» цIе йолу туьйра.)

(ГIиллакх, хьекъал боху дешнаш-м дийцира вай, бераш, кхузахь кхин а цхьа керла дош ма эли Дошлиган дадас, муьлханиг дара иза? (Доьналла) И ма хаза дош ду. ХIун бохург дуте иза? Хьекъална а, гIиллакхна а уллехь лаьтташ ма ду и дош. ТIаккха хьекъал а, гIилакх а долу стаг доьналла долуш хир вукх, вуй бераш? Доьналла долу адам муха хуьлу хьовса лаьий шуна? ТIаккха вай йоьшур йу «Дуьххьарлера толам» цIе йолу говзар.

– Хьехархочо доьшу дийцар.

– Дошамца болх.

Ларма (йу), ларманаш (йу) – хIума дIайилла цIийна бухахь йеш йолу чоь.

Йишйоьхна – холчухIоьттина.

Схьакъерзаш – леррина тIе хьоьжуш.

Са йухаоза – садаІа, синтеме хила.

– Берашка доьшуьйту дийцар

• СадаІаран минот.

– «Цициг а, дехкий а». (Дешархойх цхьаъ – «Цициг-Дауд», кхиберш – «дехкий». «Цициг-Дауд» гонаш дохуш ву, ткъа «дехкий» йиш локхуш ду).

Гонаш доху Дауда,
Кхача лууш тхуна тІе.
БІаьргаш дІа а къовлий,
МІараш арайохий.
Гонаш доху Дауда,
Хаза ду вайн «Цициг-Дауд»,
Лела иза йуург лоьхуш.
Дауд, Дауд, охьахаа,
Йуург йаккха дац-кха атта.

• Текстаца болх.

– Стенах лаьцна ду «Дуьххьарлера толам» цІе йолу дийцар.

– ХІунда лаьа Муслимна школе ваха? Шуна лаьарий Муслимна санна школе даха?

– Школе вахча воккха хуьлу аьлла хІунда хета Муслимна? Шуна хетий иштта?

– Вахица хІун йукъаметтиг йу аьлла хета шуна Муслиман?

– Автора шен дийцарна «Дуьххьарлера толам» цІе хІунда тиллина аьлла хета шуна? ХІун толам бу Муслима баьккхинарг? Стенна тІехь баьккхина Муслима и толам?

– «Ца кхоьрушверг вац майра, кхерам эшош верг ву» бохучух муха кхета хьо?

– Муслим муха кІант хета хьуна, схьайийца цуьнан амалш. Цуьнан метта хилча ахь хІун дийр дара?

– Муслимах дика дешархо хир ву аьлла хетий шуна? Дийца хІунда хета.

– Дахарехь дуккха а толамаш баха хІун дан деза аьлла хета шуна, дийца.

• Белхан тептарца болх.

– Схьайелла тептаран 17-гІа агІо. Вай дешначу дийцарна лерина хІун тІедахкарш ду цигахь? Кхочушде уьш.

1. «Дуьххьарлера толам» туьйранера турпалхойн цIераш дIайазйе.

2. ХIун толам баьккхира Муслима?

• ЖамI дар.

– Муха хийти шуна туьйра?

– Аш бохур буй Муслима санна кхиамаш?

– Доьналла долу стаг – иза мила ву аьлла хета шуна?

– Шуна лаьий доьналла долуш хила? Иштта хила муха къахьоьгур ду аш?

• ЦIера болх:

– Дийцар деша, чулацам схьабийца.

– «Дахарехь кхиамаш баха ас къахьоьгур ду» цIе йолу жима туьйра хIоттаде.

• Рефлекси йар.

Хаамбаран кехат.

Баьццара кехат. Суна дарс дика хийтира. Ас дика болх бира дарсехь. Со дика кхийтира хьехархочо дийцинчух.

Можа кехат. Дарс самукъане дара. Ас болх бира. Мелла а пайдехь хилира суна таханлера дарс. Ас тIедиллар кхочушдира, хаттарна жоп а делира.

ЦIен кехат. Дарсах кIезиг пайда белира суна. Суна ца кхийтира дийцинчух. Хаттарш, тIедахкарш кхочушдан суна ца хиира.



Дарсан цIе: **Дакаев СаьIидбек. «Дош»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Дакаев СаьIидбекан «Дош» цIе йолу байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна девзар ду дешан дозалла, Iемар ду цуьнан маьIна дан.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду, интонаци лар а йеш, шера байт йеша.

Личностни: дешархошна хуур ду дош дала а, иза лардаран бокъонаш а, цуьнан дозалла а лардан а, довза а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

– Чехкаалар дешийтар

– (2-за деша, са а ца доккхуш.) «Шина чиркхан ши шиша, шина шичин ши йиша».

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 61-гІа агІо. Муьлха байт йу цу тІехь?

– Мила ву оцу байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

– Вайна тахана Дакаев СаьІидбека йазйина «Дош» цІе йолу керла байт йевзар йу. Дешан дозалла муха ду а гойтуш, шера а, нийса а йеша Іемар ду вай.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочо дуьйцу дешан дозаллех лаьцна.

– «Дош» байт дешархошка йешийтар.

• **Текстаца болх.**

– Стенах лаьцна йу байт?

– «Дош делла» бохучух муха кхета шу? МаьІна де.

– «Дешан да хила веза» бохучух муха кхета шу? Дийца.

– Шега цадалург дийр ду бахар нийса хетий шуна?

– Дош далале хьалха хІун дан деза аьла хета шуна?

– Белхан тептар тІехь даладе дашах лаьцна кицанаш.

– Бераш, аш лардой шаьш делла дош?

– Дош далале хьалха хІун дан деза? Ойла йан йеза.

• **СадаІаран минот.**

Лелий довла, хьалагІовтта,
СадоІу минот йу, ловза.
Куьйгаш хьалаойъуш, хьозас санна хьийзош,
Когаш лестабеш, Іахар санна ловзуш.
Хьовза, хьовза меллаша,

Деша дика, бераш аш.

• Шера йешар кхиор.

– ДІайеша «Дош» цІе йолу байт айдинду озаца.

– Сиха йеша хьовса и байт.

– Шайн дагахь йеша и байт.

• Белхан тептарца болх.

– Схьайелла тептаран 17-гІа агІо. Муьлха тІедиллар ду цу тІехь вайн байтана лерина? Кхочушде иза.

1. «Дош» байта тІехь ца тоьу дешнаш схьайазде Іамат тІера.

Цкъа цхьанна _____ делла,
«ХІаъ» _____ ваьллехь,
Аьлла дерг, «хІаъ» _____,
_____ деза.
Хууш _____ хууш
Багара _____,
Шен _____, да хилла,
_____ деза.

2. Дашах лаьцна кица йазде лахахь.

(Дош — дош дацахь, дуй — дуй а бац; Хазчу дашо лам башийна; Хазачу дашо лам дашо бина; Хазчу дашо Іуьргара лаьхьа баькхина).

• ЖамІ дар.

– Бераш, стенах лаьцна дийци вай тахана?

– Дешан дозалла лакхара хилар хиин вайна?

– Ша деллачу дашна хІун дан деза?

– Аш лардийр дуй шаьш делла дош?

• Дешархойн жоьпийн мах хадор.

• ЦІера болх:

– «Дош» цІе йолу байт дагахь Іамайе.

– Баккхийчаьрга а хоттуш, делла дош лардарх долу жима дийцар дийца.

• Рефлекси йар.

«Іалам»

Дешархошна гойту Іалам тІехь долу ши сурт. Цхьа сурт сингаттаме, кхоьлина Іалам долуш ду, ткъа шолгІаниг – самукъ-

ане, сирла Іалам долуш. Берашка къастадойту шайн дог-ойлане хьаьжжина сурт.





Дарсан цIе: **Гайсултанов Іумар. «ЯрагІи»**

Дарсан Іалашо: дешархошна Гайсултанов Іумара йаздина «ЯрагІи» цIе йолу керла туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду доттагІчун амалш муха хила йеза а, харцо лелочу адамна муха бекхам хуьлу а.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду доттагІчун муьлха амалш шайгахь кхио йеза.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Бедаш кхойкху Іуьйранна... Къа, Къа, Къа
ГІезаш лаьтта хийистехь... ГІа, ГІа, ГІа
Котамаш йу корехь кхойкхуш... Къо, Къо, Къо
Цаьрга хьоьжуш лаьтта хьо... Со, Хьо, Со

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Бераш, доттагІ муха хила веза хаьий шуна? Муьлхха а харцо адамна тІехІоьттича, цуьнан гІо лаца кийча хила везий, бакъволу доттагІ? Тахана вайна йевзар йу, доттагІчуьнгахь хила йеза цхьайолу амалш, харцо лелош волчу стагана хІун бекхам хуьлу.

– Схьайелла Іаматан 62-гІа агІо. Йеша муьлха говзар йевзар йу вайна тахана.

И говзар йешча, хІун хаа дезар ду вайна? (Дешархошка олуьйту дарсан Іалашо.)

• Актуализаци.

– Хьехархочо доьшу дийцар.

– Дошамца болх.

– Берашка роггІана доьшуьйту туьйра.

• СадаІаран минот.

«Пису»

Пису, пису арахь догІу,
Когаш бетташ иза ловзу, (Шаьш лаьттачохь когаш тохар.)
Куьйгаш стигал хьалакхийдош, (Куьйгаш хьалаойъу.)
Полла лацар лерехь цІийзаш. (Лергаш схьа а лоций, корта меллаша ластабо.)
Шура йезаш мотт бу боьлхуш,
Пису иза сацо хьожу.
Баба йолчу кхочур ду,
Пеша уллехь Іуьллур ду. (Когаш тІе охьаховшу.)

Текстаца болх.

– ЯрагІи муха амал йолуш ву? Шен нийсархошца а ца лелаш, кегийчаьрца хІунда лела аьлла хета хьуна и?

– Хьуна хаабеллий, вон дерг дой, цунах самукъдолуш нах? ХІун эр дара ахь церан амалех?

– ЯрагІис жІаьла хьийзош кхечу бераша цуьнгахьа гІо хІунда ца даькккхира аьлла хета хьуна? Даккха дезара аьлла хетий? ХІунда? Ахь хІун дийр дара ишттачохь?

– Решиддий, Ризванний муха ву аьлла хета хьуна? Цара берашкахьа гІо хІунда доккху?

– Хьуна хьайна йуххехь муха накъостий безара – Решиддий, Ризванний санна берш йа ЯрагІи санна берш? Уьш хилийта хІун дан деза аьлла хета хьуна?

• Белхан тептарца болх.

– Тептаран 17-гІа агІо схьа а йеллий кхочушде вайн туьйранна лерина тІедиллар. (45–47-гІий тІедахкарш)

• ЖамI дар.

– Бераш, хазахийтин шуна туьйра?

– Керла хIун девзи шуна?

– Вай хIиттийна Iалашонаш кхочушйин вай?

– ХIун дира вай уьш кхочушйан?

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.


• ЦIера болх:

– Туьйранан чулацам бийца.

– Баккхийчаьрга а хоттуш, цхьацца шира гIиллакх дийца кечде.

• Рефлекси йар.

«Кхиамийн лами»



ЖИМА, ДОККХА ДУЬНЕ – 2 сахьт

Дарсан цIе: **Батаева Хеда. «Хьуьно патар хецна»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Батаева Хедин «Хьуьно патар хецна» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна бевзар бу гонахарчу Iаламан цхьацца хиламаш, Iемар ду байтан цIе нийса йаста.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду. Текстаца болх бан, шера йешаран говзалла ларйан а.

Личностни: дешархошна хуур ду гонахарчу Iаламца къинхетаме хила дезий.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Ра-ра-ра– догIу пису генара,
Ла-ла-ла-хьоьжу иза эсала,
Ло-ло-ло – бохуш вайга шура ло,
Ро-ро-ро – дезаш вайца гергарло.

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 68-гIа агIо. Муьлха байт йу цу тIехь йерг?

– Мила ву оцу байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

– Вайна тахана Батаева Хедас йазйина «Хьуьно патар хецна» цIе йолу керла байт йевзар йу. Гонахарчу Iаламан дозалла а гойтуш, шера а, нийса а йеша Iемар ду вай.

• **Актуализаци.**

– Къинхетамах лаьцна кица а далош, хьехархочо доладо къамел: Къинхетамечунна а хир бу бекхам (бераш, шуна хезний иштта кица? Муха кхета шу цунах? Шу дуй къинхетаме? Ткъа гонахарчу Iаламца дуй шу къинхетаме? Дийца, хIун до аш гонахара Iалам лардан. Батаева Хедас йазйинчу байтехь гонахарчу Iаламца къинхетаме хилар муха гайтина хьовсий вай?)

– Хьехархочо йоьшу байт

– Дошамца болх.

• **Текстаца болх.**

– ХIун сурт хIутту хьуна хьалха хIара байт йоьшуш?

– Ахь муха жоп лур дара цу жимачу йоIан хаттаршна?

– «Хьуьно патар хецна» бохучух муха кхета хьо?

– Ахь дорий цу тайпа хаттарш жима волуш? Чохь жима йиш-ваша дуй хьан? Цаьргара хезий хьуна иштта хаттарш?

– Хьан хIун хаттарш кхоллало хьайна гонаха гуш долчух? И хаттарш хьаьнга до ахь? Мичахь лоху ахь царна жоьпаш?

– Хьоьга ойла йайтинчу цхьана хаттарх лаций дийца класса чохь. Цунна жоп каро хьажа.

Белхан тептарца болх.

1. «СовгIат» дийцарх долчу хаттаршна жоьпаш лаха.

а) Ясминас хIун совгIат делира Маремна?

○ Ахча.

○ Книга.

○ Цициг.

аь) ХIун карийра Маремна?

○ Цициг.

○ Тайниг.

○ Ахча.

б) Марем муха йоI хиллера?

○ Къинхетам болуш.

○ Цхьана а хIуманца бала боцуш.

○ Цицигах кхоьруш.

– Йешар кхиор. (Шайна хазахетта кийсак къаста а йойтий, ритм лар а йеш, берашка йоьшуьйту.)

• СадаIаран минот.

«Де – буьйса»

Хьехархочо «буьйса» аьлча – бIаьргаш 5 сек. дIакъовлу, ткъа «де» аьлча – 5 сек. схьадоьллу. Кхочушде 5–8-за.

• Iамийнарг тIечIагIдар.

«Хаарш-Зер» цIе йолчу рубрикица болх бар.

– Тобанашкахь болх (Бераш 3 тобане доькъу. ХIора а тобанна цIен бос болу кегий байракхаш ло. Хьехархочо хаттар делча, шайн жоп кийча делахь, цIен байракх хьалаойъу коьртачо. Хаттаршна алсам нийса жоьпаш делла йолчу тобано толам боккху).

– «Хиндолу хьоза бенахь дека» бохучу кицанах муха кхета шу, дийца.

– ХIокху декъехь шуна тайп-тайпана амалш йолуш турпалхой бевзи хьуна. Дийца, муьлха турпалхо ву хьуна гергара?

– ХIун амалш йолуш турпалхой бевзи хьуна? Дийца.

– Дешан дозалла бохучух муха кхета хьо? Муха лардан деза дош?

– Муьлхачу дийцаран турпалхочух тера хила лаьара хьуна?

• ЖамI дар.

– ХIун девзи вайна тахана?

– Муха хийтира шуна жимачу йоIа дина хаттарш?

– Аш дой шайн нене иштта хаттарш?

– Байтера йоІ санна, гонахарчу Іаламца къинхетаме хир дуй шу?

• ЦІера болх:

– Батаева Хедас йазйина «Хьуьно патар хецна» цІе йолу байт йеша.

– Чулацам схьабийца.

• Рефлекси йар.

Дарс чекхдолуш, шайн дог-ойла муха йу хьаьжжина, басарде хІокху суьртех цхьа сурт.





Дарсан цІе: **Мамакаев Эдуард. «Іелий, киттий, аьшпашший»**

Дарсан Іалашо: дешархошна Мамакаев Эдуарда йазйина «Іелий, киттий, аьшпашший» цІе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду харцонах дика дерг ца хуьлий кхета а, берийн амалш йовза а.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хаттаршна жоьпаш а луш, Текстаца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду харцо дика йоций, харцдерг дийца ца мегий а.

Дарс дІадахьар

• Вовшахтохаран мур. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• Къамел шардар.

Да-Да-Да – мангал хьокхуш ву дада,
На-На-На – йуург кечйеш йу нана,
За-За-За – бертахь хила адам деза,

Ша-Ша-Ша – иза Іама деза деша.
(Меллаша, лахдинчу озаца йеша.)

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар.

– Бераш, Іаматан 69-гІа агІон тІехь цхьа керла, тамашийна цІе а йолуш байт йу бохург бакъ дуй-те? Хьовсийша, и агІо схьа а йеллий, муьлха байт йу цу тІехь йерг.

– Мила ву оцу байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

– Вайна тахана Э. Мамакаевс йазйина «Іелий, киттий, аьпашший» цІе йолу керла байт йевзар йу. Харцо дика ца хилар а гойтуш, шера а, нийса а йоьшуш, дІахьур ду вай хІара дарс.

• Актуализаци.

– Бераш, Іела боху цІе-м йевза вайна, ткъа Кит а, Аьшпаш а бохург хІун ду-те? Оцу хаттаршна жоьпаш вайна и байт йешча хуур ду. (Хьехархочо йоьшу байт.)

• Дошамца болх.

Кит (ду), катташ (ду) – йусуш йолу берийн тайниг.

Кхевсира – чу хІо тухуш, кит дуса волавелира.

Левси (йу), левсеш (йу) – пхьалгІахь алу марсайаккха оьшу гІирс.

– Берашка йоьшуьйту байт.

• Текстаца болх.

– Бераш, стенах лаьцна йу и байт?

– ХІун совгІат дина Іелина нанас?

– Іелин къамел хІун ду аьлла хета шуна: аьшпаш, бегаш, дозаллаш?

– Ткъа «аьшпаш» хІунда аьлла хета шуна автора?

– Іелас муха Іехадо бераш? Цуьнан аьшпаш муха гучубовлу?

– Бераш шайх цецдахархьама харцдерш дийца мегар ду аьлла хетий шуна?

– Харцдерш дийцар дика ца хилар байтехь муьлхачу меттехь гучудолу вайна? Схьа а лахий, дІайеша и кийсак.

• СадаІаран минот.

Куьйгаш айде массара – иза цхьаъ,
ГІийла корта хьовзабе – иза шиъ,
Кхоъ – вовшахтоха куьйгаш,

Диъ – дегI шайн тахкаде,
Пхиъ – ластор ду вай куьйгаш,
Йалх – охьаховшур меллаша.

• Белхан тептарца болх.

– Белхан тептаран 20-гIа агIо схьайелла. Мамакаев Эдуардан «Iелий, киттий, аьшпашший» байтан сурт дилла.

Шера йешаран говзалла кхиор.

– Бераш, хIара тайпа байт, муьлхачу озаца йеша йеза вай? (самукъане, гIайгIане) Ткъа гIайгIане хIунда йоьшур йу вай иза? (Харцо дика йоцу дела, байтехь иза хьахийна йолу дела).

– ДIайеша байт самукъанечу озаца.

– ГIийлачу озаца йеша байт.

• ЖамI дар.

– Бераш, хазахийтин шуна байт?

– Аш дуьйцур ма дац харцдерг даций?

– Массара а дагахь латтаде аьшпаш ботта мегарг цахилар.

• ЦIера болх:

– 6-гIа чу хаттарна жоп тептарш тIехь кхочушде.

– Байт дагахь Iамайе.

• Рефлекси йар. «Кхо йуьхь».

Хьехархочо берашна гойту кхо йуьхь тIехь йолу сурт: самукъане, гIийла, гIайгIане. Берашка къастадойту шайн дог-ойланца догIу сурт.



Дарсан цIе: **Пашаев Нурди. «Барзо диъна моз»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Пашаев Нурдин «Барзо диъна моз» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду самукъане говзарш къасто.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду байт шера а, къастош а йеша.

Личностни: дешархошна Іемар ду шайн ойла йовзийта а, йешаран а, ойла йаран а пайда ган а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

«Дешнех ловзар».

Деша дешнаш меллаша, тІаккха деша сихха.

ДОК – БОК – СОК

БЕЛ – ШЕЛ – МЕЛ

ВЕР – ВОЬР – ВАР – ВОР – ВИР

СОМ – КОМ – РОМ – ЛОМ

МУК – НУК – КУК – ТУК

Ткъа хІинца ловзарехь деша и дешнаш: хьалхара могІа – чІогІа, шолгІа могІа – гІийла, кхоалгІа – меллаша, доьалгІа – сихха.

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Бераш, Іаматан 70-гІа агІон тІехь барзахь лаьцна байт ма йу вайн. Хьовсийша, и агІо схьа а йеллий, муьлха борз йу-те цу тІехь йерг.

– Мила ву оцу байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

– Вайна тахана Н. Пашаевс йазйина "Барзо диъна моз" цІе йолу керла байт йевзар йу.

• **Актуализаци.**

– Бераш, экха а доцуш борз хила а хуьлий? Адамех олий вай, борз йу? Мухачу адамех олу вай иза? Шуьга аьллий цкъа а «борз йу»? ХІунда аьлла? Дийца. Пашаев Нурдис хьанах олу хьовсий вай борз?

– Хьехархочо йоьшу байт.

• **Дошамца болх.** *(Овиш, са ца тийна, экха, хІилла).*

– Берашка йоьшуьйту байт.

• СадаIаран минот.

«Дийнатех тера лелар»

Бедаш йоьлху хи мала:
Къа, къа, къа.
Бумбари йу тIома йаьлла
Ж-ж-ж.
ГIезаш, вортош ластийна,
Белшаш жимма саттийна:
ГIа-гIа-гIа
ЧIара хи чохь техкаш бу:
Ш-ш-ш
Ткъа вай-м кхидIа доьшуш ду.

• Текстаца болх.

– Йуха а дIайеша байт.

– Дийца хIун хьехар до нанас кIанте ша цIерайолуш? ХIун йу олу цо ишкап чохь?

– «Лергах мехий доху» бохучух муха кхета шу?

– Нанас аьлларг дой кIанта?

– Нанна бехкала муха волу кIант? ХIун хIилла до цо?

– Цициг хIун ала лууш дара боху автора?

• Йешаран говзалла кхиор.

– Бераш, самукъделирий шун байт йоьшуш? Муьлха байт йу хIара, дийца. (Самукъане, беламе)

– Муьлхачу озаца йеша йеза иштта байт? (Жимма айдинчу, самукъанечу.)

– Интонаци лар а йеш, жимма айдинчу озаца дIайеша байт.

• Белхан тептарца болх.

– Пашаев Нурдинан «Барзо диъна моз» байтехь нанас дина къамел цIен сиз хьакхарца билгалдаккха, ткъа кIанта дина къамел сийначу сизца.

• «Хаарш-Зер» цIе йолчу рубрикица болх.

• Муьлха байт хазахийтира хьуна кху декъа йуккъера?

• Йукъара хIун ду цу байтийн турпалхойн?

• «Жима доккха дуьне» бохучух муха кхета хьо? Кхин муха цIе тилла мегар дара хIокху декъана?

• Хьо ишколе вахале берашца хилла йукъаметтигаш, ловзарш дагадогIий хьуна? ХIинца хIетахьчул хаарш, кхетам кхиина хетий хьуна? Масалш далош, дийца цунах лаций.

• Хьан чохь, лулахь дуй ишколе дахаза кегий бераш? Тидам бой ахь церан? ХIун эр дара ахь церан къамелех, ловзарех?

• Хьайн гергара, лулара бераш кхиарехь айхьа дакъалоцу аьлла хетий хьуна? Хьох эца дика масал дуй царна? Хьоьга хаттарш дой цара? Ахь хIумма а Iамадой царна, цахуург дуьйций?

• Ойла а йай, лахахь далийнчарах билгалдаккха – 3–6 шераш долчу кегийчу берашна хьоьга хIун Iамалур дара:

– мачин чимчаргIаш дIадехка;

– элпаш;

– дийнатийн цIераш;

– вилспет хахка;

– аьрру/аьтту агIо къасто;

– машен хахка;

– йаахIума кечйан;

– дагардан;

– кIиран денойн цIераш;

– шеран муьрийн цIераш;

– йеша;

– светофорах кхета;

– тхов тилла;

– хIуманаш тега.

• ЖамI дар.

– Бераш, самукъделин шун вайн дарсах?ХIун девзи шуна тахана керла?

– Дика, къинхетаме а долуш, гонахара Iалам лара деш хила дезий вай? Шу хир дуй иштта?

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Пашаев Н. байт дагахь Iамайе.

– **«Хаарш-Зер»** цIе йолчу рубрикехь долчу хаттарех пайда а оьцуш, шайна бевзачу, шайгара диканиг бен нахана ца долуьйтуш бехачу нахах лаций йазде.

• Рефлекси йар.

«Бозбуунчаллин гIаж»

– Сайна карайахь Бозбунчаллин гIаж, ас цуьнга гIо де эр ду ... (Хьанна?)



IАЛАМ – 4 сахьт

Дарсан цIе: **Гацаев СаьIид. «Хьуьнах»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Гацаев СаьIида йазйина «Хьуьнах» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна девзар ду вайн Даймахкара хьаннаш а, хьуьнхара олхазарш а, акхарой а, дийнаташ а.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду туьйранан турпалхошца зIе йолуш санна Текстаца болх бан.

Личностни: дешархошна хуур ду хьуьнан дахар мел хаза а, маьрша а ду.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• Къамел шардар.

«Чехкааларца болх»

ДIо йоьду котам бабин буьн чу йоьду.

1. Дешдакъошца деша чехкаалар.
2. Жимма сих а луш, деша чехкаалар.

3. Дуьйлалуш сиха, йешна довлуш болар лах а деш, деша чехкаалар.

4. Чехкаалар санна деша.

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар

– Берашна хозуьйту «Іалам» цІе йолу туьйра.

– Хьехархочун дош. Бераш, мила Муслим ву вайн доттагІаша вуьйцург? ХІа-а-а-а-а, «Дуьххьарлера толам» дийцарахь коьрта турпалхо ма вара Муслим. ЧІирдига-м Муслим майра кІант ву ма боху, шуна хІун аьлла хета? Дагадаийтал и дийцар. Шу дуй тІаккха Муслим а, вайн доттагІий а санна майра? Хожа волчу даха хІун оьшу боху вайга вайн доттагІаша? Іаламех йолчу киншкашка вай а хьовса деза тІаккха. Цу тІехь вайна гІо дийр ду Гацаев СаьІида йазйинчу «Хьуьнхахь» цІе йолчу байто. Тахана, и керла байт а йоьшуш, Іаламех долу хаарш алсамдохур ду вай.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочун дош.

Хьоме бераш, гІовгІа экххо,
ЧІирдиг, Дошлиг, шу а сихло,
Доьлху хьуьнха Іалам довза,
Акхаройн а цІераш йовза
ЛадогІа аш, тийна Іе,
Байт йу хаза инзаре.

– Хьехархочо йоьшу байт.

• **Дошамца болх.**

УьнтІапхьид (йу), уьнтІапхьидаш (йу) – букъа тІехь маьІа у долу, хин йистехь деха дийнат.

Уьшал (йу), уьшалш (йу) – хи лаьтташ йолу тІуьна меттиг.

БухІа (йу), бухІанаш (йу) – баккхий бІаьргаш болу буса лела олхазар.

ХенакІур (йу), хенакІарраш (йу) – диттах (хенах) зІок йетташ долу олхазар.

ЧайтаІ (йу), чайтаІаш (йу) – чен кІорни.

Пийсак (ду), пийсакаш (ду) – дечигах бина Іайг.

Нал (йу), неларчий (йу) – акха, боьрша хьакха.

Пийл (йу), пийлаш (йу) – йеха цІом (муцІар) долу доккха дийнат.

Бирнал – хье тIехь маIа йолу Африкехь бен ца хуьлу доккха дийнат.

Билзиг (ду), билзигаш (ду) – йоIа месех йа кучах дуьллу, кIадех дина зезаг (бант).

Нох а дохуш – бежано хIума Iовшар.

СегIаз (ду), сегIазаш (ду) – багахь Iуьйшу хIума.

• Текстаца болх.

– Бераш, тидам бирий аш байтехь йуьйцучу акхаройн а, дийнатийн а цIерийн?

– Царах цхьа а йевзаш йуй шуна?

– Шайна уггар самукъане хетта могIанаш дIадеша.

– ХIокху байтехь къастаде акхарой а, дийнаташ а. Хьуьнхахь муьлханаш деха царах, дийца.

– Байт чекх муха йоккху автора, хIун ала гIерта иза? ДIадеша могIанаш.

• СадаIаран минот.

Хьуьнхахь болу доттагIий
СадаIа бу хевшина,
БIаьргаш церан гIелделла, (бIаьргашка, дIа а къевлина, жимма садоIуьйту)
Цара жимма садаьIна,
ХIинца куьйгаш ду садоIуш,
Айъа уьш, мархаш лохкуш,
Когаш, шун йу хIинца хан,
Хьовза сиха, йиш йац Iан.
ХIинца, бераш, лелий довла,
Iалам ду вайн дезаш довза.

• Белхан тептарца болх.

1. Белхан тептар тIехь хьуьнхахь дехачу акхаройн а, дийнатийн а суьрташ дахка.

2. Гацаев СаьIидан «Хьуьнах» цIе йолчу байта тIера дийнатийн цIераш схьайазйе. Олхазарийн цIераш хьалхарчу могIарехь, ткъа кхечу дийнатийн цIераш шолгIачу могIарехь йазйе.

• ЖамI дар.

– Бераш, хIинца вай цIадерза деза хьуьнхара. Iалам а девзи вайна, акхарой а девзи, керла байт а йевзи. Шуна хазахийтирий

Гацаев С. йазйина байт? Вайн доттагIий ЧIирдиг а, Дошлиг а ву оцу байта шайна доккха гIо ди бохуш Iалам довзарехь. Шуна хилирий цунах гIо? ТIедогIучу дарсехь йуха а гIур ду вай кхидIа Iалам довза.

• **Берийн хаарийн мах хадор.**

• **ЦIера болх:**

– Тептар тIе шайна байтехь хазахеттачу акхаройн суьрташ дахка.

– Текстан чулацам схьабийца Iама.

• **Рефлекси йар.**

«Мила ву самукъане?».

Шайн дог-ойланца догIуш долу сурт къастаде.






Дарсан цIе: **Ахмадов Муса. «ГIундалгIеш, цIазамаш, муьргаш, комарш»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Ахмадов Мусас йаздина «ГIундалгIеш, цIазамаш, муьргаш, комарш» цIе йолу керла туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду стоьмийн билгалонаш йовза а, дика а, вон а къасто а.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду ойла а йеш, хаттаршна жоьпаш дала а, Текстаца болх бан а.

Личностни: дешархошна хуур ду дика а, вон а къасто.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• Къамел шардар.

Шабар-шибар деш
Лаьтта Iежийн беш.
Зингат догIу дедда,
Зу йу тIехьайедда.
Ш-ш-Ш – лаьтта Iежийн дитт,
З-з-З – зингат догIу дедда.

• Дарсан Iалашонаш йовзийтар.

– Бераш, Iаматан 76-гIа агIон тIехь цхьа тамашийна дешнаш ма го суна. Хьовсийша, и агIо схьа а йеллий, шуна девзий уьш? Мила ву оцу туьйранан автор? Хетарехь, вай Iаламах хаарш алсамдаха йуха а хьошалгIа даха деза. ЧIирдиган баба йолчу гIур ду вай тахана. Цига кхача вайна гIо дийр ду Ахмадов Мусас йаздинчу туьйрано.

• Актуализаци.

– Хьехархочо доьшу туьйра.

– Дошамца болх.

ГIундалгIи (йу), гIундалгIеш (йу) – кегий Iаьржа буьртигаш долу кондар.

Муьрг (йу), муьргаш (йу) – цIен, къаьхьа, дарбане стоьмаш (муьргаш) латош йолу лекха кол.

Комар (йу), комарш (йу) – кегий, кIайн, Iаьржа, дитта тIехь хуьлу стоьмаш.

Йараш (йу) – лекха чIогIа буц.

Горголг (йу), горгалгаш (йу) – горга кеп йолу хIума.

Бартхатта – жоп деха.

Бай-цIазам (ду), бай-цIазамаш (ду) – бай тIехь довлу цIазамаш.

ИКТ-н-у тIехь гойту церан суьрташ.

• СадаIаран минот.

«Мила ву тхан цIа чохь Iаш»

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, (Куьйгаш тоха.)

Мила ву тхан цIа чохь Iаш? (Шаьш лаьттачохь когаш бетта.)

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ, (Шаьш лаьттачохь кхийсало.)

Дада, нана, йиша, ваша,

Циций, Дошлиг, ЧIирдиг а, (Шаьш лаьттачохь когаш бетта.)

ДоттагIий сан шортта бу, (Аьтту, аьрру агIор дегI саттадар.)

Бертахь дехаш тхо ма ду. (Куьйгаш тоха.)

• Текстаца болх.

– Шега бабас аьллачух нийса а ца кхетий, стенна тIехь гIалатволу ЧIирдиг? ДIадеша и могIанаш.

– Хьайна хазахетта могIанаш дIадеша дийцар тIера. Дийца, хIунда хаьржина ахь и могIанаш.

– «Цундела, басе а хьаьжна, цхьана а хIуманан мах хадо мегар дац» хIокху дешнех муха кхета хьо? МаьIна де церан.

– Шу хиллий хьуьнхахь» дийца, шайна девзачу диттех, коьллех лаций. Белхан тептар тIе сурт дилла церан.

– Дийцаран чаккхенехь бабас ЧIирдигна диначу хьехарх пайда оьций ахь?

– ХIума довза хIун дан деза аьлла хета хьуна?

• Белхан тептарца болх.

Лахахь далийнчу суьрташна йукъара гIундалгIийн а, цIазамийн а, комарийн а, муьргийн а суьрташ нийса билгалде хIоранна цIе тIейазйарца.

• ЖамI дар.

– Бераш, керла хIун девзи шуна тахана?

– Iаламах керла хIун девзи шуна (стоьмийн цIераш)

– ЧIирдиган бабас дина хьехар муха хийтира шуна?

– Аш пайдаоьцур буй оцу хьехарх?

• Берийн хаарийн мах хадор.

• ЦIера болх:

– Туьйра деша, чулацам схьабийца.

• Рефлекси. (ХIора а дешархочо шен тептар тIе малх буьллу, дарс чекхдолучу хенахь шайн йолу дог-ойла муха йу гойтуш).





Дарсан цIе: **Гелагаев Сайд-Мохьмад. «Олхазарийн къамел»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Гелагаев С.-М. йазйина «Олхазарийн къамел» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду олхазарш довза а, вайн маттахь церан цIераш йийца а.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду туьйранан турпалхошца керла дешнаш довза а, церан маьIна билгалдан а.

Личностни: дешархошна Iемар ду массо а садолчу хIуманца къинхетаме хила дезий.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• ЦIера болх таллар

– Фронтальни хаттарш а луш, М. Ахмадовн дийцаран чулацам бийцийтар.

• Къамел шардар.

«Чехкааларца болх».

Шина чиркхан ши шиша, шина шичин ши йиша

1. Дешдакъошца деша чехкаалар.

2. Жимма сих а луш, деша чехкаалар.

3. Дуьйлалуш сиха, йешна довлуш болар лах а деш, деша чехкаалар.

4. Чехкаалар санна деша.

• Дарсан Iалашонаш йовзийтар.

Дешархой балхана йукъабалор.

Маржа йаI-кха, можа хьоза,
Хьан ши тIам белара сан.
Лелар вара, тIемаш лестош,
Даим сайн кIорнеш гуш.

– ХIун маьIна ду аьлла хета шуна оцу могIанийн?

– Муха лелар вара боху автора?

– Хьехархочо берашца Даймахкарчу олхазарийн цIераш йоху.

– Бераш, вай тахана стенах лаьцна дуьйцур ду аьлла хета шуна?

– Нийса боху. (Олхазарех, церан мукъамех.)

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош.

Бераш, вайца хьуьнхахь Iалам довза араваьлла волу ши доттагI ЧIирдиг а, Дошлиг а мичахь ву хаьий шуна? И шиъ дера ву олхазарийн цIераш йовза гIерташ байташ йоьшуш. Шуна лаьий церан цIераш йовза? ТIаккха вай йеша йеза Гелагаев С.-М. йазйина «Олхазарийн къамел» цIе йолу байт. (Хьехархочо йоьшу байт.)

– Берашка йоьшуьйту байт.

• Дошамца болх.

ИКТ-н-у тIехь суьрташ гойтуш, олхазарийн цIераш йовзийтар.

ЧIевна (йу), чIевнеш (йу) – беха мара а, йеха цIен ши ност а йолу олхазар.

Маьлхахьоза (ду), маьлхахьозарчий (ду) – можачу басахь, мас йолу жима олхазар.

Селасат (ду), селасаташ (ду) – зевне аз долу олхазар.

Кондар (йу), кондарш (йу) – кол.

ЦIаьлгIарз (ду), цIаьлгIарзаш (ду) – Iай декаш долу, жима олхазар.

Зарзар (ду), зарзарш (ду) – хаза йиш йолу жима олхазар.

Эххара – тIаьххьар а.

• Текстаца болх.

– Бераш, стенах лаьцна йу вайн байт? Дийца.

– ХIун къовсам бу олхазаршна йукъахь? Дийца

– Кхин муьлха олхазарш девза хьуна? Дийца

– ХIокху байта тIехь хьайна йевзина олхазарийн цIераш белхан тептар тIе дIайазйе. Караде церан суьрташ.

Бераш, дIайазйиний олхазарийн цIераш?

Аш нийса йазйиний хьовсий вай? Нийса ца йазйинчо дIанисйо.

• СадаIаран минот.

Цициг-мициг мича дахна?

Дай чу дахна. (БІаьргаш меттахдоху.)
До-мо мича бахна?
Іам чу бахна. (Корта куьйгашца схьалоцу.)
Іам-мам мича бахна?
Булано мелла. (Корта меллаша хьовзабо.)
Була-мула мича йахна?
Лам тІе йахна. (Куьйгаш хьаалаайдо.)
Лам-мам мича бахна?
Буьхьиго баьжна. (Меллаша когаш бетта.)
Буьхьиг-муьхьиг мича йахна?
Барзо йиъна. (ПІелгаш меттахдоху.)
Борз-морз мича йахна?
Ткъа борз.... деша йахна. (Охьаховшу.)

• Белхан тептарца болх.

Лахахь долчу суьрташна йукъара «Олхазарийн къамел» байта тІехь дуьйцуш долу олхазарш билгалдаха.

• Йешаран говзалла кхиор.

Дешархошка байтан цхьацца могІа боьшуьйту могІанехь билгалдинчу олхазаран озаца. ГІийлачу озана тІера чІогІачу озане доьрзуш, иштта бІостанехьа а йоьшуьйту берашка.

• ЖамІ дар.

Бераш, вайна тахана девзинчу олхазарийн цІераш вайца цхьаьна доьшуш волчу Дошлиге а, ЧІирдиге а дІайийций вай? (Берашка цІераш йохуьйту байтехь девзинчу олхазарийн.)

Бераш, Дошлигаца а, ЧІирдигаца а доьшуш хаза дуй? Аш гІо дийр дуй царна дика деша?

• Хаарийн мах хадор.

• ЦІера болх:

– Гелагаев С.-М. «Олхазарийн къамел» байт дагахь Іамайе.

– Шайна гиначу олхазарех лаций йазде.

• Рефлекси. «Баркаллин кехат». (Берашна кегий кехаташ а лой, цаьрга цу тІехь шайна дарсехь гІо хиллачух лаьцна ши-кхо дош йаздойту).

Дарсан цIе: **Мамакаев Мохьмад. «Хьуьнан илли»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Мамакаев М. йазйина «Хьуьнан илли» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду диттийн цIераш йовза а, Даймахкара Iалам довза а.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду ойла а йеш, Iаматца болх бан; хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала.

Личностни: дешархошна хуур ду Даймахкара Iалам деза а, цуьнца къинхетаме хила а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

– Чехкааларца болх.

Жера хенахь жоьла йолчу

ХьаргIа йогIу жаIу волчу.

«Жолам, жолам,» – бохуш йоьлху

ЖаIу лаьтта ХьаргIе хьоьжуш

1. Дешдакъошца деша чехкаалар.

2. Жимма сих а луш, деша чехкаалар.

3. Дуьйлалуш сиха, йешна довлуш болар лах а деш, деша чехкаалар.

4. Чехкаалар санна деша.

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

Бераш, цкъа а хьуьнхахь хиллий шу? Хиллехь дийца муха ду цигахь? ХIун тайпа дитташ, олхазарш девза шуна? Вайн доттагIашца ЧIирдигца а, Дошлигца а Iалам довза арадевлла ма ду вай. Тахана вайна девзар ду «Хьуьнан илли». Иза йаздина вайн нохчийн йаздархочо Мамакаев Мохьмада. Оцу иллица кхидIа вайн Iалам а девзар ду вайна. Схьакхайкха вайн доттагIашка, хьуьнан илли ду долалуш.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочо йоьшу байт.

– ИКТ-н-у тIехь суьрташ а гойтуш, керла дешнаш довзуьйту, тептар тIехь дIа а йаздойту.

Наж (ду), нежнаш (ду) – онда дечиг йолу доккха дитт.

Хоршехь лесташ – шелонна эгош (лесташ).

Хьех (ду), хьехаш (ду) – накхармозаша дургал оьцу заза латадо, кIеда дечиг йолу дитт.

Стеш (ду) – тIехь кегий, цIен стоьмаш кхуьу кол.

ЧIана йохьуш (йу) – рицкъа, йаахIума йохьуш.

• Текстаца болх.

– Автора хIун къайле ган дуьйла боху хьун чу?

– Вайна бевзаш дахка а ма бу оцу иллехь буьйцуш. Муха гойтуш бу иза?

– Дийца буц, дахка хIун деш гойту автора?

– ХIун стоьмаш бу хьуьн чохь, муха йаздина царах автора?

– Дийнатийн, олхазарийн дахар муха гайтина йаздархочо. Караде и могIанаш, дIадеша.

– Шу хиллий хьуьнхахь? Поэта гайтинчух тера дарий шуна хьуьнхахь гина сурт?

• СадаIаран минот.

(Куьйгаш меттах дохуш, пIелгашца дагардо).
Цхьаъий, шиъий, кхоъий, диъ –
Дечках детта ира диг.
Пхиий, йалхий, ворхIий, бархI –
Дечках хуьлуш лаьтта барз.
Иссий, иттий дагарди,
ТIаккха йуха долади:
Цхьаъий, шиъий, кхоъий, диъ –
Дечках детта ира диг.
Пхиий, йалхий, ворхIий, бархI –
Дечках хуьлуш лаьтта барз.
Иссий, иттий кхачади,
Дагардан вай Iамади. (І. Вагапов)

• Белхан тептарца болх.

1. Белхан тептар тIехь дийца хьуьнхахь кхин хIун хуьлу.

2. Хьуьнхахь айхьа тидам биначух лаций йазде.

• ЖамI дар.

– Бераш, муха хийти шуна хьуьнхахь?

– Диттийн цIераш йевзин шун?

– Вайн доттагIашна а, вайна а тахана йевзина диттийн цIераш йийций вай? (Берашка йуьйцуьйту диттийн цIераш)

• Дарсехь биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– «Хьуьнан илли» байт дагахь Iамайе.

– 6-чу хаттарна жоп тептар тIе йазде.

• Рефлекси йар.

Цхьа фраза къастайе хьайна уллехь Iачу дешархочух лаций.

– Хьо дика дешархо ву!

– Со реза ву/йу ахь биначу балхана.

– Хьайна лиъча, кхин а дика болх балур бара хьоьга.

IA – 6 сахьт

Дарсан цIе: **Ахмадов Муса. «Керла шо»**

Дарсан Iалашо: М. Ахмадовн «Керла шо» цIе йолу керла байт йовзийтар. Дешархошна шеран мур – Iа бовзуьйтур долу хьелаш кхоллар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна йевзар йу керлачу шеран коьрта билгалонаш.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду байта тIехь дустарш муха гайтина ду а хьожуш, Iаьнах йолу шайн ойла нийса йовзийта.

Личностни: дешархошна Iемар ду керлачу шарахь хуьлу хийцамаш а, кхечу хенах Iаьнан хан къасто а.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• Къамел шардар.

Іаппаза – Лечи.
Лечи басахь:
тахкий – дахкий,
цІамарий – цІумарий,
цІука дІабаккха –
ЦІузик!

1. Дешдакъошца деша.
2. Жимма сих а луш, деша дагардар.
3. Сиха деша хьовса.

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар.

– Бераш, вайн доттагІийн Дада ву боху цхьа хаза дийцар дуьйцуш. Вайна тІекхочуш долчу самукъанечу дийнах лаьцна ду и дийцар. ЛадогІа, тахана дарсехь вайна а оьшур ду Дадин и хаза дийцар.

– Хозуьйту «Іа» цІе йолу туьйра.

– Ма хьекъале хуьлу-кх Дадин дийцарш, хуьлий, бераш? «ЦІенана» хІунда олу-те, ца кхеташ хуьлура со-м, ткъа тахана, дадин дийцаре ладоьгІча, кхийти со-м. Шу кхийтирий, бераш? Муьлха деза де ду вайн доттагІаша дуьйцург? Керла шо, нийса ду. Керлачу шарах лаьцна шуна хІун хаьа кхин? Вайн доттагІаша ма-дийццара хьалха иза кхечу дийнахь даздеш хиллий, хаьарий шуна?

– Самукъа-м долу вайн доттагІийн дийцаршка ладоьгІуш, ткъа вай а дийций цаьрга вайна хуург? Цкъа хьалха Ахмадов Мусас йазйина «Керла шо» цІе йолу керла байт йевзар йу вайна. ТІаккха хуур ду вайна Керлачу шарах лаьцна дийца.

• Актуализаци.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дешархошка йоьшуьйту.

• Текстаца болх.

– Муха дог-ойла кхуллу хьан хІокху байто: сингаттаме, самукъане, ойлане?

– «Басахь Іуьллу кехат кІайн» бохучух муха кхета хьо? Муха дуьллу цу тІе сурт? Аш дохкий иштта суьрташ?

– «Хьуьнан акха бахархой» муьлш бу? Багарбе хІокху байтехь хьахийнарш.

– «Акха бахархой» боху дош къовларш йуккъе хIунда лаьцна автора? Муьлш бу цо цигахь буьйцурш?

– Стенах самукъдаьлла берийн?

– Хьуна хазахетий Керла шо тIедогIуш? Стенах самукъдолу хьан цу дийнахь?

– Кху байташкахь хьахийнчу акхароша Iа муха доккху хаьий хьуна? Цунах лаьцна хаамаш лаха. Хьайна луъучу цхьана экханах йазде. Цунах лаьцна дийца класса чохь.

• СадаIаран минот.

Цхьаъ ду ирахь лаьтташ хьажа, (ХьалагIовтту.)
Сихло бераш, Iама лар.
КхидIа шиъ ду, дагарде,
Хи тIехь гIургIаз тергалйе. (БIаьргаш схьадоьллуш – дIакъовлуш.)
Вовшех бихкина ши мIара, (Куьйгаш хьовзадо.)
Кхоъ схьакхечи, ларло, чIара.
Салти лаьтта салам делла, (Куьйгаш хьалаайдо.)
Цунах вайна диъ тарделла.
Маьрсах тера хуьлу пхиъ, (Корта хьовзабо.)
Болар кура хуьлу кхин а.

• Йешаран говзалла кхиор.

– Керла шо тIекхочуш хIун дог-ойла хуьлу шун? (самукъане)

– Ткъа Керлачу шарах лаьцна байт йоьшуш муьлхачу озаца йеша йеза? (самукъанечу, айдинчу озаца).

Самукъанечу, айдинчу озаца берашка байт йешийтар.

• Белхан тептарца болх

– Лахахь далийна элпаш дIанисдеш, царах хуьлу дош дIайазде.

Ош алрек	Керла шо
Адад аругI	ГIура – Дада
Инзаь нйал	Лайн – Аьзни

• ЖамI дар.


– Бераш, стенах лаьцна дийци вай тахана? ХIун девзи вайна керла? Керла шо тIекхачаре сатуьйсуш дуй шу? Кечам бийр буй аш цунна?

• Дешархойн хаарийн мах хадор.

• **ЦIера болх:**

– М. Ахмадовн «Керла шо» байт дагахь Iамайе.

• **Рефлекси йар. «Кхиамийн лами»**



Дарсан цIе: **Дикаев Мохьмад. «Iаьнан бIаьргаш»**

Дарсан Iалашо: Дикаев М. «Iаьнан бIаьргаш» цIе йолу керла байт йовзийтар; дешархошна шеран мур – Iа бовзуьйтур долу хьелаш кхоллар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна йевзар йу шеран мур-Iа бовзуьйту коьрта билгалонаш.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду байта тIехь дустарш муха гайтина ду а хьожуш, Iаьнах йолу шайн ойла нийса йовзийта.

Личностни: дешархошна Iемар ду Iай хуьлу хийцамаш, кхечу хенах къасто.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

– «Чехкааларца болх»

Човкас чантал чехайо:

"ЧIевна хилла чIийжа хьо.

ЧайтаI бен чу гIуртур йу.

ЧIечкъаш чагIалкх кхочур ду".

1. Дешдакъошца деша.

2. Жимма сих а луш, деша чехкаалар.

3. Сиха деша хьовса.

4. ГIийла деша чехкаалар.

• Дарсан Iалашонаш йовзийтар.

– Бераш, даханчу дарсехь, вайн доттагIашка ЧIирдиге а, Дошлиге а Керлачу шарах лаьцна вайна Iемина хаарш дуьйцур ду ма элира вай элирий? Дийцийша тIаккха хIун хаьа шуна Керлачу шарах лаьцна? (Берашка дуьйцуьйту Керлачу шарах лаьцна.)

– Ма дукха хаарш хилла шун оцу дезчу дийнах лаьцна. Ткъа тахана, Iаьнах долу хаарш алсам а дохуш, Дикаев М. йазйина «Iаьнан бIаьргаш» цIе йолу байт йоьшур йу вай.

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош.

Бераш, «Iаьнан бIаьргаш» бохург хIун ду аьлла хета шуна? Вайнаш санна буй-те и бIаьргаш? Дикаев М. муха гайтина, хьовсий вай, уьш? Хьан йоьшур йара цуьнан байт?

– Берашка йоьшуьйту байт.

– ГIалаташ даьхнехь, уьш нис а деш, йоьшуьйту байт.

• Текстаца болх.

– Муха гайтина «Iаьнан бIаьргаш» автора?

– «Iаьнан бIаьргаш» цIе хIунда тиллина хета шуна поэта?

– Iаьнан сибат муьлхачу васташца гайтина поэта?

– Iаьнан денош сирла хилар муьлхачу дешнашца дуьйцу? ДIадеша и дешнаш.

– Йаздархочунна «Iаьнан бIаьргаш» гина, ткъа шуна муха го Iа? Дийца.

• СадаIаран минот.

ХIинца-м полла самабаьлла,
Озабелла, арабаьлла.
Цхьаъ – йуьхь тIе хи а хьаькхна,
Шиъ – жимма го а баькхина.
Кхоъ – кхерабелла охьахиъна,
Диъ – тIаккха тIемаш шен ластийна,
Дарсе и схьабеъна,
Деша вайца охьахиъна.

• Белхан тептарца болх.

Муха синхаамаш бовзийта гІерта «Іаьнан бІаьргаш» байтан автор? Хьайна нийса хетачу жоьпашна кІел сиз хьакха.

Хазахетар, гІайгІа, бала, халахетар, синпаргІато, синъайъам, оьгІазалла, догдиллар, самукъдалар.

• Йешаран говзалла кхиор.

Іа тІекхаьчча хІун дог-ойла хуьлу шун? (Ловза лууш, самукъане.)

– Ткъа Іаьнах лаьцна байт йоьшуш муьлхачу озаца йеша йеза? (Самукъанечу, айъинчу озаца.)

Самукъанечу, айъинчу озаца берашка байт йешийтар.

• ЖамІ дар.

– Бераш, хІун девзи вайна тахана?

– Іа тІекхаьчна хазахетий шуна?

• Дешархойн хаарийн мах хадор.

• ЦІера болх:

– Дикаев М. «Іаьнан бІаьргаш» байт дагахь Іамайе.

• Рефлекси йар. (Шайна хеташ долчу дешнашца алам чекхбаккхар.)

• Суна тахана дарсехь девзи …

• Ас сайна кхин а Іамо деза …

• Суна дарсехь тахана хазахийтира …

Дарсан цІе: **Умхаев Хьамзат. «Шийла Іа»**

Дарсан Іалашо: Умхаев Хь. йазйина «Шийла Іа» цІе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду Іаьнах самукъдаларан кеп муха хуьлу.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду байта тІехь дустарш муха гайтина ду а хьожуш, Іаьнах йолу шайн ойла нийса йовзийта.

Личностни: дешархошна карлабевр ду Іаьнан хиламаш.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Шера деша аз -Та-:

Та-Та-Та – хаза хуьлу Iалам бIаьста,

Ду-Ду-Ду – бераш арахь ловзуш ду,

Та-Та-Та – лайн чимаш ду оьгуш шортта,

Ду-Ду-Ду – доттагIашца доьшур ду.

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

– Бераш, Iаматан 87-гIа агIо схьайиллича, цхьа шийла йолуш санна ма хетало суна-м. Схьайеллийша и агIо, хьовсийша цу тIехь дерг хIун ду. (Берашка йоьшуьйту байтан цIе).

– ХIаааа, «Шийла Iа» аьлла цIе йолу дела хетта хир ду суна иштта. Ткъа и байт-м хаза йолчух тера ма хета суна, шуна хIун аьлла хета? Йешча хуур ду. Ткъа хIун Iалашонаш хIиттайо вай тахана дарсехь? (Берашка йуьйцуьйту Iалашонаш.)

• **Актуализаци.**

– Дешархой дарсана йукъабалор.

Iуьйре. Даккхий чимаш долуш,

Тийна, паргIат догIу ло.

Ткъа бераш а шаьш ца кIадлуш,

Салазаш тIехь хехкало. *(Эдилов Х.)*

– ХIокху байтехь дуьйцург а Iа дуй бераш? Салазаш тIехь хехкало бохуш дуьйцу оцу байтан авторам-м, шу йуй салазаш? Хехкалой шу цу тIехь? Умхаев Хьамзата йазйинчу байтехь Iа муха гайтина хьовсий вай?

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Берашка йоьшуьйту.

• **Текстаца болх.**

– Стенах лаьцна дуьйцу поэта байтехь?

– ДогIуш долу ло стенца дусту поэта? Кара а бай, дIабеша и могIа.

– Салазна хIун дустар карийна поэтана?

– Iа Iаламан уггар шийла хан йоллушехь берашна дукха хIунда деза Iа? Дийца.

– Байтан турпалхо хьайх тера хетий хьуна? Цуьнан санна, самукъдолий хьан Іаьн тІехь? Дийца стенах ловзу хьо?

– Байтан цІе «Шийла Іа» хІунда тиллина хета хьуна?

Турпалхочунна хаалуш йуй шело? Ахь хІун цІе туьллур йара байтана?

– Шеран муьлха хан йу хьуна дукхайезаш? Дийца, хІунда?

– КІентан, ненан йукъаметтиг муха гойту автора?

– КІанта стенах аьлла маса "дин"?

– Шуна хаьий стенах олу дин?

• СадаІаран минот.

Цхьаъ – дегІ озаде,
Шиъ – охьатаІа, хьалатаІа,
Кхоъ – куьйгаш тоха кхузза,
Корта ластабеш.
Диъ – куьйгаш дІасадахийта,
Пхиъ – кема санна хьийзаде,
Йалх – охьахаа, дешар доладе!

• Йешаран говзалла кхиор.

Іа тІекхаьчча хІун дог-ойла хуьлу шун? (Ловза лууш, самукъане.)

– Ткъа Іаьнах лаьцна байт йоьшуш муьлхачу озаца йеша йеза? (Самукъанечу, айдинчу озаца.)

Самукъанечу, айдинчу озаца берашка байт йешийтар.

• Белхан тептарца болх.

• ЖамІ дар.

Бераш, вай йешначу байтан цІе «Шийла Іа» хиллехь а, и йоьшуш-м цхьа дагна йовхо хуьлура, хуьларий? Іаьнах лаьцна керла хІун девзи шуна? Салазаш хехка гІур дуй шу? Шун самукъдер дуй лайн чимех?

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦІера болх:

– «Шийла Іа» цІе йолу байт дагахь Іамайе.

• Рефлекси йар.

«Зезаг – дика доьшург»

Бераша шайн дог-ойланах терра бос а болуш зезаган гІа къастадо. Цул тІехьа дерриге гІаш цхьаьна зезаг чохь гулдо.



Дарсан цІе: **Алиев Мохьмад. «Пхьар»**

Дарсан Іалашо: Алиев Мохьмада йаздина "Пхьар" цІе йолу керла дийцар довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна хуур ду «пхьар» мила ву, дийцарахь иза муха гайтина а.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду дийцаран коьрта ойла схьалаха, цунах кхета.

Личностни: дешархошна хуур ду куьйган говзалла йолчу стеган оьздангалла шен сица йуй а, цу тайпачу адамех масал эца мегар дуй а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

(Цкъа дешдакъошца, тІаккха сихачу озаца дІайеша):

Дика, Докка кертахь ву,
Кертахь бедаш лоьхкуш ву.
Дика, Докка во ма лела,
Дика – ахь дика деша,
Докка – хьо хилахь цкъа воккха!

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

Бераш, «пхьар» мила ву хаьий шуна?

Пхьар – иза куьйган говзанча ву. Шен куьйга массо а хIума дан хаьа цунна. Тахана Алиев Мохьмадан дийцар а доьшуш, хьовсур ду вай хIун говзалла йолуш ву цуьнан турпалхо.

• Актуализаци.

– Хьехархочо доьшу дийцар.

– Дошамца болх. (Ца девза дешнаш тептарш тIе дIа а йаздойтуш, церан маьIна досту).

– Берашка, рогIалла а ларйойтуш, доьшуьйту туьйра.

• Текстаца болх.

– Салманна бенаш дан дага муха деара?

– Асетна хIун деш гира шен кIант?

– Резахилирий Асет кIанта дечунна? ДIадеша и могIанаш.

– Маса бен бира Салмана цхьана дийнахь?

– Дикачу гIуллакх тIехь хьан гIо дира Салманна?

– Муха кечдира шина кIанта олхазарийн бенаш?

– Муха ши кIант ву Ризванний, Салманний?

– Аш диний олхазаршна бенаш?

– ХIокху дийцаро адам муха хила Iамадо?

• СадаIаран минот.

Махо ловзош ду вайн куьйгаш (куьйгаш хьовзадо)

Когаш гена идош бу (когаш меттахбоху)

БIаьргаш лардеш мархаш йу (бIаьргаш дIакъовлуш-схьадоьллуш леладо 3–5 сек.)

ПIелгаш хелхадуьйлуш ду, (ПIелгаш меттахдоху)

ХIинца-м деша а мегар ду!

• Белхан тептарца болх.

«Пхьар» дийцаран турпалхочух Салманах лаций йазде. Дийца муха гIуллакх ду цо динарг.

• Ша бен болх.

– «Къинхетам» цIе а йолуш шайн дийцар хIоттаде. Дийнаташца, олхазаршца шайн хиллачу йукъаметтигех лаций дийца.

• ЖамI дар.

– ХIун девзи шуна тахана керла?

– Къинхетаме хилар дика дуй?

– Шу хир дуй иштта?


• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Алиев М. «Пхьар» дийцаран чулацам схьабийца.

• Рефлекси йар.

Шайн белхан мах хадор.



Дарсан цIе: **Метафора. Хаар-Зер.**

Iалашо: Метафора хIун йу а, дийцаршкахь, байташкахь цо лелош долу маьIна довзийтар. Литературе безам бахийтар.

Дарсан кеп: Iамийнарг тIечIагIдар..

Дарсан гIирс: ИКТ-у, тептар, ручка.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• Актуализаци.

– Бераш, метафора олуш хезний шуна цкъа а? Метафора а йолуш шортта дийцарш а, байташ а йийши вай вайн дарсашкахь. Ткъа тахана, и хIун йу билгал а даькккхина, болх бийр бу вай.

– Хьехархочо дуьйцу метафора хIун йу. Масалш а даладо.

ЖовхIар (ду), жовхIарш (ду) – механа деза а долуш, хIорда бухара доккхуш долу кIайн горга туьте (жемчуг).

• «Хаарш-Зер» цIе йолчу рубрикица болх.

– Тидам бирий аш Iаьн тIехь адамийн а, дийнатийн а дахар муха хуьлу? Дийца, Iаьнах лаьцна керла хIун девзи шуна?

– «Хьаьрса доттагI» дийцар тIехь йаздархочо Iай дийнатийн дахар муха гайтина схьадийца.

– Дийца шуна хазахетий Iай?

– Стенах ловза шу Iаьн тIехь?

– Iаламан хенех лаьцна керла хIун девзи шуна дийцар йу-къара?

– Дийцарна йукъара хиламаш мичахь дIабоьлхуш бу аьлла хета хьуна: гIалахь, йуьртахь? Дийца хIунда хета хьуна иштта.

• «Метафора» дийцар дешийтар. Текстаца болх.

– Бераш, вайн доттагIех лаьцна дийцар деша хьанна лаьа? (Луучуьнга доьшуьйту).

– Вайн доттагIаша дийци, шайна муха го Iаьнан аре. ХIинца аш а дийца шайна и муха го.

– Бераш, Дикас ма тамашийна хаза гойту-кх Iаьнан аре, шен дийцар хаздан, стенах пайдаоьцу аьлла хета шуна цо? Нийса ду, метафорех.

– Цхьаьна уьш билгалйаха хьовса вай: дети а, жовхIарш а Iанийна лаьтта, Массо а хIума къегаш йу.

• Тобанашкахь болх

1. Дикаев М. «Iаьнан бIаьрга» цIе йолу байтера метафора схьалаха.

2. Ахмадов М. «Керла Шо» байтехь метафора схьалаха.

3. Умхаев Хь. «Шийла Iа» байтехь метафора схьалаха.

4. Алиев М. «Пхьар» цIе йолчу дийцарера метафора схьалаха.

• Белхан тептарца болх.

– Дике Iаьнах шен хиллачу тидамех лаьцна дийцар доьшуьйту. Берашка шайн хиллачу тидамех а дуьйцуьйту.

• ЖамI дар.

– Хьоме бераш, тахана Iаьнах лаьцна долу Iаматан дакъа чекхдели вайн. ХIун девзи шуна хIокху декъа тIера? – ХIун дагалецамаш буьсур бу шун?

• Дешархойн хаарийн мах хадор.

• ЦIера болх:

– Iаьнах лаьцна шайн болчу сатийсамех лаций шеца метафора йолуш доцца дийцар йаздан хьажа.

Рефлекси йар.

– ХIун болх бан ницкъ кхечи шун?

– Суна девзи керла ….

– Суна Iеми иза деша…

– Суна хии сайн дешнашца жоп…

ДОТТАГІАЛЛА – 4 сахьт

Дарсан цІе: **Макалов Шамсудди. «Кхо полла»**

Дарсан Іалашо: Макалов Ш. йаздина "Кхо полла" цІе йолу керла туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду доттагІий а, накъостий а боху дешнаш нийса къасто.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду туьйранан турпалхошца зІе йолуш санна тобанехь болх бан.

Личностни: дешархошна хуур ду, доттагІалла муха лело деза а, вовшашна гІо оьшучохь орцахдовла а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Деша, (г) аз къаста а деш.

Голаш хецна уьду Говраш.
Чехка хьийза Говран Голаш,
Гезарий йу деш Ге-Ге-Ге.

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Бераш, Іаматан 97-гІа агІон тІехь цхьа кхо полла ма бу буьйцуш. Хьовсийша и агІо схьа а йеллий. Полла гиний шуна? Хазахетий шуна и? Кхера-м ца кхоьру шу полланах? Ткъа кхо полла хІунда аьлла-те оцу туьйранах? Кхо накъост олуш хезний шуна? ДоттагІаллин махкахь вай хилча, кхо полла хІун гергарло долуш бу аьлла хета шуна?

– Деша мила ву оцу туьйранан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

– Вайна тахана Макалов Ш. йаздина «Кхо полла» цІе йолу керла туьйра девзар йу.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочо доьшу туьйра.

– Дошамца болх. (керла дешнаш тептарш тІе схьа а йаздойтуш, церан маьІна довзуьйту).

Ткъес (ду), ткъесаш (ду) – догІа догІуш, стиглахь туху цІеран сиз (стелахаьштиг).

Къевкъина – стелахаьштиг тохале хьалха йолу йоккха гІовгІа.

АлцІензІам (ду), алцІензІамаш (ду) – цІен бос болу зезаг (тюльпан).

Жовзан (ду), жовзанаш (ду) – зезагийн тайпа.

Уьйр (йу), уьйраш (йу) – гергарло.

Орцахдовла – гІо дан.

– Берашка рогІалла а ларйойтуш доьшуьйту туьйра.

• Текстаца болх.

– ХІун деш бара кхо полла?

– Полларчий ловзар хІунда дуьйхира?

– ХІун дан дагдеара царна?

– Хьаьнга гІо дийхира цара?

– Дуьххьара хьанна тІе дахара уьш?

– Муха жоп делира царна алцІезІамо?

– ХІунда реза ца хилира цІей, можий полларчий алцІезІаман гІо тІеэца?

– Цул тІехьа хьанна тІедахара уьш?

– КІайниг хІунда реза ца хилира жовзана бохучунна?

– Полларчий тешаме доттагІий хетий шуна? ХІунда?

– ХІара дийцар ду йа туьйра ду? ХІунда хета хьуна иштта?

– ХІокху туьйранехь коьртаниг хІун ду аьлла хета шуна?

• СадаІаран минот.

«Доккха элп»

Ас аьлла долу дешнаш доккхачу элпаца йаздан дезахь – куьйгаш хьалаайде, жимачу элпаца йаздан дезахь – когаш тІе охьаховша:

ЧІирдиг, цициг, туьйра, Орга, Дошлиг, дешархо, хи, дитт, хьун, жІаьла, Даймохк, Хеда, хьоза, Муслим, дарс.

• Йешаран говзалла кхиор.

– ДогІа догІучу хенахь муха дог-ойла хуьлу вайн? (Сингаттаме, гІайгІане.)

– ДогIа гойтуш долу туьйра муьлхачу озаца деша деза вай? (ГIийлачу лахдинчу.)

Туьйранехь догIа догIуш йолу кийсак схьа а лахий, гIийлачу лахдинчу озаца йеша и.

– Малх кхеттачу хенахь муха дог-ойла хуьлу вайн? (Самукъане, сапаргIат.)

– Малх кхетта хан гойтуш долу туьйра муьлхачу озаца деша деза вай? (Самукъанечу айдинчу.)

Туьйранехь малх схьакхеташ йолу кийсак схьа а лахий, самукъанечу, айдинчу озаца йеша и.

• Белхан тептарца болх.

1. «Кхо полла» дийцарахь муьлхачо хIун элира билгалдаккха лахахь санна.

«ЦIениг, можаниг ас чубуьтур бу, ткъа кIайниг сан бос бац, и тIеэца сан йиш йац». (АлцIензIам.)

«КIайн полла ас чубуьтур бу, иза сан басахь хиларна, ткъа шуьшиъ тIеэца сан йиш йац. Ашшимма шай-шайн бос лаха. ЦIениг, можаниг а сан бос бац». (Жовзан.)

«Сайн ши ваша дIатесна со Iийр бац хьоьца. Кхин некъ лохур бу оха кху кIелхьардовла».

«Хьуна баркалла, амма тхайн кIайн ваша дIатесна, тхойшиъ чубогIур бац». (КIайн полла.)

• ЖамI дар.

– Бераш, тахана керла хIун хии шуна?

– Вовшийн тешаме, къинхетаме хила дезий?

– ГIо дан дезий адамаша вовше?

– Аш дийр дуй шайгара эшначунна гIо?

Дарс дерзош, хьехархочо Демеев Iалавдин дешнаш даладо:

Диц ма де вайн доттагIалла,
Цуьнца ийна йу дикалла.

• ЦIера болх:


– Макалов Ш. «Кхо полла» туьйранан чулацам бийца.

– «Ас гIо до нахана» цIе йолу жима дийцар хIоттаде.

• Рефлекси йар.

«Дог-ойланан кехаташ». (Берашна доькъу цIен а, можа а, Iаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъада-

лар; цIен кехат – дог ца дар; Iаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша).



Дарсан цIе: **Бексултанов Муса. «ДоттагI»**

Дарсан Iалашо: Бексултанов М. йаздина «ДоттагI» цIе йолу керла туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: Iемар ду Текстаца болх бан, ойла йан.

Личностни: байт йешначул тIехьа, дешархошна хуур ду вовшашийн гIо лацар, гIиллакхан дакъа дуй.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Сиха а, дагахь а йешар, тIехьадогIу дешнаш хаа Iамош йолу упражнени.

Тхуна ца гира Ци___ Да___ с дугIу син___ р
Жи___г дIадии___ цо. ___ бас кеч___ шу___
Тхуна ца гира цициг, Дадас дугIу синтар,
Жижиг дIадиира цо. Бабас кечйо шура.

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

Схьайелла Iаматан 99-гIа агIо. Муьлха туьйра ду цу тIехь?

– Мила ву туьйранан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

– Вайна тахана Бексултанов Мусас йаздина ДоттагI" цIе йолу керла туьйра девзар ду. ДоттагIаллех долу хаарш карла а дохуш, шера а, нийса а йеша Iемар ду вай.

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош (Бераш, хьехархо чохь йоцуш класс чохь вон лелий шу? Вон лела мегар дац, даций? Къаьсттина, шаьш нахана йукъахь долчу хенахь. Бераш, ткъа шайн накъоста цхьа вон хIума дича, цунна гIо дой аш, иза йуьхьIаьржонах ларвеш? Иштта, аш санна, шайн накъост ларвеш, цуьнца гIиллакх хIоттийна волчу шина дешархочух ду тахана вай доьшур долу туьйра).

– Хьехархочо доьшу туьйра.

– Дошамца болх. (цадевза дешнаш тептар тIе схьа а йаздойтий, церан маьIна досту)

КIирйелла – леррина хьажа, тIевогIавала.

– Дийцаран план хIоттайойту берашка. Цу планаца чулацам бийца а хьовсуьйту.

• Текстаца болх.

– ХIун дина Вахас? Адама иза кIелхьара хIунда воккху, аьлла хета хьуна?

– Нийса хетий шуна Адама шен доттагI кIелхьараваккхар? Аш дийр дарий иштта?

– Шина кIанта динчух хIун дика ца хета шуна?

– ХIун дан дезара цаьршимма, гIант кагдича? Аш хIун дийр дара цуьнан метта хилча?

– Асет Алиевнас муха хила беза боху доттагIий? Текста тIера дIайеша и меттиг?

– «Шайгара гIалат даларх ма кхерало, и гIалат нисдан хьажа», – муха кхета хьо оцу дешнех, дийца.

– Шайгара даьллачу гIалатна къинтIера йаккха йезарий шина кIанта Асет Алиевна? Аш йоккхур йарий? Дийца, муха.

• СадаIаран минот.

«Йевзий хьуна хьайн класс?» Ловзар.

Хьехархо: «ЧIоггIа дIакъовла бIаьргаш. Ас вайн класс чохь йолчу хIуманан цIе йоккхур йу, аш и йолчу метте куьг хьажор ду. Ас бIаьргаш схьабелла аьлча шуна хуур ду шаьш нийса гайтина хилла йа ца хилла».

• Белхан тептарца болх.

1. «ДоттагIа» дийцарахь хьан хIун элира билгалдаккха.

Ваха: «Асет Алиевна, и гIант Адама ца кагдина, ас кагдина».

Асет Алиевна: «Муьлха ву шуьшиннах гІант кагдинарг… ловзуш-м вац шуьшиъ, хІан? ХІара дан хІун ду!?»


Адам: «Асет Алиевна, хьан ишкапа тІехь лаьтташ йолчу глобусе хьажа лууш вара со. Цу тІе кхача гІерташ гІанта тІе ваьллера со. Кагделира-кх и…»

– Ролашца туьйра дешийтар.

• Тобанашкахь болх.

– ХІора а дешархочун стоьла тІехь Іоххуш кехаташ ду тІехь хІора а адаман гІиллакх-оьздангалла гойтуш дешнаш а долуш. ДІадеша уьш, тобанца ойла а йай, дІадайъа царна йуккъера бакъволучу доттагІчуьнгахь хила йиш йоцуш долу дешнаш.

Кехаташна тІера дешнаш:



(Дикалла, буьрса, харцлер, собар, кІеда хилар, самукъане, догцІена, адамийн гІайгІа йолуш хилар, комаьрша, зуламе, тешаме, сутара, догъІаьржа, гІиллакхе, оьзда).

– Дагарде, муьлха дешнаш догІу хьан доттагІчуьнца?

– Шуьца хила йезий, шун доттагІчуьнгахь санна и амалш? ХІунда?

– Халкъалахь олуш ду: «Дика доттагІ лахар – иза ах болх бу, ша а хила веза и санна дика». Атта дуй-те дика доттагІ хила, хІун аьлла хета шуна?

• ЖамІ дар.

– Бераш, хаза дарий вай дешна туьйра?

– Вайн Іалашонца догІуш дарий и?

– ДоттагІалла чІагІдан хІун дан деза?

– Шу дуй дика доттагІий?

• Дешархойн хаарийн мах хадор.

• **ЦIера болх:**

– Бексултанов М. «ДоттагI» туьйра деша, чулацам схьабийца.

– Шайн доттагIчуьнца дарсаш деш сурт дилла.

• **Рефлекси йар.**

«Iалам».

Дешархошна гойту Iалам тIехь долу ши сурт. Цхьа сурт сингаттаме, кхоьлина Iалам долуш ду, ткъа шолгIаниг – самукъане, сирла Iалам. Берашка къастадойту шайн дог-ойлане хьаьжжина сурт.





Дарсан цIе: **Демеев Iалавди. «ДоттагIчуьнга кехат»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Демеев Iалавдин «ДоттагIчуьнга кехат» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, адамийн амалаш къастайо дешнаш а долуш кехаташ, ша-шен белхан мах хадоран кехаташ а.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду керлачу байтан коьрта ойла а йостуш тобанашкахь болх бан.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду Текстаца болх. а беш, хаттаршна дуьззина жоьпаш дала.

Личностни: дешархошна Iемар ду доттагIаллех долу дакъа дерзош, шайн ойланехь хилла болу хийцамаш бийца.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

ГIиллакх долуш велахь кIант
Цунна баьрччехь дилла гIант.
– Муха кхета шу хIокху дешнех?
– ГIиллакхца долу адам массара а лору бохург нийса дуй?
– Схьайелла Iаматан 101-гIа аго, муьлха байт йу цу тIехь йерг? Мила ву цуьнан автор? Йеша.

Тахана вай хьовсур ду, I. Демеевс шен доттагIчун муха ларам бо а, иза дика хила лууш, хIун хьехарш до а.

• Актуализаци.

– Бераш, I. Демеевс вайн доттагI ву шуна. Ма дукха пайдехь дийцарш а, байташ а йазйина цо вайна, йиний? Вайга дика дешийта а лууш, сагатдеш, вайна говзарш йазйеш хилча, доттагI ала мегий цунах? ХIунда?
– Хьехархочо йоьшу байт.
– Дошамца болх. (Цадевза дешнаш тептар тIе схьа а йаздойтий, церан маьIна досту.)

Хьуьнан бIар (ду), хьуьнан бIараш (ду) – кулла тIехь латош долу хьуьнхахь довлу кегий бIараш.
– Берашка йоьшуьйту байт.

• Текстаца болх.

– Генарчу доттагIчуьнца гергарло вовшашка кехаташ йаздеш лелош хилла. Аш йаздиний цкъа а доттагIчуьнга кехат?
– Шу вуй генахь вехаш доттагI?
– Генарчу доттагчуьнца муха зIе латтайо аш, дийца?
– Байтан турпалхочо хIун дуьйцу шен доттагIчуьнга?
– Караде дешнаш, йуьртан дахар дуьйцуш.
– «Диц ма де вайн доттагIалла, цуьнца ийна йу дикалла», муха кхета шу хIокху дешнех. МаьIна де церан.

• СадаIаран минот.

Оха йешна, дика дешна,
СадоIу хан хIинца эшна,
Куьйгаш меттахдохур ду (Хьала а айъина, куьйгаш лестадо.)
БIаьргаш а садоIур ду (БIаьргаш меттахдоху.)
Когаш бевдда доьлхуш ду, (Сиха когаш бетта.)
КхидIа деша бохуш ду.

• Белхан тептарца болх.

– Демеев Іалавдин «ДоттагІчуьнга» байтан рифмашка хьажа. Тайп-тайпана рифмаш йалайе лахахь санна.

• Тобанашкахь болх.

– «Хааріш-Зер» *цІе йолчу рубрикица болх.*

– ДоттагІаллин маьІна дуьйцуш, муьлха байт а, дийцар а карий шуна хІокху декъехь?

– ДоттагІ хІунда оьшу дахарехь? Оцу хаттарна жоп ло хІокху декъехь долчу дийцарна йа байташна тІера масалш а далош.

– Шайн доттагІ муьлхачу турпалца вуста аш, масалш а далош, дийца?

– Муьлхачу дийцаран йа байтан турпалхо дика хийтира шуна. Дийца, хІунда.

– «Шайгара гІалат даларх ма кхерало, и гІалат нисдан хьажа». Муьлхачу говзаран йуккъера ду и дешнаш? Муха кхета шу цунах?

– ХІокху декъехь йолчу говзаршкахь вайна бевзира дуккха а турпалхой. Муха хийтира хьуна уьш? Хьуна дагахь висина муьлха турпалхо ву? ХІунда? Оцу турпалхочуьнгахь муьлха амалш тайра хьуна? Хьуна лаьарий иштта хила?

– Лахахь далийнчу дешнашкахь айхьа вуьйцучу турпалхочуьнца догІу дешнаш къастаде. Хьайгара кхин хІун тІетухур дара ахь? (Комаьрша, майра, гІиллакхе долуш, хІиллане, тешаме, дика.)

– Шаьш къастийнчу турпалхочух лаьцна дийцар кечде. Цхьатера турпалхой къастийнарш цхьана тобанехь нисбала беза.

– ДоттагІалла лардан къахьега деза аьлла ойла хилин хьан? Муха къахьега деза? Лар ца дича дов аьлла хетий хьуна доттагІалла?

Хьан буй доттагІий? ХІунда бу уьш хьан доттагІий? Шун уьйр муха тасайелла?

– Йукъахь ларам ца хилча, доттагІалла духур ду аьлла хетий хьуна?

Дийца цунах лаций.

• ЖамІ дар.

– Бераш, тахана «ДоттагIаллех» лаьцна дакъа дерзадо вай. ХIун пайда белира шуна хIокху декъах?

– ДоттагIалла муха лело деза хиин шуна?

– Со теша вовшашна а, вайн халкъана а шух дика доттагIий хирг хиларх.

• **ЦIера болх:**

– Дагахь Iамайе Демеев I. «ДоттагIчуьнга» цIе йолу байт.

• **Рефлекси.** (хIора дешархочо шен тептар тIехь малх буьллу, дарс дIадолучу хенахь шайн йолу дог-ойла муха йу гойтуш).





КХЕЧУ КЪАЬМНИЙН ФОЛЬКЛОР – 5 сахьт

Дарсан цIе: **Тамашийна тамаша, Iаламате Iаламат.** *(Оьрсийн халкъан туьйра)*

Дарсан Iалашо: дешархошна нохчийн матте гочдина «Тамашийна тамаша, Iаламате Iаламат " цIе йолу оьрсийн халкъан туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хуур ду туьйранан башхалла йовза, коьрта турпалхой къасто, туьйранан ойла а йовза а.

Метапредметни: дешархошна хуур ду туьйранан чулацам схьабийца, хаттаршна нийса жоьпаш дала.

Личностни: дешархошна хуур ду туьйранан турпалхойх шайн йолу дог-ойла йовзийта.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• Къамел шардар.

ДУ – ДУ – ДУ – Арахь хаза Іалам ду,

ВУ – ВУ – ВУ – Дада мангал хьокхуш ву,

ЧА – ЧА– ЧА – Кечбеш нанас мерза кхача,

ЗА – ЗА – ЗА – Дика доьшуш Іийр ду хаза.

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар.

Бераш, вай тахана керлачу махка кхочуш ду. Вайн доттагІашца Хожа лохуш, арадевлла ма дара вай. Хьовсий вай муьлха мохк бу иза.

– Хозуьйту «Кхечу къаьмнийн фольклор» цІе йолу туьйра. Бераш, муьлхачу махка кхаьчна вай? Фольклоран махка кхаьчна. Шуна хаа лаьий, фольклор хІун йу, цу йукъа хІун догІу?

– Тахана вай доьшур ду нохчийн матте гочдина долу оьрсийн туьйра. Цхьа хаза цІе йу цуьнан, дІайеша туьйран цІе. Муьлха Іалашонаш хІуьтту вайна хьалха? Уггаре хьалха керла туьйра довзар а, иза шера деша Іамар а.

• Актуализаци.

– Хьехархочо доьшу туьйра.

– Дошамца болх. (цадевза дешна тептар тІе схьа а йаздойтуш, церан маьІна досту).

• Текстаца болх.

– Берашка, йукъ-кара хаттарш а луш доьшуьйту туьйра.

– Хаттарш:

– ХІун бала хилла мискачу стагехь? Хьолахо волчу хІунда вахана иза?

– Жоп муха делла мискачу стагана хьолахочо?

– Талла вахча мискачу стагана хІун гина?

– Миска хиларал сов, хІун амалш йолуш стаг ву иза? Дийца турпалхочух лаций.

– Хьуьнан дас хІун совгІат дина мискачу стагана?

– «Тамашийна тамаша, Іаламате Іаламат» бохучух муха кхета шу?

– Хьолахочо хІун йамартло йо мискачу стагана?

– Ша диначу къолана бекхам муха хуьлу хьолахочунна?

– Миска стаг, хьолахо йуста церан амалш. Белхан тептар тІе дІайазде шайна хетарг оцу шина турпалхочух шайна хетарг.

– Туьйранан коьрта маьІна даста. ХІокху туьйранна догІуш долу кица даладе.

• СадаІаран минот. – «Цициг а, дехкий а».

(Дешархойх цхьаъ – «Цициг-Дауд», кхиберш – «дехкий». «Цициг-Дауд» гонаш дохуш ву, ткъа «дехкий» йиш локхуш ду).

Гонаш доху Дауда,
Кхача лууш тхуна тІе.
БІаьргаш дІа а къовлий,
МІараш арайохий.
Гонаш доху Дауда,
Хаза ду вайн «Цициг-Дауд»,
Лела иза йуург лоьхуш.
Дауд, Дауд, охьахаа,
Йуург йаккха дац-кха атта.

• Белхан тептарца болх.

1. «Тамашийна тамаша, Іаламате Іаламат» туьйранан аламаш чекхбаха.

Дийнахь сарралц хьуьнхахула лелаш,
Миска стаг цуьнан букъа тІе хиина,
Бевдда шайн-шайн цІа дІаса а бевлла,

2. «Тамашийна тамаша, Іаламате Іаламат» туьйранан план хІоттайе. Айхьа хІоттийнчу планаца дІадийца и туьйра школехь.

• Йешаран говзалла кхиор.

(Туьйра ролашка а декъий, къечу стеган а, мискачу стеган озаца деша хьажа.)

• ЖамІ дар.

Даа лаахь ирсан пхьор
Нахана ма даккха ор.

Вайн туьйранехь вуьйцучу хьоладан догІуш дуй хІара кица?

• Дешархойн хаарийн мах хадор.

• ЦІера болх:

– Деша туьйра, чулацам схьабийца кечам бе.

• Рефлекси йар.

– ХІун болх бан ницкъ кхечу шун?
Суна девзи керла ….

Суна Іеми иза деша…
Суна хии сайн дешнашца жоп…

Дарсан цІе: **Синдбад-хІордахочун леламаш.** *(Іарбойн халкъан туьйра)*

Дарсан Іалашо: дешархошна нохчийн матте гочдина Іарбойн халкъан туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна хуур ду туьйранан башхалла йовза, коьрта турпалхой къасто, туьйранан ойла йовза а.

Метапредметни: дешархошна хуур ду туьйранан чулацам схьабийца, хаттаршна нийса жоьпаш дала.

Личностни: дешархошна хуур ду туьйранан турпалхойх шайн йолу дог-ойла йовзийта.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Ог – Уг – Аг – Иг – Писус ловзош йолу тайниг.

Уг – Аг – Иг – Ог – Хьаьрчи стоьлан лоцуш ког.

Аг – Иг – Ог – Уг – Лаца гІерта бабин куьг.

Иг – Ог – Уг – Аг – Бабас леци писун лаг.

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

– Бераш, схьайелла вайн Іаматан 113-гІа агІо. Муьлха туьйра ду цу тІехь дерг?

– Мила ву оцу туьйран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

– Вайна тахана нохчийн матте гочдина «Синдбад-хІордахочун леламаш» цІе йолу Іарбойн халкъан туьйра девза ду. Туьйранах долу хаарш карла а дохуш, шера а, нийса а йеша Іемар ду.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочо доьшу туьйра.

– Дошамца болх. (Цадевза дешнаш тептар тІе схьа а йаздойтуш, церан маьІна досту.)

• Текстаца болх.

Берашка, йукъ-кара хаттарш а луш доьшуьйту туьйра.

– Стенах лаьцна дуьйцу туьйранехь?

– БагІдад хІун гІала йу хаьвий шуна?

– Мила ву туьйранан коьрта турпалхо?

– ХІордахочуьнга хІун аьлла мохь белира?

– ХІун дара гІайре тІехь?

– ГІайре йарий иза?

– ХІун йу аьлла мохь туьйхира капитана?

– Синдбада хІун дира?

– Стенах бІаьрг кхийтира цуьнан?

– ХІун дира цо цунна?

– Муьлхачу паччахьан махкахь вехира иза?

– ЦІа вар муха нисделира Синдбадан?

• СадаІаран минот.

«Дийнатех тера лелар»

Бедаш йоьлху хи мала –
Къа, къа, къа,
Бумбари йу тІома йаьлла –
Ж-ж-ж,
ГІезаш ворта ластийна,
Белшаш жимма саттийна –
ГІа-гІа-гІа,
ЧІара хи чохь техкаш бу –
Ш-ш-ш,
Ткъа вай-м кхидІа доьшуш ду.

• Йешаран говзалла кхиор.

– Бераш, хазахийтирий шуна туьйра доьшуш?

– Муьлхачу озаца деша деша иштта туьйра? (жимма айдинчу).

– Интонаци лар а йеш, жимма айдинчу озаца дІадеша туьйра.

• Белхан тептарца болх.

• ЖамІ дар.

– Бераш, стенах лаьцна дийци вай тахана?

– ХІун девзи шуна керла?

– Вайн доттагIашна тахана вайна девзинарг дуьйцур дуй аш?

• Дарсехь биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Туьйра деша. Хьайна хетарехь «Синдбад хийрачу махкахь» цIе йолу сурт дилла.

• Рефлекси йар.

Цхьа фраза къастайе хьайна уллехь Iачу дешархочух лаций.

– Хьо дика дешархо ву!

– Со реза ву/йу ахь биначу балхана.

– Хьайна лиъча кхин а дика болх балур бара хьоьга.

Дарсан цIе: **Уггар а нуьцкъалниг.** *(Сванийн туьйра)*

Дарсан Iалашо: дешархошна нохчийн матте гочдина «Уггаре а нуьцкъалниг» цIе йолу сванийн туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хуур ду туьйранан башхалла йовза, коьрта турпалхой къасто, туьйранан ойла а йовза а.

Метапредметни: дешархошна хуур ду туьйранан чулацам бийца, хаттаршна нийса жоьпаш дала.

Личностни: дешархошна хуур ду туьйранан турпалхойх шайн йолу дог-ойла йовзийта.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• Къамел шардар.

– МеттахIоттайе текст.

Су____ ди___ деш___ лаьа,
Дика дотта____ хи____ лаь,
ГIов____ йоцуш, тийна Iаш,
Док___р ду ас тахна ___.

• Дарсан Iалашонаш йовзийтар.

Бераш, схьайелла Іаматан 110-гІа агІо. ХІун туьйра ду цу тІехь?

– Сванийн туьйра гой шуна цигахь? Иза хІун ду хаий шуна? (Сванаш – иза гуьржийн цхьа дакъа ду. Церан халкъан туьйра доьшур ду вай тахана).

• Актуализаци.

– Хьехархочо доьшу туьйра.

– Дошамца болх.

Хьех (йу), хьехаш (йу) – лам чохь хуьлу акха газа.

Стелахаьштиг (ду), стелахаьштигаш (ду) – чІогІа догІа догІуш, йоккхачу гІовгІанца стиглахь туху цІеран сиз.

Хаьштиг-пха (бу), хаьштигаш-пхерчий (ду) – шен буьххьехь цІе йогуш кхуссу пха.

ДІахьулдан – къайладаккха.

Хаспаш дийриг (ву), хаспаш деш берш (бу) – жижигна даьхний кхобуш верг.

Озийна пха санна – дІакхосса кечбина пха санна.

Букъан чІу (бу), чІунаш (ду) – букъсурт, букъан даьІахк.

– Берашка доьшуьйту туьйра.

• Текстаца болх.

– Бимурзель мила ву? Цо хІун до?

– ЦІаьххьана Іаламехь хІун хийцам хуьлу?

– Стелахаьштиге Бимурзела хІун дехар до? Муха жоп ло цунна Стелахаьштиго?

– Эльбрус реза хуьлий Бимурзела шега аьллачунна? Дуьхьал хІун жоп ло цо?

– Кхин хьаьнга дехарш до Бимурзела хьех дІаэца бохуш? ХІун олу цара цуьнга?

– Бимурзелан дехарна реза хІун хуьлу? Шен ницкъ муха буьйцу цо?

– Бимурзель оьгІаз хІунда вахана аьлла хета шуна? ХІун до цо ша дийначу хьехана?

– Хазахийтирий шуна туьйра? Дийца туьйранан коьрта маьІна хІун ду.

• СадаІаран минот.

Гой шуна полла, тІемаш лестош,

Зезагаш бу дагардеш,

Куьйгаш-тIемаш ластаде цунна,
– Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ, – (пIелгашца дагардо)
Зезагаш ма хаза техка.
Дийнахь, кIирнахь, бетта чохь (куьйгаш тоха)
Йалх, ворхI, бархI, исс, итт (пIелгашца дагардо)
Зезагийн тхи муьйлуш, (когаш меттахбаха)
Полла боккха хир ма бу. (куьйгаш тоха)

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Белхан тептарца болх

– Тобанашца болх.

«Хаарш-Зер» цІе йолчу рубрикица болх.

– Туьйрано хІун Іамадо аьлла хета шуна?

– Хьуна хазахетий туьйранаш доьшуш?

– ХІора къоман шен-шен халкъан барта кхолларалла йу. Оцу халкъан амалш гойту цо. Цуьнан бахьана хІун ду?

– ХІора къомо шена дика хеттарг, шена нийса хеттарг хастадо шен барта кхолларалле хь. Цундела ду аьлла хетий хьуна и?

– Ахь стенна тІехь тидам бира кхечу къаьмнийн туьйранаш доьшуш?

– Туьйранийн турпалхоша и туьйранаш кхоьллина долу къам дезадолуьйту аьлла хетий хьуна?

– Царна йукъара хьуна дагахь висина турпалхо мила ву?

– Массо а къоман дика турпалхой хуьлу боху ойла кхоллаелин хьан? Дийца цунах лаций.

– Хьайна дика хеттачу туьйранан турпалхочух лаций дийцар йазде йа цуьнан сурт дилла белхан тептар тІе.

• ЖамІ дар.

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– ХІун девзи вайна керла?

• ЦІера болх.

– Туьйра деша.

– Стелахаьштиган сурт дилла.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси йар. (Шайна хеташ долу дешнашца алам чекхбаккхар).

• Суна тахана дарсехь девзи …
• Ас сайна кхин а Іамо деза …
• Суна дарсехь тахана хазахийтира …
• Дарсехь кхин а дика хир дара …

Дарсан цІе: ХІунда ду пхьагалан балд даьттІа? *(Эстонхойн туьйра)*

Іалашо: дешархошна «ХІунда ду пхьагалан балд даьттІа?» цІе йолу халкъан туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна туьйранан хилам а бевзар бу, пхьагалах йолу легенда а йевзар йу.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду текстан коьрта ойла билгалйаккха, цунах нийса кхета.

Личностни: дешархойн туьйранан самукъане агІо а йевзина, цуьнца кхуьур йу амалан дика агІо.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Дешархошка маршалла хаттар. (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар, цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

ГІулдий-булдий – царна, кай-божжий – вайна.

– ДІадеша дешдакъошца.

– ДІайеша меллаша.

– ДІайеша сиха.

• **Мотивацехула Актуализаци.**

– ИКТ – утІехь пхьагалан сурт гойту.

Бераш, хьовсийша, дан а ма ду пхьагалан балда жимма даьттІа. ХІунда ду-те иза иштта? Хаза а ма йу иза иштта. Туьйра а дешна хьовсий вай, иза иштта хІунда хилла.

– Хьехархочо доьшу туьйра.

– Дошамца болх.

Попан дитт (пепнаш) – дечиг чІогІа, ондда дитт.

Арданг (йу), ардангаш (йу) – жима тоба, гIера.

Велар доьссина – цхьа хIума чIогIа хазделла, самукъдалар.

– Берашка доьшуьйту туьйра.

• Текстаца болх.

– ГIайгIанехь хIунда хилла пхьагалш? ХIун бала хилла цаьргахь, схьадийца?

– ЛадугIуш Iачу йоккхачу пхьагало хIун хьехар до?

– Пхьагалш вовшахкхетта хIорда йисте йоьлхуш, хIун го царна?

– Iахарна тIехьа уьстагIий, жаIу хIунда бевдда?

– Стенах самукъдолу пхьагалийн?

– ХIунда даьттIа церан балда?

– ХIун сацам хуьлу пхьагалийн?

– ХIокху туьйранна догIуш муьлха кица далор дара ахь?

– «Барт болу доьзал цхьаьнга а эшалур бац» бохучу кицанна маьIна де. – ХIокху туьйранна догIий и кица?

• СадаIаран минот.

Лелий довла, хьалагIовтта,
СадоIу минот йу, ловза.
Куьйгаш хьалаойъуш, хьозас санна хьийзош,
Когаш лестабеш, Iахар санна ловзуш.
Хьовза, хьовза меллаша,
Деша дика, бераш аш.

• Iамийнарг тIечIагIдар.

– Шайн дешнашца чулацам бийцийтар.

– Белхан тептарца болх.

«ХIунда ду пхьагалан балда даьттIа?» туьйранан предложенеш чекхйаха, Iамат тIе а хьожуш.

1. Оцу пхьагалшна йукъахь уггар а йоккхахйерг _____
_____

2. Тхо реза йу, хьуна тIехьа а хIиттина, _____
_____

3. Уьш девдда гича, царна тIаьххье, лата а леташ, _____
_____

• ЖамI дар.

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– ХІун девзи вайна керла?
– ХІунда хилла пхьагалан балда даьттІа?

• ЦІера болх.
– Туьйра деша.
– Пхьагалан сурт дилла.
• Дешархоша биначу белхан мах хадор.
• Рефлекси йар.

Дарс чекхйолуш шайн дог-ойла муха йу хьаьжжина, басарде хІокху суьртех цхьа сурт.



ГІИЛЛАКХИЙН ГІАЛА – 3 сахьт

Дарсан цІе: **Расумов Ваха. «ГІиллакхан гІала»**

Дарсан Іалашо: дешархошна Расумов Вахас йаздина «ГІиллакхан гІала» цІе йолу дийцар довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна девзар ду нохчийн къоман тайп-тайпана гІиллакхаш, церан мехалла а.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду ойла а йеш йеша, дийцаран коьрта ойла йовза а, и билгалйаккха а.

Личностни: дешархошна хуур ду дайн оьздачу гІиллакхийн дозалла а, хІора а адамо, шайн дахарехь уггар а тоьлла гІала гІиллакхаш лелорца йуттуш хилар а.

Дарс дІадахьар

• Вовшахтохаран мур. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• Къамел шардар.

Чехкааларца болх.

Човкас чантал чехайо:
«ЧIевна хилла чIийжа хьо,
ЧайтаI бен чу гIуртур йу.
ЧIечкъаш чагIалкх кхочур ду».

1. Дешдакъошца деша.
2. Жимма сих а луш, деша чехкаалар.
3. Сиха деша хьовса.
4. ГIийла деша чехкаалар.

• Ойла тIейерзор.

Доьшуш дика, доттагIий,
Хила деза бертахь вай.
Ирсе шайна хила лаахь,
ГIиллакхийн аш йотта гIала.
(Уьн тIехь гойтуш дуьту хIара дешнаш.)

– Бераш, Хожа-м хIинца а ца карийна боху вайн доттагIашна. (Хозуьйту «ГIиллакхан гIала» цIе йолу туьйра.)

– Хала хилла иза схьалаха. Иштта дахар а ма ду вайн хьайна ирсе хила лаахь, хьанал къахьега деза. Ирсе хилархьама къахьегар тайп-тайпана ду: дешарца, нахаца дика хиларца, дика доттагIа хиларца, ткъа царах уггар а коьртаниг – гIиллакхца вахар.

• Дарсан Iалашонаш йовзийтар.

– Тахана, вайн доттагIчуьнца Дошлигаца «ГIиллакхийн гIала» йотта хIун дан деза хьовсур ду вай. Шуна лаьий иза йотта Iама?

– Тахана вай доьшур ду Расумов Вахас йаздина «ГIиллакхан гIала» цIе йолу дийцар. Дахарехь коьртаниг хIун ду хаа а, вайн дайн гIиллакхаш довза а Iалашонаш хир йу вай тахана. Ткъа уьш кхочушйан, вайн дика а, лерина а ладогIа деза.

• Актуализаци.

– Бераш, шуна цкъа а гиний бIов? Мел хаза а хуьлу уьш. Ткъа уьш йуттуш, вайн дайша мел къахьегна хаьий шуна? Тахана санна, гIирсаш а ма ца хилла цу хенахь. Массо а хIума шайн куьйга, чIора лерина, даггара деш хилла. Къахьоьгуш хилла адамаш. Цундела, бIешо хьалха йина хилла бIаьвнаш, хIинца а лаьтташ йу. Хьанал ахь къахьегар – мел эзар шераш дийларх

а, дIа ца долу. Ткъа хIинца, Расумов Вахас «ГIиллакхан гIала» йотта хIун дан деза дуьйцу вайга, ладогIа дийцаре.

– Хьехархочо доьшу дийцар

– Дошамца болх.

Наб къахкийнера – наб йайинера (самаваьллера).

Бода къарбала – серлайала.

Мангал туса – мангал ирба.

Йуучух кхета – хIума йаа.

Баьрччера – хIусаман коьртачу меттера.

Синкхетам (бу), синкхетамаш (бу) – хьекъал.

– Берашка доьшуьйту дийцар.

• СадаIаран минот.

«Пису»

Пису, пису арахь догIу,

Когаш бетташ иза ловзу (Шаьш лаьттачохь когаш тохар.)

Куьйгаш стигал хьалакхийдош, (Куьйгаш хьалаойъу.)

Полла лацар, лерехь цIийзаш. (Лергаш схьа а лоций, корта меллаша ластабо.)

Шура йезаш мотт бу боьлхуш,

Пису иза сацо хьожу.

Баба йолчу кхочур ду,

Пеша уллехь Iуьллур ду. (Когаш тIе охьаховшу.)

• Текстаца болх.

– Муьлш бу дийцарахь буьйцурш.

– ХIун деш ву Гилани а, Мохьмад а?

– Дедас хIун дуьйцу Мохьмадна? ХIун гIала йу цо йуьйцург?

– Ирсе хила хIун до Мохьмада?

– Дедас муха кхетийра кIант?

– Шена дедас дина хьехар муха дIалецира кIанта?

– Аш йуттий «ГIиллакхан гIала»?

– ХIора денна йотталур йу аьлла хетий шуна гIиллакхан гIала?

– ХIун дан деза иза йотта?

– ГIиллакхан гIала йотта хала дуй?

– Мохьмада дуьххьара биллина тIулг хIун гIиллакх гойтуш бу аьлла хета хьуна?

• Iамийнарг тIечIагIдар.


– Белхан тептарца болх

1. Белхан тептар тIехь хьайн гIиллакхийн гIала йилла. ХIора а тIулга тIе дIайазде цхьацца дика гIуллакх.

2. Iаматан лахахь йоьттинчу «гIиллакхан гIалин» тIулга тIехь догIу йоза йазде.

• ЖамI дар.

«ГIиллакх» дашах кластер хIоттор.



• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх.

– Дийцар деша.

– Iаматан ворхIалгIачу хаттарна жоп тетрадаш тIехь кухочушде.

– ГIилакхан гIала йуттуш, айхьа динчух лаций жима дийцар кечде.

• Рефлекси йар.

«Кхо йуьхь».

Хьехархочо берашна гойту кхо йуьхь тIехь йолу сурт: самукъане, гIийла, гIайгIане. Берашка къастадойту, шайн дог-ойланца догIу сурт.



Дарсан цIе: **Закриев Iийса. «Пеша уллехь къамелаш»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Закриев Iийсас йаздина «Пеша уллехь къамелаш» цIе йолу керла дийцар довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна девзар ду «ларам» дешан маьIна, баккхийчу нахаца леладан деза гIиллакх а.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду ойла а йеш йеша, дийцаран коьрта ойла йовза а, и билгалйаккха а.

Личностни: дешархошна хуур ду дайн оьздачу гIиллакхийн дозалла а, воккханиг тIевогIуш лело деза гIиллакх а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Бедаш кхойкху Iуьйранна... Къа, Къа, Къа
ГIезаш лаьтта хийистехь... ГIа, ГIа, ГIа
Котамаш йу корехь кхойкхуш... КIо, КIо, КIо
Цаьрга хьоьжуш лаьтта хьо... Со, Хьо, Со

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

Схьайелла Iаматан 122-гIа агIо. Муьлха дийцар ду цу тIехь?

– Мила ву оцу дийцаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

– Вайна тахана Закриев Iийсас йаздина «Пеша уллехь къамелаш» цIе йолу керла дийцар девзар ду. Баккхийчу нахаца лело деза гIиллакхийн цхьа дакъа девзар ду вайна.

• **Актуализаци.**

ХIетал-метал хаийла шуна?
Цо совдоккху хьекъал, кхетам,
Адам диэза, бан къинхетам.
Нийса ойла йойту вайга,
Дагчуьра дIайоккхуш гIайгIа. (Дешар)

– Дешар ду иза, бераш. Ткъа тахана вай а доьшур ду. Амма, баккхийчаьрца гIиллакхе хила Iамош долу дийцар.

– Хьехархочо доьшу дийцар.
– Дошамца болх.
– Берашка доьшуьйту дийцар.
• СадаIаран минот.
Куьйгаш айде массара – иза цхьаъ,
ГIийла корта хьовзабе – иза шиъ,
Кхоъ – куьйгаш вовшахтоха,
Диъ – дегI шайн тахкаде,
Пхиъ – ластор ду вай куьгаш,
Йалх – охьаховшур ду меллаша.
• Текстаца болх.
– Муьлш бу дийцаран турпалхой?
– Дененан а, жимачу Байсангуран йукъаметтигаш муха йу аьлла хета шуна, дийца.
– Стенах цецваьлла, хаттар до Байсангура денене?
– Бабас муха жоп ло цунна?
– Жиманиг воккхачунна хьалагIаттар муха гIиллакх ду аьлла хета хьуна?
– Хьо гIоттий баккхийчарна хьала?
– Кхин хIун нохчийн гIиллакхаш хаьа хьуна жимачо воккхачуьнца лело догIуш? Дийца.
– Ларам бохучух хьо муха кхета. МаьIна де цуьнан
– Караде дийцарахь денанас ларам буьйцу меттига. ДIайеша.
• Iамийнарг тIечIагIдар.
– Белхан тептар.
1. «Пеша уллехь къамелаш» дийцар тIера хIун гIиллакхаш девзи хьуна? ДIайазде уьш.
• ЖамI дар.
– Бераш, стенах лаьцна дийци вай тахана?
– Воккхачуьнца муха ларам бан беза?
– Аш дийр дуй иштта?
– Вайн дайн гIиллакхаш лардийр дуй аш?
• Дешархойн жоьпийн мах хадор.

• ЦIера болх:
– Дийцар деша.

– ГIиллакхех 2-3 кица йазде.

– Шайн цIера баккхийчаьрга дийцийта гIиллакхех цхьа дийцар.

• Рефлекси йар.

«Iалам».

Дешархошна гойту Iалам тIехь долу ши сурт. Цхьа сурт сингаттаме, кхоьлина Iалам долуш ду, ткъа шолгIаниг – самукъане, сирла Iалам. Берашка къастадойту шайн дог-ойлане хьаьжжина сурт.





Дарсан цIе: **Ахмадов Муса. «Марха досту де»**

Дарсан Iалашо: Ахмадов Мусас йазйина «Марха досту де» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна девзар ду марха досту де бусулбачу нехан деза де дуй а, марха лацаран дозалла а.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду текстан коьрта ойла йовза, шера а, къаьсташ а йеша.

Личностни: дешархошна хуур ду, марха кхабар а, марха дастар а иймана могIанех цхьа могIа буй.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• Къамел шардар.

Чик-Чик, Чик-Чик, – хеза хабар мерзаниг,
На-На, На-На – хир йу йуург кечйеш нана
Риг-Риг, Риг-Риг – олуш илли хазаниг,
Ша-Ша, Ша-Ша – Iемар ду вай дика йеша.
ДIайеша самукъане озаца. ДIайеша меллаша. ДIайеша чIогIа.

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар.

– Схьайелла Іаматан 124-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь? Мила бу оцу говзаран автор?

– Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

Вайна тахана Ахмадов Мусас йазйина «Марха досту де» цІе йолу керла байт йоьшур йу. Марха дастаран дозалла а дуьйцуш, шера а, къаьсташ а йеша Іемар ду вай.

• Актуализаци.

– *Хьехархочун дош.*

– Бераш, аш лаьцний цкъа а марха? Марха лацар, вай бусулба хиларан цхьа билгало йуй хаьий шуна? Марха досту де хазахетий шуна?

Шу доьлхий гергарчу нехан марха къобалдан? Марха къобалдеш, хІун олу аша? Дийца шаьш олург.

Ткъа хІинца, Ахмадов Мусас, шен байтехь схьагайтина вайна, марха досту де муха хуьлу. Йеший вай иза? (Хьехархочо йоьшу байт.)

– Дошамца болх.

ЧІурам (бу), чІурамаш (ду) – серло йалийта бина жима чиркх.

Марсайуьйлуш – карзахйуьйлуш, чехкайуьйлуш, алсамйуьйлуш.

Ловцаш бохуш – дика дош алар, декъалвар.

– Берашка, рогІехь йоьшуьйту байт.

• Текстаца болх.

– Хаттаршца болх бар.

– Бераш, стенах дуьйцу байтехь?

– Марха досту де – иза хьенан деза де ду?

– «Марха лацар», «Марха дастар» бохучух шу муха кхета?

– Марха лаьцча хІун до? Марха муха досту?

– Аш кхаьбний марха?

– Марха досту де хазахетий шуна? Самукъдолий шун цу дийнахь?

– Байт тІера дІадеша самукъдалар дуьйцу могІанаш.

– Марха достучу дийнахь аш хІун до? Стенга доьлху шу?

– Марха достучу дийнахь хІун дешнаш олуш хуьлу?

– Бусулбачу нехан кхин хІун деза денош девза шуна?

• СадаIаран миноташ.

(Бераша, аьтту а, аьрру а агIор доьрзуш, дегI меттахдоккху.)

Сахьт

Тик-так, тик-так – массо сахьт ду беш и некъ:

Тик-так (Корта белшашна тIе охьатаIабо аьтту а, аьрру а агIор.) Хьовса сихха маса сахьт даьлла:

Тик-так, тик-так, тик-так. (аьтту а, аьрру а агIор куьйгаш ластадо)

Аьтту – цхьаъ, аьрру – шиъ,

ХIара а хаьа тхуна кхиъ. (Куьйгаш вовшах а тосий, меллаш го боккху.)

Тик-так, тик-так.

• Iамийнарг тIечIагIдар.

– Белхан тептарца болх бар

1. «Марха досту де» байта тIехь муха синхаамаш гайтина поэта? Сиз хьакха.

Самукъане, сингаттаме, гIайгIане, беламе, сирла, дог-ойла гIаттош.

• ЖамI дар.

(Кластер хIоттайар. ГIиллакхех ХIун девзи шуна, шайна девзарг схьа а гулдей, дIайазде)



• Дешархоша биначу белхан мах хадор.




• ЦIера болх:

– Байт дагахь Iамайе

– Марха достучу дийнахь олучу дешнех предложенеш хIиттайе.

• Рефлекси.

«Дог-ойланан кехаташ». (Берашна доькъу цIен а, можа а, Iаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъадалар; цIен кехат – дог ца дар; Iаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша).

БIАЬСТЕ – 5 сахьт

***Дарсан цIе*: Бексултанов Муса. «БIаьсте»**

Iалашо: Бексултанов Мусас йаздина «БIаьсте» цIе йолу керла дийцар довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, хаам баран кехаташ.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дийцар дешча, дешархошна Iемар ду бIаьстенан хиламаш бовза а, дийцаран коьрта ойла билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду, бIаьсте йолучу муьрехь хIун хийцамаш хуьлу, уьш муха билгалбо а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар. Дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар)

• **Къамел шардар.**

Цхьаьнаэшшарехь деша:
На-на-на – бIаьсте вайна схьакхаьчна,
Ло-ло-ло – арахь хIинца йохло,
Ка-ка-ка – арабаьлла боккха ка,
Го-го-го – бераш арахь ловзуш го,
ГIа-гIа-гIа– баьстенан ду догIуш догIа.

Муьлха хан йу вай йуьйцург?

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар.

– Бераш, бераш, ладогІа сихха. Вайн доттагІий керла махка кхаьчна. Цигахь цхьа стаг гина царна, Хожа вевзаш. (Хозуьйту «БІаьсте» цІе йолу туьйра).

Бераш, Синдбада хІун куз ло вайн доттагІашка? Хьан беллера цунна иза? Шуна дага ма вогІу догмайра Шахьсан, вогІий? Оцу кузаца хьанна тІехьа боьлху вайн доттагІий? (гІаргІулешна) Мичара цІайогІуш йу уьш? Маца йогІу уьш цІа? (БІаьста). Таханлера вайн дарс стенах лаьцна хир йу тІаккха? ХІун девзар ду вайна? (БІаьстенах лаьцна. Шеран мур – бІаьсте, цуьнан хиламаш а).

• Актуализаци.

БІаьсте йу йогІуш, бІаьсте йу йогІуш,
Зарзарш до хелхарш, лоькхуш шайн йиш.
«Гур-гур-гур» бохуш, кхокхий дека.
Ткъа лерехь – хьозийн зевне «чІи-р-р».

(Абубакарова П.)

– ЭхІ, ма хаза гайтина-кх хІокху байтехь бІаьсте. Ма хаза хуьлу-кх бІаьсте. Йаздархоша тайп-тайпана гойту бІаьстенан Іалам. Амма массара а шатайпа хаза. ХІинца Бексултанов Мусас хІун йаздина хьовсур ду вай бІаьстенах лаьцна.

– Хьехархочо доьшу дийцар.

– Дошамца болх.

– Берашка доьшуьйту дийцар.

• СадаІаран минот.

Мохо ловзош лаьтта дитт

аьтту, аьрру агІор лестош. (Куьйгашца корта схьа а лаьцна, аьтту а, аьрру а агІор дІасаттор.)

Цхьаъ-аьтту,

Шиъ-аьрру,

ГІовгІа йеш ду лаьтташ дитт. (Хьала а айъина куьйгаш лестадо.)

• Текстаца болх.

– «БІаьстенал хаза бІаьсте бен хир йац», иштта хІунда аьлла хета шуна йаздархочо? Оцу дешнашца хІун чІагІдо цо?

– БІаьсте кхаьчний, уггар хьалха муха хаало? ДІадеша могІанаш.

– Йарташка стенца кхочу бІаьсте?

– Муьлхачу стоьмийн дитташна уггар хьалха латадо заза?

– ДІадеша, кхин муьлха бІаьстенан билгалонаш гойту йаздархочо Іалам хийцадаларехь?

– Іалам доцург кхин хІун хийцамаш хуьлу бІаьстенна дийца.

– «БІаьстенан хьеший» хьанах аьлла автора?

– «Дахар самадолу» бохучух муха кхета шу?

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Белхан тептар.

– БІаьстенан сурт дилла

– «БІаьсте» дийцарна тІехь бІаьстенан хьеший хьанах олу автора?

– Шера йешийтар. (Цхьацца дешархо уьнтІе а кхойкхуш, говзаран автор а, цІе а билгал а йоккхуш, йоьшуьйту. БІаьсте йолучу хенахь, муьлха дог-ойла хуьлу а билгалдоккху (самукъане, даккхийдеш). Оцу дог-ойланца доьшуьйту дийцар).

• ЖамІ дар.

– «БІаьсте» бохучу дашца шайн йолу дог-ойлана лаций йазде. Дийца, хІунда хета шуна иштта.

• Биначу белхан мах хадор.

• ЦІера болх:

– Дийцар деша.

– Дийцаран чулацаме а хьожуш, бІаьстенах сурт дилла.

• Рефлекси.

Шаьш биначу белхан маххадабе.

– Дика кхета а кхетта, болх биначо самукъне корта (смайл) билла.

– Кхета а кхетта, амма ша биначу балхана реза воццчо йуккъера корт билла.

– Кхета хала а долуш, болх дика ца бинчо сингаттаме корта билла.





Дарсан цIе: **Сейлмуханов Муса. «Зезагаш».**

Іалашо: Сейлмуханов М. йазйина «Зезагаш» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна хуур ду бІаьстенан Іаламах лаьцна дийца, байт шера, интонаци лар а йеш йеша.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду Іаматца болх бан, шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дІанисбан а, йешначу байтан коьрта ойла йовза, цунах кхета.

Личностни: дешархошна Іемар ду байтехула деган хазалла йовза, Іаламан исбаьхьалла ган а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Сир-ла, Сир-ла беттаса,
Лепаш дара Сий-Са-ра.
Са-хи-ли-ра тІаккха
Схьа-кхий-ти-ра малх а...

ДІайеша олхазарийн аьзнашца. ДІайеша меллаша. ДІайеша къастош.

• **Іалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 130-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь?

– Мила ву оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

Вайна тахана Сейлмуханов М. йазйина керла байт йоьшур йу. БІаьстенан Іаламан исбаьхьалла йевзар йу вайна.

• **Актуализаци.**

– Бераш, бІаьсте тІекхочуш хуьлу хІун хийцамаш бевза шуна? (Іалам хазло, зезагаш гучудавлу, олхазарш цІадоьрзу, цара шайн зевне йиш а лоькху...). Кхин а хІун хиламаш хуьлу хьовса йиш йу вайн, лерина «БІаьсте кхечи» цІе йолу байт йешча.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

– Берашка йоьшуьйту. (БІаьстенан сирачу дог-ойланца йеша йеза вай хІара байт. Самукъдолий шун бІаьста? Даккхийдей шу бІаьстенах? (Дешархошка, бІаьстенах йолу шайн дог-ойлане хьаьжжина долчу озаца йоьшуьйту байт.)

• СадаІаран минот.

Ма дукха вай болх бина,
БІаьргаш шун а гІелделла.
(бІаьргаш бетта)
Арахьовса хІинца шу
Малх ма лекха лаьтташ бу.
(бІаьргаш хьалахьовсабе)
Вай бІаьргаш дІакъовлур ду,
(куьйгашца бІаьргаш дІакъовлу)
Жимма са а доІур ду.

• Текстаца болх.

– БІаьста Іалам хІунда хазло аьлла хета хьуна?

– Байт йоьшуш, хІун синхаамаш кхоллабели хьан?

– «БІаьста дуьне самадолу» бохург хІокху байтана а догІу аьлла хетий хьуна? Дийца, масалш а далош.

– ХІокху байта тІехь хьайна хазахетта могІанаш дІадеша. Дийца, хІунда хазахетта.

– Хьайна хазахетачу зезагийн цІераш белхан тептар тІе дІайазйе. Дийца царах лаций.

– Хьуна хазахеттий бІаьсте? Дийца цунах лаций.

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Белхан тептар.

«Кхечи бІаьсте» байта тІехь гайтинчу дийнатийн цІераш дІайазйе.

ТІе ца тоьу дешнаш дІа а йаздеш, байт меттахІоттайе.

БІаьсте йогІу _____, _____.

Йолу тІех.

Ирсе цІандеш,

Шовда хуьлий, _____ .

зезаг хьалакъедда,

Диттах лета _____ .

Сирла дедда,
Малхах нур.

– Іаматан суьрташца болх ("Зезагаш" цІе йолчу байтана дехкинчу суьрташка а хьовсуш, берашка дуьйцуьйту)

– Муха гайтина бІаьсте хІокху суьртехь?
– Муха дог-ойла хуьлу цу суьрте хьожуш.
– ХІун дагадогІу шуна, и сурт гича?

• **ЖамІ дар.** («БІаьсте» дашца кластер хІоттайе.)



• **ЦІера болх.**
– Дагахь Іамайе М. Сейлмухановн байт.
– БІаьста цІадогІучу олхазарийн сурт дилла.
• **Дешархоша биначу белхан мах хадор.**
• **Рефлекси йар.** (Шайна хеташ долу дешнашца алам чекх-баккхар)
• Суна тахана дарсехь девзи …
• Ас сайна кхин а Іамо деза …
• Суна дарсехь тахана хазахийтира …
• Дарсехь кхин а дика хир дара …

Дарсан цІе: **Хасаев Хьамзат. «Баркалла»**
Іалашо: Хь. Хасаевс йаздина «Баркалла» цІе йолу керла дийцар довзийтар.
Дарсан кеп: керланиг Іамор.
Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.
Кхочушдан лору жамІаш:
Предметни: дешархошна хуур ду дийцаран коьрта ойла йовза, шера а, къаьсташ а йеша.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду Іаматца болх бан, шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дІанисбан а.

Личностни: дешархошна Іемар ду дийцарахь гайтинчу суьртех пайда а оьцуш, садийначу хІуманца къинхетаме хила.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур**. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Чик-Чик, Чик-Чик, – хеза хабар мерзаниг,
На-На, На-На – хир йу йуург кечйеш нана,
Риг-Риг, Риг-Риг – олуш илли хазаниг,
Ша-Ша, Ша-Ша – Іемар ду вай дика йеша.
ДІайеша самукъане озаца. ДІайеша меллаша. ДІайеша чІогІа.

• **Іалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 131-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь?

– Мила бу оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

Вайна тахана Хь. Хасаевс йаздина «Баркалла» цІе йолу керла дийцар девзар ду. Вайн Іалашо, оцу дийцаран коьрта ойла йовза а, шера а, къаьсташ а и дийцар деша Іемар ду.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочо доьшу дийцар.

– Дошамца болх.

Чемхалг (йу), чемхалгаш (йу) – бецан жима хелиг.

Пхьола дан – болх бан.

Хас (ду), хесаш (ду) – хІума дІайен тадийна латта.

Аьста (йу), аьстанаш (йу) – асардо гІирс.

Наьрсийн хутал (йу), хуталш (йу) – наьрс латайо лаьттаца дижна деха орамат. Берашка доьшуьйту дийцар.

• **Текстаца болх.**

– Стенах лаьцна дуьйцу дийцарахь?

– Мила ву коьрта турпалхо?

– Дийцаран турпалхочо олхазаршна хІун гІо дира?

– ХІунда йитира аьлла хета хьуна цо йаьшка олхазаршна? Муха стаг хета хьуна и?

– Ахь хIун дийр дара цуьнан метта хилча?

– Шайна диначу диканна олхазарша муха баркалла олу? ХIун гойту оцу масало?

– Дийцаран турпалхочо динчун муха мах хадор бара аш?

– Адамаша гондхьара Iалам, акхарой олхазарш хIунда лардан деза аьлла хета хьуна?

– Ахь лардой дийнаташ а, олхазарш а?

• СадаIаран минот.

(Бераш аьтту а, аьрру а агIор доьрзуш дегI меттахдоккху)

Сахьт

Тик-так, тик-так – массо сахьт ду беш и некъ:

Тик-так (корта белшашна тIе охьатаIабо аьтту а, аьрру а агIор) Хьовса сихха маса сахьт даьлла:

Тик-так, тик-так, тик-так. (аьтту а, аьрру а агIор куьйгаш ластадо)

Аьтту – цхьаъ, аьрру – шиъ,

ХIара а хаьа тхуна кхиъ. (куьйгаш вовшах а тоссий меллаш го боккху)

Тик-так, тик-так.

• Iамийнарг тIечIагIдар.

– Белхан тептар

ЧIиирдиг «Баркалла» цIе йолу дийцар дIадийца дезаш ву дарсехь. Цунна хаттаршна жоьпаш луш гIо дийр дарий ахь?

«Баркалла» дийцаран план

1. ХIун нехаш хиллера йаьшки чохь карош хилларш?

2. Олхазарех муха къинхетам бира дийцаран турпалхочо?

3. Муха баркалла элира олхазарша шайна гIо динчу стагна?

– Йешаран говзалла кхиор.

(ГIийлачу озана тIера чIогIачу озана тIе а довлуш, дIадеша дийцар. Шайн дагахь деша дийцар).

• ЖамI дар.

Шаьш белхан мах хадор.



• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх.

– Дийцар деша.

– Хьайна хазахетачу олхазаран сурт дилла.

Дарсан цIе: **Ахмадов Муса. «БIаьстенан ловзар»**

Iалашо: Ахмадов М. йазйина «БIаьстенан ловзар» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хуур ду бIаьстенан Iаламах лаьцна дийца, байт шера, интонаци лар а йеш йеша.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду Iаматца болх бан, шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан а, йешначу байтан коьрта ойла йовза, цунах кхета.

Личностни: дешархошна Iемар ду байтехула деган хазалла йовза, Iаламан исбаьхьалла ган а.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• Къамел шардар.

Уг-уг-уг – Са ненан ду дашо куьг!

Ай-ай-ай – ДоттагI дика деша, хIай!

Эй-эй-эй – ТIаккха бертахь Iийр ду вай!

ДIайеша цхьанаэшшарехь.

• Iалашонаш йовзийтар.

Схьайелла Iаматан 132-гIа агIо. Муьлха говзар йу цу тIехь?

– Мила бу оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

Вайна тахана Ахмадов Мусас йазйина «БIаьстенан ловзар» цIе йолу керла байт йоьшур йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Iемар ду вай.

• Актуализаци.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

Цаьпцалг (йу), цаьпцалгаш (йу) – кхиссалуш лела жима садолхIума.

ЧIегIардиг (ду), чIегIардигаш (ду) – шалгу цIога долу, адамаш уллохь бен беш долу олхазар.

Къиг (йу), къийгаш (йу) – Iаьржа бос болу, хьаргIанах тера олхазар.

ЭтмаьIиг (йу), этмаьIигаш (йу) – меллаша текхаш лела, шеца лелош маьIа цIа долу, жима садолхIума.

Тхьамда (ву), тхьамданаш (бу) – ловзарехь, тойнехь куьйгалла деш верг.

Зевне – декаш, зов деш.

– Дешархошка йоьшуьйту байт

• Текстаца болх.

– Стенах лаьцна йу байт?

– «БIаьстенан ловзар» аьлла цIе хIунда тиллина поэта шен байтана. – Аш хIун цIе туьллур йара хIокху байтана?

– БIаьсте еана аьлла кхаъ дуьххьара нIаьвлано хIунда баькккхина аьлла хета шуна? Дийца, хIун хаьа шуна оцу олхазарах лаьцна?

– ЧIегIардиго хIунда хоьтту аьлла хета шуна, Iа муха даькккхина бохуш.

– Къиго хIун жоп ло цунна? Дийца хIун хаьа шуна оцу олхазарех? Iа мичахь доккху цара?

– Олхазарша ловзар хIунда хIоттадо аьлла хета шуна?

– Хазахийтирий шуна хIара байт? ХIунда хазахийтира?

– Бовхачу мехкашка муьлха олхазарш дIадоьлху? ЦIахь муьлханаш Iа?

– Церан цIераш белхан тептра тIе дIайазйе.

• СадаIаран минот.

БIаьргаш меттахдахар

– бIаргаш аьтту агIор а, хьала а хьовсаде.

– бIаьргаш аьрру агIор а, хьала а хьовсаде.

– бIаьргаш аьтту агIор а, охьа а хьовсаде.

– бIаьргаш аьрру агIор а, охьа а хьовсаде.

3–4 карладакхха. БІаьргаш дІакъовла. 10–15 секундехь садаІа.

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Белхан тептар. «БІаьстенан ловзар» байтех лаьцна хаттарш кечдина Дикас. Царна жоьпаш дала хьажа.

1. БІаьсте йеъна бохуш, кхаъънаш дохург мила йу байта тІехь?
2. НІаьвлане хІун хоьттуш йу цаьпцалг?
3. «Аш Іа муха даькхи» хаьттинарг хІун олхазар дара?
4. Къийго муха дош элира Іаьнах а, Даймахках а лаьцна?
5. Халхарна говза хилларг мила йара?
6. Шайн ловзаран тхьамда мила хаьржира цара?

– Йешаран говзалла кхиор. (Самукънечу озаца йеша байт. Даккхийдерца йеша. Хаттар луш санна йеша.)

• ЖамІ дар.

«БІаьсте» дашца кластер хІоттайе)



• ЦІера болх:

– Байт дагахь Іамайе

– Керлачу дешнашца бІаьстенах лаьцна аламаш хІиттабе.

Дарсан цІе: **Гайсултанов Іумар. «ЧІегІардиган бен»**

Іалашо: Гайсултанов І. йаздина «ЧІегІардиган бен» цІе йолу керла дийцар довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна хуур ду дийцаран чулацам стенах лаьцна хир бу дийца. Іемар ду шаьш йуха йоьшуш, хьалха даьхна гІалаташ ган, уьш нисдан.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду Iаматца болх бан, шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан а, дешначу дийцаран коьрта маьIна довза, цунах кхета.

Личностни: дешархошна Iемар "ЧIегIардиг" хьоза довза, цаьрца къинхетаме хила а.

Дарс дIадахьар

• **Дешархошка маршалла хаттар.** (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар). Дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар)

• **Къамел шардар.**

Ток-Ток, Ток-Ток, – котаман йу ира зIок,
Ра-Ра, Ра-Ра – жIаьла лаьтта хьоькхуш мIара
Ниг-Ниг, Ниг-Ниг – кIорнешна тебаш йу цхьа къиг,
Са-Са, Са-Са – уьдуш ловзу жима эса.
ДIайеша дешдакъошца. ДIайеша меллаша. ДIайеша къастош.

• **Iалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 133-гIа агIо. Муьлха говзар йу цу тIехь?

– Мила ву оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

Вайна тахана I. Гайсултановс йаздина керла дийцар доьшур ду. ЧIегIардигаш а довзуш, шера йеша Iемар ду вай.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочо доьшу дийцар.

– Дошамца болх.

ЧIегIардиган ло – лаьтта кхачале дешаш долу ло.

ЧIижаргIа (йу), чIижаргIаш (йу) – йуккъехь кIеда лаг долу дечиг. Цунах юккъера лаг дIа а доккхий шедаг йо.

ХIаваъ цоьстуш – сиха дIаиккхира.

Вехьаш – халла садеIаш, хьуьхьвоьлла.

БIаьрса ира долуш – дика са гуш.

– Бераша доьшу дийцар

• **Текстаца болх.**

– Муьлш бу дийцаран турпалхой?

– БIаьстенан муьлха хан йу дийцарахь гайтинарг? ДIайеша бIаьстенан билгалонаш йуьйцуш йолу меттиг.

– Ловзуш волчу Рашидний, Ризванний хІун гира тховх хьалахьаьжча?

– Межида муха кхетийра ши кІант?

– ХІун Іалашо йара берийн чІегІардигаш гича?

– ЧІегІардигаша, шайн бен дІалаьцча, хІун дира?

– Хьоза кІелхьара муха даькхира шина кІанта?

– ХІун амалш йолуш ву ши кІант, дийца.

– Хьуна гиний чІегІардигаша бен беш?

– Хьозарчашна бен биний аш?

• СадаІаран минот.

Бераш го а бой, ул-улле дІахІуьтту. – Вай хьуьнах кхаьчна. ЧІогІа мох баьлла (механ гІовгІа хозуьйту)

Мох бу хьоькхуш тхан йоьхь тІе. (бІаьргаш дІакъовлу)

Генаш лестош диттас шен! (куьйгаш лестадо)

Мох ахь жимма собар де, (куьйгийн пІелгаш меттахдоху)

Лекха дитташ доха ма де. (боьхьаш тІе а хІуттий, куьйгаш лекха хьалаойъу)

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Белхан тептарца болх

1. «ЧІегІардиган бен» дийцарна долчу хаттаршна жоьпаш ло.

а) ЧІегІардиган бен дІалаьцнарг мила хиллера?

○ Хьоза

○ Гезг

○ Къиг

аь) Шаьша цІакхаьчча хІун дира чІегІардигаша?

б) Хьоза кІелхьардаькхинарг мила вара?

• ЖамІ дар.

– Стенах лаьцна дийци вай?

– Керла хІун девзи шуна?

– Аш ларбийр буй чІегІардиган бен?

• ЦІера болх.


– Дийцар деша

– ЧІегІардиган сурт дилла

– ЧІегІардигана бен барах лаций жима дийцар хІоттаде.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• **Рефлекси.** «Кхиамийн лами»



НОХЧИЙН МАХКАХЬ – 9 сахьт

Дарсан цIе: **Бухадиев Муса. «Нохчийн махкахь»**

Іалашо: Бухадиев М. йазйина «Нохчийн махкахь» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду шайн махкахь долу дахар сирла дуйла, байтан коьрта ойла йовзарца "Мохк" бохуу дешан маьІна а девзар ду.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду Іаматан а, хьехархочуьнан а хаттаршна жоьпаш а луш, байтан чулацам схьабийца.

Личностни: байт йешначул тІехьа, дешархошна хуур ду шен махкахь долу дахар уггар а дика дуйла. Мохк безарехь дог-ойла кхуьур а йу.

Дарс дІадахьар

• **Дешархошка маршалла хаттар.** (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар. Дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

ДУ – ДУ – ДУ – Арахь хаза Іалам ду,
ВУ – ВУ – ВУ – Дада мангал хьокхуш ву.
ЧА – ЧА– ЧА – Кечбеш нанас мерза кхача,
ЗА – ЗА – ЗА – Дика доьшуш Іийр ду хаза.

ДIайеша олхазарийн аьзнашца. ДIайеша меллаша. ДIайеша къаьсташ.

• Дарсан цIе а, Iалашонаш а йовзийтар.

– Iаматан 140-гIа агIо схьа а йеллий, дIайеша говзаран цIе.

– Мила ву и говзар вайна йазйинарг? (М. Бухадев)

– Ткъа хIун Iалашо йолуш йоьшур йу вай хIара байт? (Вайн мохк бовза а, цуьнан сий дан Iама а).

• Актуализаци.

– Бераш, вайн доттагIий шайн махка цIакхаьчна олуш хезна суна-м. Муьлха мохк бу хьовса деза вай церан. Вайчух тера буйте иза. (хозуьйту «Нохчийн махкахь» цIе йолу туьйра). Церан а, вайн а мохк цхьаъ бу. Иза вайн дай баьхна Нохчийчоь йу. Вайн махках лаьцна байташ лаха ваха ЧIирдиг а, Дошлиг а. Вай а йеший царна ван махках лаьцна байт.

– Хьехархочо дIайоьшу байт.

– Дошамца болх.

– Берашца гIийлачу озаца йоьшу байт.

– Берашца чIогIачу озаца йоьшу байт.

• СадаIаран минот.

Лелий довла, эккхош гIовгIа
СадаIа хан кхаьчна вайна.
Стигал довлу лами бу,
Цу тIе довла лууш ду. (Шаьш лаьттачу меттехь когаш деттар.)
ГIур ду лекхчу стигла вай,
КIайчу мархийн лаца сай (Куьйгаш лекха хьалаойъу.)
Лелий довла, само йе,
Дика деша Iамаде!

• Текстаца болх.

– ХIун синхаамаш кхоллабели шун хIара байт йоьшуш?

– Нохчийн мехкан хазалла муьлхачу дешнашца гойту поэта?

– Даймохк стенца бусту поэта? Караде дешнаш.

– Даймохк уггар хьоме хIунда бу аьлла хета хьуна?

– «Къонахий бу мехкан дай» бохучу дешнех муха кхета хьо?

– «Мехкан дай» бохучух муха кхета хьо?

– Ахь дола дой хьайн Даймехкан? Муха дола до ахь?

– Мехкан дай хила хIун дан деза аьлла хета хьуна?

– Белхан тептарца болх

1. «Нохчийн махкахь» байта тIехь далийна долу массех дустар схьайазде.

• ЖамI дар.

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– Вайн махках лаьцна хIун хии шуна?


– ХIун йу вайн мехкан цIе?

• ЦIера болх.

– Дагахь Iамайе М. Бухадевн «Нохчийн махкахь» цIе йолу байт.

• Рефлекси.

«Дог-ойланан кехаташ». (Берашна доькъу цIен а, можа а, Iаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъадалар; цIен кехат – дог ца дар; Iаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша).



Дарсан цIе: **Нурди Пашаев. «Даймахке марзо»**

Iалашо: Пашаев Нурдис йазйина «Даймохк» цIе йолу керла байт йовзийтар;

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цIена кехаташ.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду Даймохк бовза а, цуьнца марзо йолу марзо йовза а.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хаттаршна жоьпаш а луш байтан коьрта ойла йаста.

Личностни: дешархошна хуур ду, Даймехкан сий дар, вайн дикачу гIиллакхех цхьа дакъа дуй.

Дарс дІадахьар

• **Дешархошка маршалла хаттар.** (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар). Дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар)

• **Къамел шардар.**

Вала, вала, хелха вала,
ТІемаш даржош стигал вала,
Вала, дада, хелха вала,
Вовше марзо оьцур тІаккха.

ДІайеша дегочу озаца. ДІайеша меллаша. ДІайеша къастош.

• **Іалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Іаматан 142-гІа агІо. Муьлха байт йу цу тІехь йерг?

– Мила ву цуьнан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

Вайна тахана Пашаев Нурдис йазйина «Даймахке марзо» цІе йолу керла байт йевзар ду. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а байт йеша Іемар ду вай.

• **Актуализаци.**

– Даймахах долу хаарш таллар.

Сан Даймохк
ДІаийна ойла,
Цуьнца доьзна ду.
Ирс ду – хилча
Иза маьрша гойла,
Цуьнан ирс ас
Сайн а лоруш ду.
(Ш. Цуруев)

Стенан ирс хета авторна шен ирс?

Стенца доьзна ду боху автора шен ирс?

Ткъа хІинца вай хьовсур ду, Пашаев Нурдин Даймахке йолу марзо муха йу.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

– Берашка йоьшуьйту байт.

• **Текстаца болх.**

– Даймехкан муьлха аматаш деза боху поэта шена? ДІадеша и могІанаш.

– «Даймахке марзо» аьлла хІунда тиллина поэта шен стихотворенина цІе?

– Стенца гойту поэта шен даймахке болу безам?

– Даймохк ирсе хІун дича хир бу аьлла хета хьуна?

– Шуна хазахетий шайн Даймохк?

– Дийца, даймахкаца шайн йолчу марзонах. Даймахкахь шуна хьоме хетарг хІун ду?

• СадаІаран миноташ.

Бакъи озавели – цхьаъ,
ОхьатаьІи– ду и шиъ,
ХьалатаьІи – ду и кхоъ,
ДІанисвели – ду и диъ.
Куьйгаш дІасадахийти – пхиъ,
Вовшахтуьйхи – йалх.
Буьхьигаш тІе хІоьтти – ворхІ,
ДегІ нисдеш дІахІоьтти – бархІ.
(ТІаьхьара а олуш, бераша Бакъис дийриг до.)

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Белхан тептарца болх.

1. «Даймахке марзо» байта тІехь далийна доцу дешнаш билгалдаха.

○ Дезна суна лекха лаьмнаш.
○ Винчу махке йолу марзо.
○ Оьзда, гІилкхе нохчийн къам.
○ Лаьмнех дуьйлу шовданаш.
○ Исбаьхьа ду вайн Даймахкахь.
○ Дено-дено кхуьу, хазло.

• ЖамІ дар.

– Стенах лаьцна дийций вай?

– Шуна хетий вайн авторна санна вай Даймохк?

– Мохк бохург хІун ду?

– шун йуй Даймахкаца марзо?

• Дешархойн биначу белхан мах хадор.


• **ЦIера болх:**

– Байт дагахь Iамайе.

– Шайн Даймехкан сурт дилла.

• **Рефлекси**

Ша-шен белхан мах хадор



Дарсан цIе: **Хамидов Iабдул-Хьамид. «Зезаг ду лепаш»**

Iалашо: Хамидов Iабдул-Хьамида йазйина «Зезаг ду лепаш» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хуур ду Даймехкан Iаламах лаьцна дийца, байт шера, интонаци лар а йеш йеша.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду Iаматца болх бан, йешначу байтан коьрта ойла йовза, цунах кхета.

Личностни: дешархошна Iемар ду байтехула деган хазалла йовза, Даймехкан Iаламан исбаьхьалла ган а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Къамел шардар.**

Сир-ла, Сир-ла беттаса,
Лепаш дара Сий-Са-ра.
Са-хи-ли-ра тIаккха
Схьа-кхий-ти-ра малх а...

ДIайеша олхазарийн аьзнашца. ДIайеша меллаша. ДIайеша къастош.

• **Iалашонаш йовзийтар.**

– Схьайелла Iаматан 143-гIа агIо. Муьлха говзар йу цу тIехь?

– Мила ву оцу говзаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

Вай тахана Хамидов Іабдул-Хьамида йазйина керла байт йоьшур йу. Даймехкан Іаламан исбаьхьалла йевзар йу вайна.

• Актуализаци.

(Оцу дешнаш тІехь даьккхина илли хазахетар. Бераш, хІара байт йевзий шуна? Тахана вай йоьшур йу иза. Илли хазахийтин шуна? Иштта и байт а хазахетар йу.

– Хьехархочо хьалха йоьшу

– Дошамца болх. (Тхи, кенех йазйелла, толлу, мутт.)

Ши-кхо предложени язйойту зезагах лаьцна.

– Муха дуьйцу автора зезаг?

– Зезагал хаза хІун йу боху?

– Берашка йоьшуьйту байт.

• СадаІаран миноташ.

Вайн махкахь лекха дитташ ду, (Коган буьхьагаш тІе а хІиттина, куьйгаш хьалаайдо.)

КІорга хиш а ду, (Голаш тІе охьаховшу.)

Шуьйра аре йу, (Куьйгаш дІасадохуьйту.)

Йаккхий хьаьннаш йу (Куьйгаш хьалаойъу.)

Бераш, вай ма дехаш ду! (Нана-пІелг хьалаойъу.)

• Текстаца болх.

– Адамийн стенах сакъераделла? Стен ирс лоьху цара?

– Стенал хаза бу боху поэта Даймохк?

– ХІунда хета цунна иза зезагел хаза?

– Даймохк стен хазбо аьлла хета шуна?

– ХІун синхаамаш кхоллабелира шун хІара байт йоьшуш?

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Белхан тептарца болх.

1. «Зезаг ду бацалахь лепаш» байтехь гайтинарг хІун ду, билгалдаккха.

Даймахке болу безам Дуьненан исбаьхьалла
Зезаган хазалла Адамийн дахар
Б1аьстенан 1алам

• ЖамІ дар.

– Стенах лаьцна дийцира вай? Шайн Даймохк шуна безий? Стенах тарбо аш иза?

• Дешархойн биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Байт дагахь Iамайе. Даймахкахь зезагаш довлуш сурт дилла.

• Рефлекси

«Даймохк» дашах синквейн йо.

Билгалдешнаш – исбаьхьа, маьрша
Хандешнаш – Iалашво, кхиаво, Iамаво
Исбаьхьчу Даймахко маьрша хила Iамаво.
Даймохк-Нана.

Дарсан цIе: **Абдулаев Леча. «ХIораннан а шен мотт бу».**

Дарсан Iалашо: дешархошна Абдулаев Лечас йазйина «ХIораннан а шен мотт бу» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара стоьмаш (цIен, можа, баьццара)

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду къамелехь дешнаш нийса ала а, Iаматца болх бан а.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду ойла а йеш йеша, байтан коьрта ойла йовза а, и билгалйаккха а.

Личностни: дешархошна хуур ду нийса къамел дан, дешнаш нийса ала.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур. (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• Къамел шардар. Аз тодеш йеш йолу упражнени.

ЦIенаалар.

Къа-Къа-Къа – арахь нIаьна чIогIа йека,
Ла-ла-ла – бохуш вайга самадовла,
ГIа-гIа-гIа – лаьллина дIооо генна гIовгIа,
За-за-за – доьшур ду вай Iемаш ловза.

• Дарсан Іалашонаш йовзийтар

– Бераш, Іаматан 143-гІа агІо тІехь цхьа байт ма го суна, схьаелла и агІо. ДІайеша байтан цІе. Стенах лаьцна дуьйцур ду аьлла хета шуна вай тахана? Муьлха Іалашонаш хІуьтту вайна хьалха?

• Актуализаци.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

Варш (йу), варшаш (йу) – луьста хьун йаьлла меттиг.

– Берашца йоьшу байт.

• Текстаца болх.

– Стенах дуьйцу байта тІехь?

– Керла хІун девзи шуна?

– Дешнаш нийса муха ала деза? ДІадеша и могІанаш.

– Дийца, муха къамелдо дийнаташа?

– Шуна хаьий кхин цхьанна а дийнатан, йа сагалматан мотт?

• СадаІаран минот.

ВогІуш-воьдуш Ваха хилла, (Шаьш лаьттачу меттехь мелламаша когаш даха.)

Арахь цунна кхокха гира, (Куьйгаш хьалаойъу.)

Кхеравелла, цуьнга хьаьжна, (Корта аьтту, аьрру агІор хьовзабо.)

Ваха сихха къайлаваьлла. (Когаш тІе охьаховшу.)

Ваха, Ваха, гучувала! (Куьйгаш коьрта тІе дохку.)

Дика доьшуш йаккха гІала.

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Белхан тептар

1. «ХІораннан а шен мотт бу» байта тІе а хьожуш, дІанисде вовшашца догІу дешнаш.

ЖІаьла	дека
Хьоза	лета
	кхойкху
Борз	цІевза
	угІу
НІаьна	терса
ЦІе	Іаьха
Йетт	шабарш до

Говр шах-шах
Хи
ГІаша
– Йешаран говзалла кхиор.

Самукъеларий шу вайн байт йоьшуш? Ткъа самукъане байт муьлхачу озаца йеша йеза? (Айъинчу озаца.)

ДІайеша байт айъинчу озаца.

• ЖамІ дар.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦІера болх:

– Байт дагахь Іамайе.

– Шайна девзачу дийнатийн мотт муха хуьлу хьажа.

• Рефлекси йар.

Дешархойш стоьлаш тІехь бес-бесара стоьмаш бу. (ЦІениг – дарс дикахетар билгалдоккхуш, можаниг – дарс дика а хетта, амма Іамийначух дикка ца кхетта ца хилар гойтуш, баьццарниг – дарсехь хаза ца хилар, шена хІумма а кхетта цахилар гойтуш). Оцу стоьмашца берашка дарсан мах хадабойту.





Дарсан цІе: **Батаева Хеда «Йовза кІорнийн цІераш».**

Дарсан Іалашо: дешархошна Батаева Хедас йазйина «Йовза кІорнийн цІераш» цІе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лерина жамІаш:

Предметни: дешархошна йевзар йу дийнатийн кІорнийн цІераш.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду ойла а йеш йеша, байтан коьрта ойла йовза а, и билгалйаккха а.

Личностни: дешархошна хуур ду дийнатийн а, олхазарийн а кІорнийн цІераш нийса йаха.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар.)

Къамел шардар.

Ра-ра-ра– догІу пису генара,
Ла-ла-ла-хьоьжу иза эсала,
Ло-ло-ло – бохуш вайга шура ло,
Ро-ро-ро – дезаш вайца гергарло.

• **Дешархой балхана йукъабалор.**

Лаьа суна йалте хьажа,
Дог цІандеш йу цуьнан…. (хьожа)
Тхан лулара жима Мовла
Дезаш ву-кха мерза… (хьовла)

– Бераш, байт муха йеша йеза?

(Интонцица, соцунгІа йеш.) Сихвала мегар дуй? Тахана вай йоьшур йу Батаева Х. йазйина «Йовза кІорнийн цІераш» байт.

• **Актуализаци.**

– Олхазарийн а, дийнатийн а цІераш йевзий шуна? Дийца, муьлханиш йевза? Церан мотт-м даханчу дарсехь бевзира вайна, ткъа тахана цІераш а йевзар йу.

– Хьехврхочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

Дуьхьиг (ду), дуьхьигаш (ду) – дуьххьара дина эса.

Буьхьиг (йу), буьхьигаш (йу) – газанан кІорни.

Могли (йу) – пхьидан кІорни.

– Берашка йоьшуьйту байт.

• **Текстаца болх.**

– Стенах лаьцна дуьйцу байтехь?

– Муьлха цІераш йу цу тІехь йохурш? ДІайеша.

– ХІара байт йешале йевзарий шуна дийнатийн цІераш?

– Кхин муьлхачу кІорнийн цІерш йевза хьуна, схьайийца.

• **СадаІаран минот.**

«Мила ву тхан цІа чохь Іаш?»

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, (Куьйгаш тоха.)

Мила ву тхан цІа чохь Іаш? (Шаьш лаьттачохь когаш бетта.)

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ, (Шаьш лаьттачохь меллаша кхийсало.)

Дада, нана, йиша, ваша,

Цициг, Дошлиг, ЧIирдиг, (Шаьш лаьттачохь когаш бетта.)

ДоттагIий сан шортта бу (Аьтту а, аьрру а агIор дегI саттадар.)

Бертахь дехаш тхо ма ду. (Куьйгаш тоха.)

• Йешаран говзалла кхиор.

– Берашка рогIалла а ларйеш йоьшуьйту байт. Байт ах йешначул тIехьа, шайн-шайн дагахь йоьшуьйту.

• Белхан тептарца болх.

– Белхан тептар тIехь суьрташ дахка кIорнийн

– «Йовза кIорнийн цIераш» байта тIе а хьожуш, хьенан муьлха кIорни йу билгалдаккха лахахь санна.

Пхьидан	УьстагIан
Бекъа	тотал
Виран	могли
Газанан	Iахар
Ченан	Говран
кIеза	кIеза
ЖIаьлин	Берзан
Буьхьиг	бекъа

• ЖамI дар.

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– Муьлха кIорнийн цIераш йевзи шуна?

– ХIинца нийса йаккха хуур дуй шуна церан цIераш?


• Биначу белхан мах хадор.

• ЦIахь:

– Батаева Х. байт дагахь Iамайе

– Шайна девзачу дийнатех лаьцна дийца.

• Рефлекси. «Кхиамийн лами».



Дарсан цIе: **Бексултанов Муса. «Турпалхо мила ву»**

Іалашо: Бексултанов Мусас йаздина «Турпалхо мила ву» цIе йолу дийцар довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лерина жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къаьсташ йеша; Іемар ду текстан коьрта ойла билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду, турпалхо бохучу дешан маьІнех кхета а, цуьнгахь хила йеза амалш а йовза.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (Дешархошка маршалла хаттар. (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар, цIера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

– Чехкаалар дешийтар

«Со шершачохь ча чу ца шерша, ча чу шершачохь со чу ца шерша». (3 деша чехкаалар, са а ца доккхуш.)

• **Іалашонаш йовзийтар.**

Схьайелла Іаматан 145-гІа агІо. Муьлха дийцар ду цу тІехь?

– Мила ву оцу дийцаран автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

– Вайна тахана Бексултанов Мусас йаздина «Турпалхо мила ву» цIе йолу керла дийцар девзар ду. «Турпалхо» дешан маьІна а достуш, шера а, нийса а йеша Іемар ду вай.

• **Актуализаци.**

– Бераш, «Турпалхо» мила ву, хаьий шуна? ХІун бохург дуте иза? Хаттаршна жоьпаш лаха, вай доьшур йу Бексултанов Мусан дийцар.

– Хьехархочо доьшу дийцар.

– Дошамца болх.

– Берашка рогІалла а ларйеш доьшуьйту дийцар.

• **Текстаца болх.**

– Муьлш бу дийцарахь буьйцурш?
– КІанта хІун хаттар до шен дега?
– Дас муха жоп ло шен кІантана?
– Турпалхо а, ницкъболушверг а муха билгалво дас?
– ТІамехь бен хила йиш йуй турпалхо?
– Кхин мичахь гучуволу турпалхо, хІун амалш йу цуьнан?
– Дийца, шу муха кхета, мила ву турпалхо?
– Шуна муьлха турпалхой бевза вайн мехкан?

• СадаІаран минот.

Куьйгаш малхе кховдош шайн,
Маьлхан зІаьнарш лаца схьа. (Куьгаш лакха, тІаккха аьтту а, аьрру а агІор айъар.)
Бамбех тера кІеда мархаш,
Нека деш аш лахка дІа. (Куьйгаш, белшаш тІе а дехкина, ластадо.)
ТІаккха, йеша йеза, алий,
Дика деша, Іамат йеллий,

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Белхан тептар

1. «Турпалхо мила ву?» дийцарх долчу хаттаршна жоьпаш лаха.

1. Немцошна дуьхьал тІом беш, 920 фашист вийна волу нохчийн къоман турпалхо мила ву?

○ Асланбек Шарипов,
○ Нурадилов Ханпаша,
○ Харачойн Зеламха.

– Йешаран говзалла кхиор. (Берашка шайн дагахь хьалхара агІо йоьшуьйту. ТІаккха гІийлачу озана тІера чІогІачу озане а довлуш йоьшуьйту).

• ЖамІ дар.

– Бераш, хиин шуна «Турпалхо» мила ву?
– Вайн Іамочу дийцаршкахь а хуьлий Турпалхой?
– ХІун дика хета шуна Турпалхойн?
– Шуна лаьий иштта хила?

• Биначу белхан мах хадор.

• ЦІера болх:

– Дийцаран чулацам бийца.

– Вайн махкара хьайна вевзачу Турпалхочун сурт дилла.

• Рефлекси йар.

(Шайна хеташ долу дешнашца алам чекхбаккхар.)

• Суна тахана дарсехь девзи …

• Ас сайна кхин а Іамо деза …

• Суна дарсехь тахана хазахийтира …

Дарсан цІе: **Ахмадов Муса. «ТІергІан пазаташ»**

Іалашо: Ахмадов М. йаздина «ТІергІан пазаташ» цІе йолу керла дийцар довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лерина жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду мохк ларбеш баьхначу турпалхойн цІераш йицйан ца йезий а, церан сий дан дезий а.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду дийцаран коьрта ойла схьалаха, цуьнан маьІна дан а.

Личностни: дешархошна хуур ду, дийцаран турпалхоша санна Даймехкан гІаролехь хилла болу турпалхойн сий дан а, къинхетаме хила а.

Дарс дІадахьар

• Вовшахтохаран мур (Дешархошка маршалла хаттар. (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар), цІера болх таллар).

• Къамел шардар. «Чехкааларца болх».

Шина чиркха ши шиша, шина шичин ши йиша.

1. Дешдакъошца деша чехкаалар.

2. Жимма сих а луш деша чехкаалар.

3. Дуьйлалуш сиха, йешна довлуш болар лах а йеш деша чехкаалар.

4. Чехкаалар санна деша.

• Іалашонаш йовзийтар.

– Бераш, тІергІа пазаташ йуй шун? Уьш муха йеш хилла хаьий шуна? Схьайелла Іаматан 147-гІа агІо. ДІайеша дийцаран цІе.

ХIун ала воллу-те автор оцу дийцарахь? ХIун гойту-те цо?

– Тахана вай доьшур ду Ахмадов Мусас йаздина «ТIергIан пазаташ» цIе йолу дийцар.

• Актуализаци.

– Хьехархочо доьшу дийцар.

– Дошамца болх.

БIоржам (бу), бIоржамаш (бу) – тIергIах йина, Iай когахь лелош йолу хIума.

Лазартне (йу), лазартнеш (йу) – дарбанан цIа.

Хьелий – шурина кхобуш долу бежнаш.

Iаждарбуц – дарбане чай доккхуш йолу буц.

– Берашка доьшуьйту дийцар.

• Текстаца болх.

– Муьлш бу дийцарахь гайтина турпалхой?

– ХIун элира Мадин Махаша берашка?

– Мадин Махаш мила ву? Цунах лаций дийца.

– Хьехархочунна тIамах лаьцна дийца хIунда ца лаьа аьлла хета хьуна?

– Вахин да стенга вахана? Ша дIавоьдуш хIун хьехар дира дас Вахина?

– Дас диначу хьехарх муьлхачух ца кхеттера иза? Хьо муха кхета «ЦIенна доладен», бохучух, дийца.

– Вахин нана хIун болх беш йу? Хала бу аьлла хетий хьуна цуьнан болх?

– Вахина стенах хуьлу вас? Нанас муха догъоьцу цуьнан?

– Iуьйранна самаваьлча, хIун го Вахина?

– Пазаташна чу диллинчу кехаташна хIун йаздо Вахас?

– Ваха муха амал йолуш кIант ву? Хьуна муьлха амал дика хета цуьнан?

– Дийцарахь буьйцург муьлха тIом бу аьлла хета хьуна? Хьуна хIун хаьа оцу тIамах лаьцна, хьаьнца хилла и тIом? Муьлхачу къаьмнаша дакъалаьцна оцу тIамехь?

• СадаIаран минот.

(Куьйгаш меттах дохуш, пIелгашца дагардо).

Цхьаъий, шиъий, кхоъий, диъ –

Дечигах детта ири диг.

Пхиъий, йалхий, ворхIий, бархI –
Дечигах хуьлуш лаьтта барз.
Иссий, иттий дагарди,
ТIаккха йуха долади:
Цхьаъий, шиъий, кхоъий, диъ –
Дечигах детта ири диг.
Пхиъий, йалхий, ворхIий, бархI –
Дечигах хуьлуш лаьтта барз.
Иссий, иттий кхачади,
Дагардан вай Iамади.

(Вагапов I.)

• Белхан тептарца болх.

– «ТIергIан пазаташ» дийцарехь хьахийна волу нохчийн турпалхо мила ву?

– ЦIахь болчу баккхийчаьрга хатта а хоттуш, вайн къоман турпалхочух лаций йазде.

• ЖамI дар.

– Бераш, хазахийтин шуна дийцар? – Вахас санна, шайга де аьлларг а деш, къинхетаме а долуш Iийр дуй шу?

– Шайна бевзачаьрга дуьйцур дуй аш хIара дийцар?

• Дарсехь биначу белхан мах хадор.


• ЦIера болх:

– Дийцар деша

– Баккхийчаьрга дийцийта, тIамехь вайн мохк ларбиначу Турпалхойх лаьцна.

• Рефлекси.

«Кхиамийн лами»



Дарсан цIе: **Анзорова Балкан. «Ма гойла»**

Іалашо: Анзорова Б. йазйина «Ма гойла» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна хуур ду тІеман хан хала хиллий, байтехь цуьнца йоьзна коьрта ойла схьайаста а.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду байт шера а, интонаци лар а йеш йеша.

Личностни: дешархошна хуур ду, тІеман хан хала хиллий а, иза йицйан ца йезий а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (Дешархошка маршалла хаттар. (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар), цІера болх таллар).

• **Къамел шарбар.**

Бедаш кхойкху Іуьйранна... Къа, Къа, Къа
ГІезаш лаьтта хийистехь... ГІа, ГІа, ГІа
Котамаш йу корехь кхойкхуш... Ко, Ко, Ко
Цаьрга хьоьжуш лаьтта хьо... Со, Хьо, Со

• **Іалашонаш йовзийтар.**

– Бераш, схьайелла Іаматан 150-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь йерг? ХІун йу цуьнан цIе?

– Тахана вайна йевзар йу Б. Анзоровас йазйина «Ма гойла» цIе йолу байт. Жимма тІеман къизачу хенах лаьцна дуьйцур ду вай.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочо йоьшу байт.
– Дошамца болх.
– Берашка йоьшуьйту байт.

• **Текстаца болх.**

– ХІун ду байтехь дуьйцург?
– Байтан коьрта маьІна хІун ду?
– ХІун ма гойла боху поэта?
– ТІом сацо хьаьнга кхайкхам бо поэта?

– ТІом ца хилийта хІун дан деза аьлла хета шуна?

– Дуьнен чуьра массо а халкъаша хІун дан деза боху автора?

– Машар бохучух муха кхета шу?

– ХІун дан деза машар хилийта?

• СадаІаран минот.

ДІо-о-о-о-гахь хьоьжу сирла малх,

Маршалла хоьттуш вайга Іа. (Малхана дуьхьала куьйгаш лестадо.)

Генахь хьоьжу лекха дитт,

Кхойкху вайга, лестош гІа. (Дитте лакха хьала а хьовсий, куьйсаш хьалаайдо.)

Хьоькху вайна шийла мох (Куьйгашца корта схьа а лоций, дехьа-сехьа хьовзабо.)

Дика деша боху цо.

Сихха бераш охьаховша,

Дика доьшур ду вай хІинца.

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Белхан тептарца болх

«Ма гойла» байтан могІанаш нис ца луш ву ЧІирдиг. ГІо дехьа цунна.

Іамат тІе а хьожуш, дІайазде тІе ца тоьу дешнаш.

Герз лелхаш _____,

_____ ма гойла!

Ма _____ доьлхуш,

_____ хьоьгуш!

ГІовтталаш, _____,

_____ гІовтталаш,

Массанхьа _____ бай,

_____ Іовдалаш!

_____ совцабан

Шаьш кийча _____,

_____ машарна

Массо халкъ _____!

– Тобанашкахь болх. (Бераш 3 тобане доькъу. «Хаарш-Зер» цІе йолу рубрикера хаттарш а луш дІахьо дарс.)

– Турпалхо мила ву? Турпалхо хила хIун дан деза аьлла хета шуна?

– Шаьш йешначу говзарех пайда оьцуш, масалш далош жоп ло.

– Даймохк муха хестабо поэташа, муьлхачу исбаьхьаллин дешнашца. Масалш даладе

– Шайна хазахетта стихотворени йийца.

– Шовда и хIун хи ду вайн Даймехкан? ХIун хаьа шуна цунах лаьцна. Мичахь хуьлу шовданаш?

– Шовданах хIунда буста поэташа нохчийн мотт? Ойла а йей, жоп ло.

– Нохчийн маттахь шайна хуу бецийн, диттийн, дийнатийн цIераш дIайазйе б

• ЖамI дар.

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– Хазахийтин шуна байт?

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Байт дагахь Iамайе.

• Рефлекси йар.

Дарс чекхйолуш шайн дог-ойла муха йу хьаьжжина, басарде хIокху суьртех цхьа сурт.





НОХЧИЙН ФОЛЬКЛОР – 7 сахьт

Дарсан цIе: **«Маьлхан а, бухIанан а къовсам»**

Дарсан Iалашо: дешархошна «Маьлхан а, бухIанан а къовсам» цIе йолу фольклоран туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду фольклоран туьйранаш къасто, церан башхаллаш йовза а.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна Іемар ду, дийцаран коьртачу ойланех пайда а оьцуш, фольклоран хиламаш бовза.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (Дешархошка маршалла хаттар. (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар), цІера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

Аьзнаш цІена деша Іама

ри-ра, ра-ря, ру-рю, ир-эр, ар-ор-ур.

ррри-ррра-рррэ, ррро-ррру-ррри,

дрри-дрра-дррэ, дрро-дрру-дрра.

• **Дарсан декхарш билгалдахар.**

– Бераш, ЧІирдиг а, Дошлиг а фольклоран новкъа кхаьчна боху. ЛадогІа, цхьаъ дуьйцуш ву и шиъ. (Хозуьйту «Нохчийн фольклор» туьйра.)

– Муьлха туьйранаш ду боху Дошлига? (Дийнатех туьйранаш, Іер-дахаран туьйранаш, инзаре-башхачу хІуманех туьйранаш).

– ХІун башхаллаш йуйцу цо церан? (Дийнатех туьйранашкахь коьрта турпалхой дийнаташ хуьлу. Амма церан адамийн амалш хуьлу, цара къамелаш а до. Іер-дахаран туьйранашкахь цхьа а инзаре хІума ца хуьлу. Цара адамийн амалш гойту. Коьртачу турпалхоша шайн хьекъалца, доьналлица, оьздангаллица боккху толам. Ткъа инзаре-башхачу туьйранашкахь вайн дахарехь хуьлуш доцу тамашена хІуманаш хуьлу: бозбуунчаш, кеман-кузанаш, гІемаш, алмазаш, наьрташ, иштта дІа кхин а.

– Муьлха туьйране воьдуш ву и шиъ? (Инзаре-башхачу туьйране.)

– Ткъа вай стенах лаьцна дуьйцур ду тахана? ДІайеша туьйранан цІе.

• **Актуализаци.**

– Хьехархочо доьшу туьйра

– Дошамца болх.

– Берашка доьшуьйту туьйра

• Текстаца болх.

– ХIун дийнаташ ду туьйранехь дуьйцурш?

– ХIун дозалла деш хилла бухIа олхазаршна хьалха?

– Малхо хIун аьлла хилла бухIане?

– Муха дIабирзина маьлхан а, бухIанан а къовсам?

– Дозалла дар нийса ду аьлла хетий шуна?

– Муха маьIна дийр дара аш туьйранан?

– ХIара туьйра муьлхачу тайпанан ду аьлла хета шуна? ХIунда ду?

• СадаIаран минот.

Цициг-мициг мича дахна?

Дай чу дахна. (БIаьргаш меттахдоху.)

До-мо мича бахна?

Iам чу бахна. (Корта куьйгашца схьалоцу.)

Iам-мам мича бахна?

Булано мелла. (Корта меллаша хьовзабо.)

Була-мула мича йахна?

Лам тIе йахна. (Куьйгаш хьаалаайдо.)

Лам-мам мича бахна?

Буьхьиго баьжна. (Меллаша когаш детта.)

Буьхьиг-муьхьиг мича йахна?

Барзо йиъна. (ПIелгаш меттахдоху.)

Борз-морз мича йахна?

Ткъа борз.... деша йахна. (Охьаховшу.)

• Белхан тептарца болх.

• Йешаран говзалла кхиор.

Дешархошка дийцаран цхьацца могIа боьшуьйту могIанехь билгалдинчу олхазаран озаца. ГIийлачу озана тIера чIогIачу озане доьрзуш, иштта бIостане а йоьшуьйту берашка.

• ЖамI дар.

– Бераш, хIун девзи вайна керла?

– Дошлигас нийса хьехна хиллий вайна?

– Стенах ду инзаре-башхачу хIуманех долу туьйра?

• Хаарийн мах хадор.

• ЦIахь бан болх:


– Туьйра деша

– БухIан а, олхазаран а къамел суьртехь гайта.

• Рефлекси йар.

«Мила ву самукъане?»

Шайн дог-ойланца догIуш долу сурт къастаде.






Дарсан цIе: **«КхорбIелиг»**

Дарсан Iалашо: дешархошна «КхорбIелиг» цIе йолу фольклоран туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна фольклоран туьйранийн жанр кхидIа а йевзар йу, керлачу дийнатан цIе а, амалш а йевзар йу.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду ойла а йеш туьйранера диканиг схьаэца.

Личностни: дешархошна Iемар ду, дийцаран коьртачу ойланех пайда а оьцуш, фольклоран хиламаш бовза.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (Дешархошка маршалла хаттар. (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар), цIера болх таллар).

• Къамел шардар.

Уг-уг-уг – Са ненан ду дашо куьг!

Ай-ай-ай – ДоттагIа дика деша, хIай!

Эй-эй-эй – ТIаккха бертахь Iийр ду вай!

ДIайеша цхьанаэшшарехь.

• Iалашонаш йовзийтар.

– Бераш, схьайелла Iаматан 155-гIа агIо. Ма тамашийна цIе йу цу тIехь йерг. ХIара-м боккъалла а дан а ду инзаре тамаший-

на хIума. ДIайеша и цIе. КхорбIелиг хIун йу хаьий шуна? И хаа туьйра деша деза цкъа вай.

• Актуализаци.

– Хьехархочо доьшу туьйра.

– Дошамца болх. (КхорбIелиган сурт а гойтуш досту и дош).

КхорбIелиг (ду), кхорбIелигаш (ду) – хьуьнхахь деха жима мокха олхазар (чиж).

– Бераша доьшу туьйра

Текстаца болх.

– ХIун ду говзарехь гайтинарг?

– ХIунда гулделла хилла хьозарчий?

– ХIун хIилла дина кхорбIелиго куьйранна?

– Хьозарчаша кхин муьлха декхар тIедиллина кхорбIелигна?

– КхорбIелиг паччахь хIунда ца хаьржина аьлла хета хьуна хьозарчаша?

– Нийса диний кхорбIелиго? Мах хадабе цуьнан амалан.

• СадаIаран минот.

Бераш го а бой, ул-улле дIахIуьтту.

– Вай хьуьнах кхаьчна. ЧIогIа мох баьлла (механ гIовгIа хозуьйту)

Мох бу хьоькхуш тхан йоьхь тIе. (бIаьргаш дIакъовлу)

Генаш лестош диттас шен! (куьйгаш лестадо)

Мох ахь жимма собар де, (куьйгийн пIелгаш меттахдоху)

Лекха дитташ доха ма де. (боьхьаш тIе а хIуттий, куьйгаш лекха хьалаойъу)

• IамийнаргтIечIагIдар.

– Белхан тептар.

– Лахахь долчу суьрташна йукъахь кхорбIелиган сурт билгалдаккха.

– Йуха а туьйра дешийтар.

• ЖамI дар.

– Стенах лаьцна дийци вай?

– Керла хIун девзи вайна?

– КхорбIелига санна харцо лело мегар дуй?

• ЦIахь бан болх балар.

– Туьйра деша.

– КхорбІелиган сурт дилла.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси. (ХІора дешархочо шен тептар тІехь малх буьллу, дарс дІадолучу хенахь шайн йолу дог-ойла муха йу, гойтуш).

Дарсан цІе: **«Ден весет»**

Іалашо: «Ден весет» цІе йолу халкъан туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цІена кехаташ.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна туьйранан коьрта ойла а йевзаш Іемар ду, барт бохучу дешан нийса маьІна дан.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду фольклоран туьйранаш бух болуш дуй а, царах нийса кхета а.

Личностни: дешархошна карладер ду «барт» бохучу дешан маьІна, цуьнца кхуьур бу цуьнан дахаре болу хьежам.

Дарс дІадахьар

• Вовшахтохаран мур (Дешархошка маршалла хаттар. (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар), цІера болх таллар).

• Къамел шардар.

Чик-Чик, Чик-Чик, – хеза хабар мерзаниг,
На-На, На-На – хир йу йуург кечйеш нана.
Риг-Риг, Риг-Риг – олуш илли хазаниг,
Ша-Ша, Ша-Ша – Іемар ду вай дика йеша.

ДІайеша самукъане озаца. ДІайеша меллаша. ДІайеша чІогІа.

• Іалашонаш йовзийтар.

– Схьайелла Іаматан 156-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь?

– Хьан кхоьллина ду-те и туьйра? (Халкъо.) Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

Вай тахана «Ден весет» цІе йолу халкъан туьйра доьшур ду.

• Актуализаци.

– Хьехархочо доьшу туьйра

– Дошамца болх.
– Берашка доьшуьйту туьйра
– Интерактиван уьнтIехь хозуьйту шера доьшуш туьйра.
– Берашка аз нисдарехь болх а бойтуш доьшуьйту туьйра.
ДIадеша чIогIачу озаца.
ДIадеша аз ай а деш.
ДIадеша хаттар луш санна.

• СадаIаран минот.

(Бераш аьтту а, аьрру а агIор доьрзуш дегI меттахдоккху.)

Сахьт

Тик-так, тик-так – массо сахьт ду беш и некъ:

Тик-так (Корта белш тIе охьатаIабо аьтту, аьрру агIор.)

Хьовса сихха маса сахьт даьлла:

Тик-так, тик-так, тик-так. (Аьтту а, аьрру а агIор куьйгаш ластадо.)

Аьтту – цхьаъ, аьрру – шиъ,

ХIара а хаьа тхуна кхиъ. (Куьйгаш вовшах а тоссий мелаш го боккху.)

Тик-так, тик-так.


• Текстаца болх.

– Туьйранан чулацам буьйцуьйту
– ХIун де олу дас шен кIенташка?
– Девзаг хIунда ца кагло кIенташка?
– Ша къастийна сара хIунда кагло кIенташка?
– Дийца, хьо муха кхета туьйранан маьIнех?
– ХIунда далийна дас иштта масал?
– Барт хилар хIунда оьшу аьлла хета шуна?

• IамийнаргтIечIагIдар.

– Белхан тептарца болх.

• ЖамI дар.



• ЦIера болх.

– Туьйра деша.

– «Барт» бохучу дашах лаьцна жима дийцар йазде.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор

• Рефлекси.

«Iалам».

Дешархошна Iалам тIехь долу ши сурт гойту. Цхьа сурт сингаттаме, кхоьлина Iалам долуш ду, ткъа шолгIаниг – самукъане, сирла Iалам. Берашка къастадойту шайн дог-ойлане хьаьжжина сурт.





Дарсан цIе: **«Къинхетаме кIант»**

Iалашо: дешархошна «Къинхетаме кIант» цIе йолу халкъан туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду туьйранан турпалхо санна къинхетаме хилар дикачу амалехь цхьа дакъа дуй.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду туьйран коьрта ойла нийса схьалаха.

Личностни: дешархойн нохчийн халкъан барта кхолларалица долу гергало чIагIлур ду, и чIагIдаларца церан дегнашкахь вайн халкъан дахаре безам кхуьур бу.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (Дешархошка маршалла хаттар. цIера болх таллар).

• Къамел шардар.

Моза беъна хьошалгIа,
дохьуш вайна мерза мо3
З-з-З! З-з-З!

Куьйга тІе а хиъ, деш бу иЗа
З-з-З! З-з-З!
Кхерабелла иза, баха генна хьийЗа
З-з-З! З-з-З!

ДІайеша самукъане озаца. ДІайеша меллаша. ДІайеша чІогІа.

• Іалашонаш йовзийтар.

– Схьайелла Іаматан 158-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь?

– Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

Вай тахана «Къинхетаме кІант» цІе йолу халкъан туьйра доьшур ду.

• Актуализаци.

– Бераш, даханчу дарсашкахь къинхетам бохург хІун ду элира вай? Муха хила веза къинхетаме стаг? Вайн халкъан туьйранехь къинхетам бохург хІун ду хьовсий вай?

– Хьехархочо доьшу туьйра.

– Дошамца болх.

СабІарздина – гІайгІано дІалаьцна.

Бокказан куй – цІоканах бина куй.

Шал шера – дукха дика.

Аттйокх (йу), аттйокхаш (йу) – йеха зІок йолуш, месала кІуж болу жима олхазар.

ХІуьрцІаьлдиг (ду), хІуьрцІаьлдигаш (ду) – хаза мукъам болу жима олхазар.

Боьра (бу), боьранаш (ду) – шина регІан йукъ, таьІна меттиг.

Кан тилла – мас йоьжна.

Чийлик (ду), чийликаш (ду) – ведар.

Кирхьа (ду), кирхьанаш (ду) – дуьхьал тосу кІайн кІади.

– Берашка рогІалла а ларйеш доьшуьйту туьйра.

• Текстаца болх.

– Муьлха турпалхой бу гайтина туьйранехь?

– Муха Іаш хилла йоккхастаг, цуьнан цхьаъ бен воцу кІант?

– КІантана хІун карийна? Тамашийна хІун хилла кІантана карийначуьнца?

– ХІун къовсам хилла олхазарийн?

– Тидам бе олхазарийн цІерашна. Царах бакъйерш муьлха йу, кхоьллинарш муьлха йу, схьадийца.

– Адамийн муьлха вон амалш йуьйцу олхазарша?

– Хьун чохь дIакхоьссина мила йу дуьйцу олхазарша?

– Цунна дарба мичахь лаха деза, дуьйцу цара?

– Олхазарийн къамел хезча, хIун до кIанта?

– Муьлха амал гучуйолу кIентан, дийца

– ЙоIанна дарбанна шовда дан новкъаваьлча, хIун халонаш Iиттало кIантана хьалха?

– ХIун хIилла до кIанта йешапашна?

– Муха боьрзу йешапийн къовсам?

– КIанта муха кIелхьарайоккху йоI?

– Къинхетамечу кIентан аьтто хIунда хилла аьлла хета хьуна?

– ХIун маьIна ду аьлла хета хьуна хIокху туьйран?

• СадаIаран минот.

Куьйгаш малхе кховдош шайн,

Маьлхан зIаьнарш лаца схьа. (Куьгаш лакха, тIаккха аьтту а, аьрру а агIор айъар.)

Бамбех тера кIеда мархаш,

Нека деш аш лахка дIа. (Куьйгаш, белшаш тIе а дехкина, ластадо.)

ТIаккха йеша йеза, алий,

Дика деша, Iамат йеллий.

• Iамийнарг тIечIагIдар.

– Берашка шайн дешнашца чулацам бийцийтар.

– Белхан тептарца болх

– «Къинхетаме кIант» туьйранахь хьахийнчу олхазарийн цIераш схьайазйе. Iамайе церан цIераш.

– Ролашца доьшуьйту туьйра.

• ЖамI дар.

– Бераш, муха хийти шуна туьйра?

– Муха кIант хийти шуна туьйранан турпалхо?

– Шуна лаьий и санна хила?

– Цунах тера хила хIун дан деза аьлла хета шуна?

• ЦIахь бан болх:


– Туьйра деша, чулацам схьабийца.

– Дакъошка декъа туьйра. ХIора дакъана хьайгара цIе тилла.

• **Рефлекси йар.**

«Зезаг – дика доьшург».

Бераша, шайн дог-ойланах терра бос а болуш зезаган гІа къастадо. Цул тІехьа дерриг гІаш цхьаьна зезаг чохь гулдо.



Дарсан цІе: **«Таллархо»**

Іалашо: дешархошна «Таллархо» цІе йолу халкъан туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна хуур ду туьйранан чулацам бовза а, иза нийса схьабийца а.

Метапредметни: дешархошна хуур ду барта хазнийн исбаьхьчу туьйранех пайда а оьцуш, хьалха заманахь хилла болу хиламаш бовза.

Личностни: дешархойн барта кхолларалле безам чІагІлур бу, дуьненехьежам шорлур бу.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (Дешархошка маршалла хаттар. (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар), цІера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

Цу-цу-цу, Цу-цу-цу – ас ма чІогІа дукха дуьйцу,
На-на-на, На-на-на – Іуьйранна а, суьйранна,
Аш-аш-аш, Аш-аш – аш – лекха лаьмнаш, зезагаш,
За-за-за, За-за-за – Даймохк суна дукхабеза!

• Іалашонаш йовзийтар.

Схьайелла Іаматан 163-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь?

– Стенах лаьцна дуьйцур ду вайн тахана дарсехь?

– Вай тахана «Таллархо» цІе йолу халкъан туьйра доьшур ду. Йешаран пайда гойтуш, нийса, кхеташ, шера и деша Іемар ду вай.

• Актуализаци.

– Хьехархочо доьшу туьйра.

– Дошамца болх.

Иччархо (ву), иччархой (бу) – таллархо, нийса топ тухург.

Леча (ду), лечарчий (ду) – ламанан доккха олхазар.

Хьокха (бу), хьокханаш (ду) – цхьа агІо ирбина стомма гІаж.

ЖилІалам (ду), жилІаламаш (ду) – Дала кхоьллина долу дуьне а, цо чу мел лоцург а.

Чергасийн – Кавказехь дехаш долу цхьа къам.

Чоа (ду), чоэш (ду) – хьалха бустамашца кечдина нохчийн божарийн духар.

– Берашка доьшуьйту туьйра.

• Текстаца болх.

– Мича ваха араваьллера кІант?

– Муьлха акхарой дуьхьалкхетта иччархочунна талла вахча?

– ХІун дехар дина цара цуьнга?

– Цара иччархочунна дуьхьал шаьш хІун дийр ду олу?

– Таллархочун муьлха амал гучуйолу шуна?

– Мича кхочу таллархо? Стенах цецволу иза?

– Таллархочун хІун дан лаам хуьлу?

– Шен Іалашоне муха кхочу таллархо?

– Таллархочун аьтто хІунда хилла аьлла хета хьуна?

– Хазахийтирий хьуна туьйра?

– Туьйранийн муьлхачу тайпана йукъадогІу аьлла хета хьуна иза? – Дийца, хІунда хета хьуна иштта.

• СадаІаран минот.

Гой шуна, полла тІемаш лестош,
Зезагаш бу дагардеш.
Куьйгаш-тІемаш ластаде цунна
– Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ – (пІелгашца дагардо)
Зезагаш, ма хаза техка.

Дийнахь, кIирнахь, бетта чохь (куьйгаш тоха)
Йалх, ворхI, бархI, исс, итт (пIелгашца дагардо)
Зезагийн тхи молуш, (когаш меттахдаха)
Полла боккха хир бу. (куьйгаш тоха)

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Берашка шайн дешнашца чулацам схьабуьйцуьйту.

– Белхан тептарца болх.

1. «Таллархо» цІе йолчу туьйранан коьртачу турпалхочунна ала догІу дешнаш билгалдаха лахахь далийнчарна йукъара.

- Говза
- ХІиллане
- Къинхетаме
- Майра
- Самукъне
- ОьгІазе
- Мекара
- Сутара
- Комаьрша

– «Хаарш-Зер» цІе йолчу рубрикица болх.

• Муьлха туьйранаш девзи шуна хІокху декъехь? ЦІераш йаха

• Царах муьлханаш дара дийнатийн, Іер-дахаран, инзаре-тамашийна?

• Туьйранаша хІун Іамадо аьлла хета хьуна?

• Туьйранашкахь толам хьаьнгахь хуьлу: мискачуьнгахь, гІийлачуьнгахь, хьалдолчуьнгахь, харцлуьйчуьнгахь?

• Кхин муьлха туьйранаш девза шуна?

• Хазахетий хьуна туьйранаш доьшуш? Туьйранашкахь хІун хазахета хьуна?

• ЦІера болх:

– Туьйра деша. Шайна хазахетачу туьйранах лаций дийца.

• ЖамІ дар. «Фольклор» дашах кластер хІоттайар.



АЬХКЕ – 1 сахьт

Дарсан цIе: **Хатуев Іабдул-Хьамид. «Аьхке»**

Іалашо: Хатуев І.-Хь. йазйина «Аьхке» цІе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду байтан коьрта ойла билгал а йоккхуш, аьхкенан мур бовза.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду, аьхке йолучу муьрехь хІун хийцамаш хуьлу, уьш муха билгалбо а.

Дарс дІадахьар

• Вовшахтохаран мур. (Де дика дар, тахана, дешархойн йолу дог-ойла муха йу, хаттар. дарсана кечам бар, цІера болх таллар).

• Къамел шардар.

Цхьаьнаэшарехь деша:

На-на-на – аьхке вайна схьакхаьчна
Ло-л-ло – арахь хІинца йохло
Ка-ка-ка – арабаьлла боккха ка
Го-го-го – бераш арахь ловзуш го

Муьлха хан йу вай йуьйцург?

• Іалашонаш йовзийтар.

– Схьайелла Іаматан 165-гІа агІо. Муьлха говзар йу цу тІехь йерг? Мила ву цуьнан автор?

Тахана вайна йевзар йу кхин цхьа а Іаламан исбаьхьалла йовзуьйту хан. Оцу хенах лаьцна І.-Хь. Хатуевс йазйина "Аьхке" цІе йолу байт а. Нийса а, шера а и байт йоьшуш, аьхкенан хиламаш а буьйцуш дІахьур ду вай таханлера дарс.

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош.

Лаахь аьхке йовза шайна,
ЛадогІа аш лерина.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Дошамца болх.

Тал (ду), таьллаш (ду) – лекха дитт.

Суьйлийн кхораш – кегий кхораш.

Мотт бан – мотт тохар.

– Берашка байт йоьшуьйту.

• СадаIаран минот.

Мохо ловзош лаьтта дитт
аьтту, аьрру агIор лестош.

(Куьйгашца корта схьа а лаьцна, аьтту а, аьрру а агIор дIасаттор)

Цхьаъ-аьтту
Шиъ-аьрру
ГIовгIа йеш ду лаьтташ дитт.

(Хьала а айъина, куьйгаш лестадо.)

• Текстаца болх.

– ГIийлачу озана чIогIачу озана тIе а довлуш, йуха а берашка байт йешийтар.

– Хаттаршца болх бар.

– Аьхка муьлха стоьмаш кхуьу боху поэта?

– Маца цIийло баьллаш?

– Муха Iежаш ду боху шен къежаш?

– Муха лаьтта боху суьйлийн кхор?

– Мичахь лоьху нанас бераш?

– Мотт бан гIертарг хIун йу?

– Аьхкенан хазалла муха йуьйцу поэта?

– Берийн дахар муха хуьлу аьхкен тIехь?

– Берийн уггар самукъне хан йу аьлла хетий шуна аьхке? Дийца, хIунда хета шуна иштта?

– Аьхкен тIехь шайн садаIарх лаций дийцар хIоттаде.

– Шера йешарехь болх.

Муха йеша йеза вай и байт? (Самукъадолуш, даккхийдарца.)

Муха аз хила деза иштта байт йоьшуш? (ЧIогIа, айъина.)

– Айдинчу озаца берашка байт йешийтар.

– Белхан тептарца болх. Аьхкенан сурт дилла.

ЖамI дар. «Аьхка йеша йеза книгаш» кластер хIоттор.

ЧУЛАЦАМ

Макалов Шамсудди. «Ларделаш латта» 4

КХЕТАМАН ОРАМ – 2 сахьт
Демеев Іалавди. «Кхетаман орам» 7

ГУЬЙРЕ – 3 сахьт
Гацаев СаьІидан кхолларалла. «ДогІа догІуш ду» 9
Сакаева Мадина. «Йац хьо, гуьйре, дагна чевне» 13
Хасаев Хьамзат. «Шийла Іуьйре» 15
Сулейманова Зайнап. «ГІаргІулеш» 18

БЕРИЙН ЙАЗДАРХОЙ – 4 сахьт
Гайсултанов Іумар. «Іалам хаздан деза» 21
Саракаев Хьамзат. «Дика кІант Муса» 24
Кагерманов Докка. «Маьлхан хІуш» 27
Махмаев Жамалди. «ГІоралгаш» 29

ЙАЗДАРХОЙН ТУЬЙРАНАШ – 6 сахьт
Гелагаев Сайд-Мохьмад. «Туьйранан новкъадалар» 32
Дикаев Бексолта. «КІайн полларчий стенга даха-те?» 34
Сулейманова Зайнап. «Догмайра Шахьсан» 37
Тапалаева Амнат. «Массарна дерг – ловзар» 40

ХИНДОЛУ ХЬОЗА БЕНАХЬ ДЕКА – 4 сахьт
Магомадов Мансур. «Дуьххьарлера толам» 43
Дакаев СаьІидбек. «Дош» 46
Гайсултанов Іумар. «ЯрагІи» 49

ЖИМА, ДОККХА ДУЬНЕ – 2 сахьт
Батаева Хеда. «Хьуьно патар хецна» 51
Мамакаев Эдуард. «Іелий, киттий, аьшпашший» 54
Пашаев Нурди. «Барзо диъна моз» 56

ІАЛАМ – 4 сахьт
Гацаев СаьІид. «Хьуьнах» 60
Ахмадов Муса. «ГІундалгІеш, цІазамаш, муьргаш, комарш» 63
Гелагаев Сайд-Мохьмад. «Олхазарийн къамел» 66
Мамакаев Мохьмад. «Хьуьнан илли» 69

ІА – 6 сахьт
Ахмадов Муса. «Керла шо» 71
Дикаев Мохьмад. «Іаьнан бІаьргаш» 74
Умхаев Хьамзат. «Шийла Іа» 76

Алиев Мохьмад. «Пхьар» 79
Метафора. Хаар-Зер 81
ДОТТАГІАЛЛА – 4 сахьт
Макалов Шамсудди. «Кхо полла» 83
Бексултанов Муса. «ДоттагІ» 86
Демеев Іалавди. «ДоттагІчуьнга кехат» 89
КХЕЧУ КЪАЬМНИЙН ФОЛЬКЛОР – 5 сахьт
Тамашийна тамаша, Іаламате Іаламат. (*Оьрсийн халкъан туьйра*) 92
Синдбад-хІордахочун леламаш. (*Іарбойн халкъан туьйра*) 95
Уггар а нуьцкъалниг. (*Сванийн туьйра*) 97
ХІунда ду пхьагалан балд даьттІа? (Эстонхойн туьйра) 100
ГІИЛЛАКХИЙН ГІАЛА – 3 сахьт
Расумов Ваха. «ГІиллакхан гІала» 102
Закриев Іийса. «Пеша уллехь къамелаш» 106
Ахмадов Муса. «Марха досту де» 108
БІАЬСТЕ – 5 сахьт
Бексултанов Муса. «БІаьсте» 111
Сейлмуханов Муса. «Зезагаш» 114
Хасаев Хьамзат. «Баркалла» 116
Ахмадов Муса. «БІаьстенан ловзар» 119
Гайсултанов Іумар. «ЧІегІардиган бен» 121
НОХЧИЙН МАХКАХЬ – 9 сахьт
Бухадиев Муса. «Нохчийн махкахь» 124
Пашаев Нурди. «Даймахке марзо» 126
Хамидов Іабдул-Хьамид. «Зезаг ду лепаш» 129
Абдулаев Леча. «ХІораннан а шен мотт бу» 131
Батаева Хеда. «Йовза кІорнийн цІераш» 133
Бексултанов Муса. «Турпалхо мила ву» 136
Ахмадов Муса. «ТІергІан пазаташ» 138
Анзорова Балкан. «Ма гойла» 141
НОХЧИЙН ФОЛЬКЛОР – 7 сахьт
Маьлхан а, бухІанан а къовсам 143
КхорбІелиг 146
Ден весет 148
Къинхетаме кІант 150
Таллархо 153
АЬХКЕ – 1 сахьт
Хатуев Іабдул-Хьамид. Аьхке 156

Учебно-методическое издане

Халикова Мадина Хусейновна,
Езидова Меди Ибрагимовна

УРОКИ ЧЕЧЕНСКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ В 3 КЛАССЕ

Методическое руководство к учебнику
«Чеченская литература. 3 класс»

На чеченском языке

Для общеобразовательных учреждений Чеченской Республики

Редактор Т.И. Бураева
Технический редактор С.В. Дзагаева
Дизайнер-верстальщик М.С. Астомирова
Корректор А.Т. Бицалова
Дизайн обложки – З.В. Халиев

9 785431 405433

Подписано в печать 01.02.2023. Формат 70х90 $^{1}/_{16}$. Гарнитура Times New Roman.
Усл. печ. л. 9,30. Тираж экз. Заказ № .

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35